Rucksack KiTa
Alltagsintegrierte Sprach- und Familienbildung

# Рюкзак программ

## Рюкзак КИТА

Кечйина АК ИКЕЕП (РАА/НРВ), РеклингхIаузен гIалахь зударшна , доьзалшна, тIекуьачу чкъуран урхаллин а, вовшахэран юкъаралин а, ВайнхIаймерчу Фройденберг фондан а гIоьнцаю

Роттердамерчу Штихтинг де Мееув Рюкзак программин бух тIехь.

Kommunale Integrationszentren NRW

# Программ хIоттош дакъалаьцнарш

Рюкзак-программ КиТа: Дай-наной гIирс

| | |
|---|---|
| Жоьпаллин редактор: | РАА (ТIедаьхкинчу къаьмнийн берийн а, кегирхойн а кхетам кхиоран белхан меттигаш) |
| Адрес: | Районан урхалла Арнсберг, Децернат 37<br>Адамийн вовшахиэр юкъаралла<br>РухIралле 1-3<br>44139 Дортмунд<br>Телефон: 02931 82 5215<br>Электронная почта: laki@bra.nrw.de<br>www.kommunale-intergrationszetren-nrw.de |
| Суьрташ: | ХIанс ван ден БергхI<br>Электронная почта: h.v.d.bergh@t-online.de |
| Дизайн (Кечъяр): | Моника Фрай-ХIерманн<br>Электронная почта: monika@fre-hermann.de |
| Чулацам нисбар: | Ливия Давери<br>Электронная почта: daveri.hauptstelle@raa.de |
| Зорбатоьхна шо: | 2007 |

„Хааман гIирсашца кхиор“

Iедалан низамца юкъараллийна гIодаран хьокъехь 2012чу шарахь чиллан баттахь интеграционни а, Iаморан а политикехь махко билгалъяьхна керла агIонаш. Низаман 7чу декъо тIечIагIдина интеграционни центро а, гонахара гIаланаша гIодар. Махко гIодо интеграционни меттигашна шо хьалха хиллачу коьртачу урхаллехула (РАА - НРВ) хааран декъашкахула, Арнсберг кIоштехь гуллуш йолу.

| | |
|---|---|
| Адрес: | Арнсберг кIоштера Урхалла Децемат 37<br>Мехкан юкъараллин гIодаран меттиг<br>Интеграционни центр<br>Руран аллея 1-3<br>44139 Дортмунд<br>Тел.02931825215 |

Kommunale Integrationszentren NRW

# Чулацам

**Дешхьалхе**

**Дай-наношна кхетор-куьйгалла:**
**Рюкзак-программех лаьцна хаамаш:**

**Кхочушдандезарш**
• Дийцаран суьрташ
• Ешар
• Ловзарш

**Шеранйохалла хуьлу теманаш**
• Берашца телевизоре хьажар
• Іалам довзар
Дезденош

**Коьрта теманаш**
• ДегI
• ТIеюхахIума
• Берийн беш
• Тоба
• Арахь ловзар
• Меттахвалар
• ЦIахь
• Даар а, малар а
• Доьзал
• Новкъахь
• Дийнаташ
• Юкъараллин хааман гIирсаш кхоллар

Kommunale Integrationszentren NRW

# Дешхьалхе

Хьоме дай-наной,

кху жайница оха йовзийта шуна керлачу агӀора кечйина йолу Рюкзак программ.

1999 шарахь хилла цхьана болхбаран IKEEP(Къаьмнийн юкъараллин кхиор), Нидерландера схьаяьлла йолу программ Рюкзак тӀелаьцна, Германехь гочйина, то а йина юкъаялийна, дукхачу къаьмнаша пайда оьцур болуш, дахарехь оьшучу кепара арахецна.

Цу шарахь дуьйна Рюкзак KITA тӀедаьхкина къаьмнаш долчу гӀаланашкахь, дукхачу Бундеслаттанашкахь шо шере мел дели яьржина, шех дикка пайда болий гойтуш.

7 шо даьллачул тӀаьхьа хьалхарчу, (Рюкзак 1 аьллачу тӀаьхьа) программо гайтира дуккху хӀумнаш хийца дезаш хилар.

"Доьзаллин, зударийн, тӀекхуьачу чкъуран урхаллин" гӀоьнца, Адамийн вовшахэран юкъараллин фондо динчу гӀоьнца айиш хилар цхьадолу кхачамбацарш нисдеш керла Рюкзак программ хӀотто, и шуна тахна йовзийта а.

"Рюкзак KITA"лерина ю 4 шо цул сов  кхаьчначу  берашна

Шу, дай-наной хиларий терра, и программ кхочушйийраш ду. И кхочуш мел йоъ, шай берашна аш гӀо деш, царна масал гойтуш, шу берашца йолу юкъаметтиг гӀолехь йолу

Куьйгалла довзуьйту кехаташ хӀора дийнахь пенатӀе тухур долуш ду. Царна т Ӏехь карор ду шуна хӀора дийнахь шаьш кхочуш дан деза тӀедиллар.

Нагахь санна шу шекделахь, билгал и хӀу ду ца хууш, деша аш "Кхочушдандезарш" аьлла дакъа, тӀаккха кхетар шу, хӀунда хета тхуна тхаьш билгалдаьхна долу дандезарш берашна пайдехьа.

ХIора дийнахь, берийн хенашка хьаьжна, нисйийр ю теманаш. Дай-наношна тIехьажа хIоттийначу куьйгалхочо берийн бешаца цхьана нисъеш ю уьш. Нагахь санна бераша и темнаш тIеэцахь (цу юкъадогIу хIума цIахь кхочушдеш, дуьйцуш), тIаккха шуна гIо хуьлу цу темех шина маттахь кхуьучу берийн кхетам кхиорехь. RAA ( ТIедаьхкинчу къаьмнийн берийн а, кегирхойн а кхетам кхиоран белхан меттигаш) шун юкъараллин берийн бешана дIало хIара гIирс, кхунах Рюкзак KITA программехь пайда эцийта, немцойн мотт шайн ненан маттаца дай-нанойн дахарехь дIа а нисбеш. Иштта шай бераш шина маттахь дика кхиалур ду шуьга.

Оха "Iалам"мий, "Дезденош"ший аьлла ши тема "Дай-нанойн гIирсана" юкъаялийна. Берийн бешо куьйгалла до цу балхана, проектин хан, меттиг, тема а бераша шаьш хоржа.

Уьш Iема алсамчу хенахь шайна хазахета хIума а деш, цуьнан керла агIонаш йовза. Дай-наноша гIо до берашна хIора цара дечу хIуманна тIехь.

ГIодечу хьехархошна оха магийна цу теманех юх-юха пайда а оьцуш, дай-наношца нисса болх дIакхехьа. Дай-наношна шай берашца йолу уьйр- цара хIора дийнахь кхочуш бо болх бу. Цуьндела и болх гIолехь бан некъ гойту оха кху программехь.

Тхуна луур дара аш и болх хазахетарца бойла, шуна кху программо гIо дойла а. Нагахь санна кху программехь шуна муьлха а кхачамбацарш гинехь, оха хазахетарца тидаме оьцур ду и.

Даггара баркалла олу оха тхайна хIара гIирскечбеш гIо мел динчунна:

Сан Альтунтас, РАа/НРВ, Нурхан Догруер-Рюттен, РАА Гельзенкирхен, Ирене Кастенхольц, РАА Оберхаузен, Моника Костенвиц, РАА Хаген, Клаудия Май, РАА Херне, Мария Треппер, РАА Крейз Унна, Надире Уильмацер, РАА Билефельд, Дилер Сенол-Косаман, РАА Хамм. Др. Моника Шпрингер-Гельдмахер, Главное место РАА /НРВ

Цул совнаха, баркалла боху оха махкара коьртачу меттигана хааман гIирсашца гIодарна Рюкзак программин тIаьххьара дакъа кхачош.



## Дай-наношна лерина куьйгалла

# Рюкзак программин хаам

Берийн бешахь шу бер кхин дӀа а кхиадо. ЦӀахь а кхиош дуаш шайн бераш. ХӀора дийнахь алсам Ӏема бер. ЧӀогӀа дикачу амалнаъ, сибтанаъ тӀедаладо аш и. Цу тӀехь шуна гӀо дан лерина ю Рюкзак программ.

Шуьга далушдерг:

- Шайна гӀодечу хьехархочуьнга шай берах лаций дийца, муха дара цунна берийн бешахь.
- Къамел де шай бераца, хӀун Ӏемана цунна берийн бешахь.
- Шай бераца шайга Ӏамо аьлла эшарш лакха хьажа.
- Шай бер шаа тӀе хӀума юхаъ, тӀера хӀума охьаяккхаа дита, берийн бешахь а дан деза йо и.

Кху программехь мотт коьртачу меттигехь льтташ бу. Беро буьйцу мотт тидаме оьцу оха. ТӀедехкина хӀумнаш кхочуш деш Ӏалашоне кхочу шу шай берана мотт Ӏамош, шарбеш гӀодан. Шу бер мотт хаарна тӀехь дика кхуьуш дӀададахь, шу шайн берах гӀолехь кхеташ хир ду. Шуна хезна хила тарло, шай бераца аш немцойн мотт бийца безара олуш. Тхуна луур дара кху программехь аш шайна гӀолехь хууш болу мотт буьйцила шайн бераца. Шу

шайха тешна долчу маттахь шай бераца йолу уьйр гlолехь хир ю шу. Шай бераца шерра къамел далур ду шуьга, дош лоьхуш тийсаъ ца луш. Шуна уггаре дика хуучу маттахь шай бераца шай ойланаш а, шовкъаш а екъалур ю шуьга. Дика кхетош кхиоро, шерра мотт бийцаро гlо до берана доккха хила. Айхьа хьайн мотт а шарбийр бу ахь

Шайн бер ловзуш, кхечу бераца къамел деш, тергалдеш хила. Ойлае цуьнан хаттаран а, цо олучу дешнийн а. Шайн бераца ловза а, цунна биллгал хазахетачу хlумнех дийца а, и lамо а хан карае.
Цу беран тидам баро гlо до шуна цунна боккъалла оьшучух кхета, гlолехь цу хlуманна тlаьхьакхиа, и бер доккха хиларехь цунна г1олехь гlодан.

Хlораза кхочушдандезарш:

- Шайн бераца цхьа жайна дешар.
- Берийн бешах лаций дийцар.
- Шайн бераца цхьана сурт диллар.
- Шайн бераца цхьана ловзар (Мемори икхд).

Кху тlедилларшна хьокъехь хаадезарг дуьйцур шуьга гlодечу хьехархочо.

ХIунда даьхкина шу кху программин юкъа?
Дукха бераш, шина маттаца хьалакхуьуш долу, халонаш йолуш кхуьу я цхьана маттаца, я цкъацкъа хенахь шинаа маттаца. Шу, дай-наной - коьрта ду шайн беран мотт шарбарехь. Рюкзак программо гIоьнна гIирс ло шуна.

Муха болх бо кху программехь?
Дай-наношца болх бечу куьйгалхочо дуйцу программех лаьцна, масала, жайна доьшуш я Iаморан кехаташца болх беш.

Шаьш дийраг чекхдаккхале пайдехьа хир ду цхьадолу кегий хIумнаш аш кхочуш дича.

- Шайн бер кхечу бераца ловза дита.
- Тидам бе, паргIат ду шу бер я дац. Дацахь, хабарца синтем бе цуьнан, ловза дог доуьйтуш.
- Шайга мел дало тIедилларш кхочуш де, гуттараъ ловзаран кепехь.

Шуна оьшур ду:

- Дай-наношна лерина куьйгалла даран хаарш.
- Шардаран тIедахкарш ( упражненеш).
- Къоламаш, стеркаш, клей, тукарш, бес-бесара къоламаш, кехат икхд.

Цхьана кIиранна хIоттийначу масало гойту, мел хан оьшу шуна хIора дийнахь шайн бераца болх бан.

| **Де** | **Дандезарг** | **Хан** | **ГIирс** |
|---|---|---|---|
| Оршот | Дийцаран сурт | 15 мин | Шардаран кехаташ |
| Шинара | Жайна | 20 мин | Юхлург эцна жайна. |
| Кхаара | Жайна | 20 мин | Шардаран кехаташ |
| Еара | Мотт Iаморан ловзар | 20 мин | Шардаран кехаташ |
| ПIераска | Мотт Iаморан ловзар | 15 мин | Шардаран кехаташ. |

# Кхочушдандезарш



## Дийцаран суьрташ

Дийцаран суьртех пайдаэцало бес-бесарчу хьелашкахь, меттехь а. Иза хила тарло:

- ЦIе яккхал, хIун го хьуна суьрта тIехь.
- Цхьани суьртех лаьцна къамел дар.
- Дийца цхьадолу ша лаьтта хIумнаш вовшашца муха йоьзна ю (масала, четар, догIа).
- Суьртана хаттарш хIиттаде, цкъа атта (Гой хьуна суьрта тIехь бер?), тIаккха хало хаттар (ХIунда кхетта бер охьа?).
- Суьрташ тIера хIора хIуманна цIе тиллар (хIун до цара, хIунда оьшу уьш).
- ХIумнаш йагаръяр (мас хIума ю суьрта тIехь?)
- Дуьхь-дуьхьал маьIна долу дешнаш, предложенеш лахар (масала, жима - йоккха, цIена - боьха икхд)
- Суьртех лаьцна дийцар (Вайна гуш долу хьал кхин дIа муха хила тарло?)
- Суьртаний, беран хааршний юккъера уьйр гайтар (Цкъаа велосипедар аохьакхеттий хьо?)

Суьртех лаьцна дийцархьама газетех я рекламех пайдаэцар
Аьтто хийла дийцарна тIехь!



# Хьалхара ешар

Берашна хазахета шайна цхьаъ ешча. Цара сих-сиха хоьтту цхьана жайнех лаьцна (цкъацкъа пхоьаза тIекклал). И чIогIа дика ду. Иштта дуккху хIума Iамо йиш ю шу, керла дешнаш Iамийнаъ ца Iаш, берийн дахарехь хиллачунна тIехь Iама а, хиллачух ойлаеш, хьекъал ирдан а.

- Хьалхара ешар:
- Хьайна гIолехь хуучу маттахь дIадеша жайна
- Хьайн дешнашца чулацам схьабийца йиш ю хьан
- Къамел къаьсташ паргIат а де
- Ешначул тIаьхьа дита бер ешначух кхета, хьажа, муьлха ойла меттах йоккха дийцаро берин.
- ХIора агIон тIера цхьани хIора суьрте хьажа, цунах лаций дийца.
- Цкъа дIаволалой дукха ма еша.
- Беро ша къамел ца доладахь, хаттарш де цуьнга: Стенах лаьцна ду дийцар? Мила ву кхузахь вуьйцарг? икхд.
- Чаккхенехь хатта, хIуммаъ дуй хьан берана хатта я ала лууш
- Нагахь санна хьан берана хазахеташ меттиг цу жайнеь елахь, кхин дIа а и болх бан мега хьуна.
- ХIора дийнахь мелла ешнаъ, йоьшуш хила берана.

Аьтто хийла ешаран тIехь!

# Ловзарш

## Тернаш лаха

ХIара ловзар берана шена гонаха долу хIума ган Iама дика ду, и хIума нийса ган а, тIаьхьа цуьнан ойла ян а.

- Шу дIадуьйлало 6 суьртана тIера, кхоккха бес-бесарнаш схьахоржу, шишша цхьатернаш цхьанатуху.
- Дита хьайн бер цхьатерра суьрташ схьалаха, юх-юххе уьш охьа а дохкуш
- Нагахь санна хьан бере 6 суьртаца и тIедиллар кхочуш далахь, 12-ий а, 24-ций а ловзийта мега и.

## Мемори

Мемори дика ловзар ду схьагина сурт дагахь латто Iамош

- Шадолу суьрташ сибат бертал дерзош охьадохку.
- Цхьаммо ши сурт схьахоржу. Ши сурт цхьатера хилахь, цо уьш шена схьаоьцу, бес-бесара хилахь, шаьш ма хиллара охьадохку.
- Иштта хIораммо шен рогIехь схьахоржу бераша суьрташ, уьш кхачадаллалц
- Уггаре дукха цхьатера суьрташ гулдинарг хьалхаволу.

Аьтто хийла ловзуш!

## Кимловзар

Кимловзара ду берана хlума ша ма ярра ган а, и дагахь латтон а lамош
Цу ловзарна оьшу бес-бесара хlумнаш. Кхул тlаьхьа далочу масална оьшу юург кечьечу чуьра хlумнаш: lайг, мlара, яй схьалоцу мlара, пиала я кад.
Цу хlумнашна тlе гата таса, уьш къайлайохуш. Бер цкъа хьожуьйту хlумнашка, тlаккха бlаьргаш дlакъовлу. Аша цу гатана кlелхьара цхьа хlума къайлайоккха. Бlаьргаш схьадиллина, беро схьаала деза, муьлха хlума ю тlе ца тоьуш.

Кху ловзарехь дукха хlумнаш лело мега:

- тайнигаш, бес-бесара машенаш
- ловзош йолу кегийра хlумнаш икхд.

Цхьа кlеззиг хlума хийца а хуьйцуш, юх-юха пайдаэца мегаш ловзар ду хlара.

## Тутех ловзар - алар шардар

Тутех ловзуш бер lема биллгал даше ладогlаъ, и нийса тlаьхьаралаъ. Иза ду бер хlумнах дика кхетар, лерган сема хилар, аьзнаш дика къаьсташ, ткъа цо тlечlагlдо и бер муьлхачу а меттан фонологех тlаьхьакхуьуш хир долуш хилар.
Беро lамо деза дешнаш нийсаалар, цунах доьзна аьзнин башхалла, мукъа а, мукъаза а аьзнаш цхьанакхетар, айдаран предложенеш хlиттор. Маттаца болу тидам къаьстина дика самабоккху берийн эшаршца, байтин рифмаш lаморо, чехкааларш, маттах лаьцна забарша икхд.
Фонологехь шех тешна хиларо гойту беран хьекъал, дош дакъошна декъа хаар, масала, аьзнин цхьанакхетарш я дешнаш рифме дерзор.

Дешнаш шардаран упражненеш гуттараъ ловзаран кепехь хила езаш ю. Кху программехь ду и ловзарш бес-бесара:

- Дешнашка, мукъаъ, мукъазаъ аьзнашка ладогlар, тlаьхьаралар.
- Керлачу, хало долчу дешнийн дакъош шардаран упражненеш ялар.
- Терачу чаккхенашца дешнаш кхоллар.

Дуьхь-дуьхьалчу маьlница предложенеш карор.



# Шеран йохаллехь теманаш

Kommunale Integrationszentren NRW

# Іалам довзар



Іаламехь берана дукха хІума карадо, Іамаъ Іема, цу берийн дог-ойла ир-кара хІоттош. Цул совнах царна гонаха мел дерг: беш, хьун, бай, хи, Іам, - шайна и карор, шайн берийн агІора и гар, хазахетарца, дозаллица, цу берана и чІогІа маьІне ду.

Нагахь санна бераш хьалхе дуьйна и Іалам довзаъ, лараъ Іамийна далахь аш шай гонаца церан чІогІа дика юкъаметтиг кхиийна. И мехала ду берана ловзаршцаъ, лаамцаъ Іалам довзар.

Муха гІо дало шуьга берана Іалам Іамош:

- Сих-сиха гІуо шай бераца Іаламе, масала, парке, хьуьнха, хи тІе.
- Тергалде бераца цхьани Іаламан хийцадалар (диттийн, зезагийн, байна икхд).
- Ойлае шайн бераца цхьани, муьлхачу агІора девза цунна дитташ, зезагаш, бай, хи икхд.
- Хьовса шай берашца бес-бесара хьожнаш яха, царах нийса кхета: зезагийн, кхуьучу сийналлин, бецан, латтан.
- ЛадогІа шай бераца бес-бесарчу хиламашка Іаламехь: махе, догІане патарийн гІовгІане, акхаройн угІаре, дийнатийн аьзнашка.
- Юххехь гайта берана Іалам: ХІун ю диттийн чкъор? Муха ду лаатта буьйна эцча? Муха ю бецан-уьшалан аре (болото)? Ткъа гІамаран аре? ТІулгаш? Бай? Молуш долу хи? ХІордан хи? Довзийта царна уьш: муха хета уьш куьг Іоьттича, хІу хьожа йогІу царах икхд.

- Гулъйе Iаламера цхьайолу хIумнаш шай бераца цхьани: тIулг, гIаж, патарш, зезагаш икхд, - тIаьхьа бер цаьрца ловзар долуш. Уьш гулош шайна гинарг дагауьхарду царна, гIолехь цу хIумнех кхетар ду.
- Хьовса шай бераца, муьлха акхарой ю хьуьнхахь Iаш, лаьмнашкахь, аренца, дийца царах лаций (чхьеврагаш, олхазарш, хIуттут, лергяхалг икхд).
- Тергалде шай бераца алсамчу хенахь цхьана буьртигах хIума хьала муха йолу, йоккха муха хуьлу. Дийца, хIун дан деза и йоккха хилийта, мел оьшу цунна серло а, хи а.
- Къамел де Iаламех лаьцна, мел хьашт ду Iалам, мел чIогIа ларон деза вай и. Кхетаде шайн бер, бен йоцуш га ца кагъяйта, буц схьа ца яккхийта, са долу хIума ца ейта.
- Хьехарде шайн берана арахь ца оьшу кехат, кхин йолу нехаш охьа ма кхисса алий.
- Дийца шайн берана Iалам цкъацкъа дIаьвше дуй, масала, дIаьвше яраш, жIаьлин нускалш, дера акхарой.

# Дезденош



Дезачу дийнахь цхьанакхетаро самукъадаькккхина ца Ӏа, цо гӀо до адмашна шаьш цхьаъ хиларх са кхиа, чӀагӀбо вовшашца болу ларам. И де тӀекхачаре хьежар а, цунна кечам бар а ду хазахетарца доьзна, къаьстан берашна.

Шеран йохаллехь деза денош шатайпа хан ю. Иза хьай гергарнаш, доттагӀой, лулахой ган а, цаьрца марзо оьцуш Ӏан а, цу адмашна хазахетар дан а бахьна ду. Хийлачу дезачу деношкахь цхьа коьрта дакъа ду ахь совг1ат далар, хьайна луш дерг схьаэцар.

KITA - балхахь тхайга мел дигало бес-бесара деза денош вовше герга дига хьовсу тхо, къаьмнийн башхаллаш цу дийнахь ца юьйцуш, массо цига ван йиш хир йолуш. Цигахь коьрта ду шаьш и де шайн махкахь муха даздо, шаьш кегий долуш муха хуьлур цу дийнахь икхд массарнаъ пайдехьа хӀума дийцар

Цу хьокъехь гӀо хир ду:

- Аш шай бераца цу дезачу дийнах лаьцна дийцахь( хӀу маьӀна ду цуьнан,, хӀунда долийна и де даздан икхд). Цу денна лерина шаьш бечу кечамехь дакъалацийта шай бере, цхьацца хӀума кхочушдан тӀедилла.
- Кхечу дай-наношца а, шайна гӀо дечу хьехархошца а дага довлуш кечде цу дийнан даздар. Беращца а дийца мегар ду шайна хетарг,

цаьрга шайна гIо дайта. Шунаъ, шу беранаъ чIогIа пайдехьа ду иштта даздарехь дакъалацар, шайн истори евза а, шайн халкъан хIума Iамо.

- Биллгала дан дезарш KITA - белхалошца кечдинаъ, яздинаъ ду:
  - Цхьани юург кхехкор, яттар.
  - Кегий совгIаташ эцар, чоьнаш кечьяр.
  - Хелхарш гайтар, эшарш лакхар, театр дакъош хIиттор.
  - Дийцарш, туьйранаш, байташ ешар.



# КОЬРТА ТЕМАНАШ

# ДЕГI



Адамин дегI берана чIогIа довза лууш хIума ду, хIора дегIан межено хIун до, я шега цуьнца хIун дало.

ХIара тема масех декъах вовшахтоьхна ю:

- Юьхь
- Меттахвалар
- Пхьарсаш, варош
- Адамин кийра, цу чохь дерг
- Хаам ло меженаш (мара- хьожа яккхар, бIаьргаш - гонаха дерг гар, мотт - чам баккхар) икхд
- Жимнарг - вокхнарг
- Воккхахилар

Хийлачу хьолах пайдаэцало шуьга адамин дегIах лаьцна къамел деш, масала, бер лийчош, хIума тIеюхаш, тIийра охьайоккхуш, куьзгана хьожуш, тайнигех ловзуш икхд. Коьртаниг: шен дегI берана довзийташ, нийсачу агIор и дIахьажор ду.

АЬТТО ХИЙЛА IАМОРАН ТIЕХЬ!

## ХЬАЛХАРА КIИРА: ДЕГI

### 1. ра де

Шуна оьшу:

- АгIонаш 2, 3 шардаран кехатийн
- Бес-бесара къоламаш
- Куьзга.

Шун берo Iамадо:

юьхьан цхьацца дакъош.

ТIедиллар:

- Беро 2 - чу агIонна тIехь долу беттан "юьхь-сибат" тIехула пIелг хьокхуш байт йоьшу

|  |
|---|
| БАЙТ<br><br>Беттаза ду горга,<br>Беттаза ду горга,<br>Цуьнан ши бIьрг бу,<br>Мараъ, батт ю. |

- Хьайн бераца куьзгана хьалха хIоттий, юьхьан дакъойн цIераш яха (бIаьрграш, цкъоцкъмаш, мара, батт, беснеш, хьаж, чIенга).
- Бере шен юьхь йиллийта 3-чу шардаран кехатна тIехь.

Совдаьхна тIедахкарш:

- Бер ша лийчита, тергаде, мел дика цIандо цо ша, муьлхан дегIан меженаш дукха тергалйо цо.
- Къамел де шай бераца и лийчош, тIе хIума юхуш бес-бесарчу дегIан меженах лаций:
- Схьаделла хьай бIаьрграш
- ТIекъовла хьай бIаьрграш
- Цхьа бIаьрг схьабелла, важа тIекъовла
- Ши бIьрг схьабелла, ши бIьрг тIекъовла

## 2. гӀа де

ТӀедиллар:

- цхьани муьллхаъ жайне хьовса, цунах лаций къамел де (тидам бе, бераша муха йоьшу).

Совдаьккхина тӀедиллар:

- ТӀаьхьадогӀучу дешнийн чаккхенийн тидам байта шайн бере:
- бага
- мара
- пӀелг
- лерг
- батт
- мотт

## 3. гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 4.-гӀа агӀо
- уьйраг (стомма тай)
- тукар.

Шун беро Ӏамадо:

"йоций - ехий" боху кхетам.

ТӀедахкарш:

- Хададе шай бераца дехий, доций ши тай
- Шардаран кехатан 2-чу агӀон тӀехь цхьа юьхь йиллита ехачу месашца, шозлагӀа юьхь йиллита йоца месаш йолуш.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- дийца, хьена ю шун доьзалехь еха месаш, ткъа хьена ю йоца месаш. Я кхечу агӀора хатта мега: хьена ю вайн лулахойн еха кореухкарш, ткъа хьена ю йоца кореухкарш иштта кхин дӀа а

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Цхьаъ кӀеда тайниг ( я адамин, я дийнатин).

Шун беро Ӏамадо:

дегӀан меженийн цӀераш яхаъ, уьш схьагайта.
Кхетамаш "жима", " йоккха"

ТӀедиллар:

- шайн бере ала тайниган меженаш гайта, цӀераш йохуш
- шайн бере ала, мила ву шун доьзалехь уггаре воккха, ткъа уггаре жима?

Совдаьккхина тӀедиллар:
Шуна оьшу:

- Пенах туху кехат
- Тукар
- Къолам
- Скоч.

Шун беро Ӏамадо:
Ша дуста а, кхи бер дуста а.

- Охьадилла пенах туху кехат лаьтта, шаьш цу тӀе охьадийша. Шай бере шайна гонаха сиз хьоккхуш бустам баккхита. Цул тӀаьхьа шаьш баккха шай беран дегӀан бустам. ХӀораммо шен дегӀан бустам тукарца схьахадабой, скочца пена тӀе я неӀарна тӀелатабо. Ала шай бере, меженийн цӀераш яха, уьш схьагойтуш.

## 5.-гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 5.-гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ӏамадо:
ДегӀан меженаш
Йиш, меженаш меттах йохуш.

ТӀедахкарш:

- Йиш лакха
- Къамел де, 5.чу агӀон тӀера суьртах лаций:
- „ХӀун сурт дуьллуш ву кӀант?
- Суьрта тӀера тайнигин бӀаьргаш диллина ду я къевлина?
- ХӀун тӀе ца тоьу тайнигна?

ЭШАР
Корта, белшаш, голаш, пlелгаш, голаш, пlелгаш
Корта, белшаш, голаш, пlелгаш, голаш, пlелгаш
Бlаьргаш, лергаш, меран боьхь
Корта, белшаш, голаш, пlелгаш, голаш, пlелгаш

Совдаькkхина тlедахкарш:

- Дийца шай бераца, хlун кхочуш до адамо хlора дегlан меженаца:
  - Бlаьргашца
  - Варошца
  - Куьйгашца
  - Мераца

  Хlун хуьлу цхьа йолу меже йоцуш висча?

## ШОЗЛАГIА KIИРА

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 6.гIa arIo.
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Iамадо:

Цхьа жима байт дагахь
Кехат тIера тIадамаш вовшахтухуш сурт дилла.

ТIедахкарш:

- Карлаяккха беттазах лаьцна байт
- 6.чу arIон тIера тIадамаш вовшахтохийта шай бере.

БАЙТ

Беттаза ду горга,
Беттаза ду горга.
Цуьнан бу ши бIьрг,
Мара а, батт

Совдаьхна тIедахкарш:

- Тергалде шай бераца беттаза, дийца цуьнца буьйсанах а, седарчех а лаций
- Къамел де шай бераца 6.чу arIон тIера суьртах лаций. Масала:
  - „Даккхай дуй цу беран бIаьргаш?
  - Дукха юй цу беран месаш?

### 2.гIа де

ТIедиллар:

- Хьовса шай бераца цхьани муьллхачу а жайне, дийца цунах лаций (тергалде жайнин ешаран хьехарш).

Совдаьккхина тIедиллар:

- Ловза цхьани эшар локхуш:" Сан куьйгаш девдда" бохучу ловзарах.

"Сан куьйгаш девдда" Эшар- ловзар

Букъ тӀехьа куьйгаш дӀаъ лачкъина йиш локху:
Сан куьйгаш девдда,
Сан кхи куьйгаш дац
Гой шуна сан куьйгаш?
Траллалалалала

Куьг мерана тӀедуьллий, йиш локху:
Сан мара бедда,
Сан кхи мара бац
Гой шуна сан мара?
Траллалалалалалв

Иштта кхи д1аъ локху бӀаьргаш олий я лерграш, хӀораза куьгаца къайладоккхуш. ТӀаьххьара цхьа бер дӀалечкъа, ткъа кхечара йиш локху:
Сан бер дедда, сан кхи бер дац.
Гой шуна цхьаннина сан бер?
Траллалала...

## 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 7.гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ӏамадо:

Куьйгин пӀелгин цӀераш
Коган дакъош (пӀелгаш, кӀажа, айра).

ТӀедахкарш:

- Шайн бере шен куьйган пӀелгийн цӀераш яхита: нана пӀелг, хьажо пӀелг, юккъера пӀелг, цӀе йоцу пӀелг, цӀаза пӀелг. Шен коган дакъойн цӀе яккхита шай бере: коган пӀелгаш, кӀажа, айра, кера юкъ, тӀоьхлара даьӀак. Ойлае шайн бераца пӀелгех лаьцна цхьаа аларш я локхуш йиш юй.
- Шайн беран куьг кехат тӀе охьадилли, цунна гонаха сиз хьакха. Бухдиснарг бере шега йилла ала (масала, куьйгаш, мӀараш). Изза когаца дан мега. Хьай куьйгаъ, когаъ иштта сурт дилла.

Совдаьkkхина тIедиллар:

- Шайн беран куйган пIелгийн ловзарех ловза.

| | |
|---|---|
| ХIара нана пIелг бу | ( пIелг схьагойту) |
| ХIокхо хьач ластабо | (хьажо пIелг хьалаойбу) |
| ХIокхо уьш схьагулдо | (юккъера пIелг схьагойту) |
| ХIокхо уьш цIадахьа | (цIе йоцу пIелг схьагойту) |
| Ткъа кхо, жимчо, дерриге дIадуу | (цIаза пIелгаца гайна тIехула хьокху) |

## 4.гIа де

Шуна оьшу:

- ГIажна меттана лело тера йогIу хIума, Iайг балахь я мIара балахь.

Шун беро Iамадо:

Шен дегIан меженийн цIераш яха.

ТIедиллар:

- Шайн берана дуьхьал охьахаа. ДIадоладо " Тамашена хIумнаш" боху ловзар. Схьаэца буьйна Iайг (гIаж, мIара - бен яц, и хьа тамашена хIума "гойту" гIирс бу). ТIаккха олу: Фокус, мокус, покус, дедда дахна куьг. Ахь аьлларг кхочуш деш беро шен куьг букътIехьа дIалачкъадо. Иштта кхечу меженийн цIераш йоху ахь, хIораза беро и меже дIалачкъайо. Фокус, покус, мокус, бедда бахна мара (куьйгашца дIалачкъабо) Фокус, покус, мокус, девдда дахна бIаьргаш (куьйгашца къайладоху) икхд. Беро гуттараъ кхочуш дан деза ахь аьлларг. Цул тIаьхьа дешнаш олуш, ахь гIаж тIеIутту цхьана межена, ткъа беро цуьнан цIе йоккху: Фокус, покус, мокус, вайна гуш ю... (гIаж настарна тIеIутту, беро цIе йоккха: носта, белшана тIеIутту, беро цIе йоккху - белш икхд). ХIораза дешнаш юх-юха олу ахь.

Цхьа хан яьлча бер хила мега дешнаш олург, ткъа хьо - меженийн цIераш йохург1.ра де.

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 8.гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш
- Цхьа саба
- Цхьа гата.

Шун беро Ӏамадо:

Ладогӏаъ, тӀедиллар кхочуш дан а.
Йовхий, шийлий бохучу дешнех кхета.

ТӀедахкарш:

- Шай куьйгаш довхачуй, тӀаккха шийлачу хица дила. Цул тӀаьхьа шайн бере дилийта. Дийцита шайн бере, хӀу башхо гира цунна цу хишна юккъехь
- Къамел де шайн бераца 8.гӀачу агӀонна тӀехь долчу суьртех лаьцна, масала:
- хӀун го хьуна суьрта тӀехь?
- хӀун деш ду и бер?

Совдаькхина тӀедиллар:

- Шай бере туькнахь дегӀ цӀандеш оьшу хӀума вовшахтохийта: саба, цергин паста, корта буьлу чопа, дегӀ цӀандо чопа икхд

.

## КХОЗЛАГIА КIИРА: ДЕГI

### 1.-ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 9.гIа агIо
- Тукар
- Клей
- ЦIений, боьхий хIумнаш
- Газеташ, рекламан жайнеш.

Шун беро Iамадо:

ЦIераш"цIена", " боьха"

Стенах йогIу хаза хьожа, стенах йогIу боьха хьожа.

ТIедахкарш:

- Шайн бере цкъа а цIенчу хIумнех хьожа яккхийта, тIаккха боьхчех.
- Шайн бераца цхьана 9.чу агIон тIе тайниган цхьацца дакъош тIеълатош ерриге меженаш цхьанатоха. Шайн бере шега лахита, муьлха меже оьцу цо газета тIера, ткъа мулха рекламан жайне тIера.

Совдаькккхина тIедиллар:

- Шайн бере хIума юьтту машен боьхачу хIумнех юзийта, ткъа йиттана яьлча, яссаъ яйта.

### 2.гIа де

ТIедиллар:

- Цхьани шайн бераца суьртийн жайне хьовса, цу суьртех лаьцна къамел де.тергалде жайнин ешаран хьехарш.

Совдаькккхина тIедахкарш:

- Шай бере тIаьхьадогIу тIедахкарш кхочуш дайта, тайп-тайпана агIор меттах муха вер вара дагадаийта:
- Воккха стаг санна волало
- Верстана стаг санна волало
- Жима бер санна дIавижа
- Лекхачу дитта тIера Iаж муха боккху схьагайта
- Хьо жимаъ волуш, тIаккх меллаша воккха хуьлуш гайта.

## 3.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 10.гIа агIо
- Тукар
- Дуьткъа кIеда кехат
- Саба
- Гата.

Шун беро Iамадо:

Хlора дийнахь шена гучу хlумнех лаьцна дийца.

ТIедахкарш:

- Дийцита шай бере гатанах лаций:
- и гата кIеда ду я чIогIа ду?
- Стенна оьшу и? ХIун до вай гатанца? (Цу кепара дицийта тукарх а, цIанонна лелочу кехатах лаций)
- Сабанца куьйгаш дилийта шай бере, хьовсуш хила, муха лараво и
- 10.чу агIонна тIера хIумнашна юккъера, цу могIрера йоцучарна тIехула сиз хьакха.

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Луьчуш хенахь оьшучу хIуманийн цIе яккхийта шай бере (саба, гата, цергин щетка икхд)
- Шай Даймахкахь локху йиш лакха шай бераца.

## 4.гIа де

Шуна оьшу:

- Жима куьзга
- Одеяло
- ПаргIата олу мукъам.

Шун беро Iамадо:

Шен дегI ша ма дарра тIелаца (=ган Iама).

ТIедиллар:

- Шайн чохь меллаъ кхоьлинаъ яй, паргIата мукъам хIоттбай ладогIа.

Лаьттахь одеяло яржае, хьайн бераца цу тIе охьадийша. Хаттарш де цуьнга, жоп дала ойла ян дуьтуш:

- Хезий хьуна хьай дог детталуш?
- Жоп дала цунна хала далахь, хьай даге ладогIийта цуьнга
- Сан кийра болх беш хезий хьуна? (ладогIийта бере гай тIехь хьай кийрахь йолчу говгIане)
- Хезий хьуна айхьа меллаша, тIаккха чIогIа садоьIуш?

Куьзга схьаэций, ша тергалдайта бере ша садоьIуш: мерах хIаваъ чуузаш, багахула арадолуьйтуш.

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Дийца шай бераца, цергаш хIунда хийцало, хIунда оьшу уьш денна цIанъян.
- Къамел де шайн бераца, вайна ца гуш, вайн дегIаца долчух лаций (даьIкаш, цIий, мускулаш, пхенаш).

## 5.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 11.гIий, 12.гIий агIонаш
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Iамадо:

Дешнийн нийсаалар

ЦIераш "довха", "шийла".

ТIедахкарш:

- 11.чу агIон тIехь суьртех йовха хуьлчунна цIен бос бе, ткъа шийла хуьлчунна - сийна.
- ТIаьхьадогIучу дешнийн дакъош нийса ала:
  - Са-ба, са-ба-чу-дуьл-лург
  - Ког, ко-ган-кIа-жа
  - Куьг, куь-гех-хьо-кху-га-та
  - Лерг, лер-ган-дум
  - Ма-ра, ме-ран-Iуьг
  - Икхд

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Дийца шайн бераца, хIун ю гуо, кхо са, биъ са (круг, треугольник, четырехугольник).
- Шайн бере 12.чу агIон тIехь мел йолу биъсеш можа басар яйта.

# ТIЕЮХАХIУМА



ДегIаx лаьцна дийцинчул тIаьхьа рогIехь ю тема" ТIеюхахIума" (Бедарш).

Оха къастина тIаьхьайогIу кегийра теманаш:

- Чухула-, тIехулаюху бедарш
- Кечлуш юху бедарш
- Аьхкий, IаьнтIехь юху бедарш
- Ламазан, маьждиге юху бедарш
- Болх беш юху бедарш.

Кху программехь тайп-тайпана тIедахкарш хир ду, вайна хIумнаш чу яхка жима тIорказ (я гIутаккх) оьшур долуш.
ТIийра хIума хийца аьтто беш кхин цхьа яьшка хIотто езар ю вай.
ХIара бедарш оьшу вайна:

- Жимий, йоккхий масех свитер
- Юбка
- Коч
- Чухула юху хеча
- Божарин коч
- Божарин хеча
- Галстук
- ДӀавуьжуш духу божарин коч-хечий
- ДӀавуьжуш юху зударийн коч
- Икхд

Кхинйолу хӀумнаш:

- Коча уллу зӀе
- Доьхка
- Кегийчара ухку лергаъ, пӀелгаъ, кочаъ
- ТӀоьрмаг

ЧӀогӀа дика хир ду аш бедарш чохь йолу тӀорказ цхьанметтехь дӀахӀоттадахь, шена дага ма деънехь, бер ловза йиш йолуш.

ТӀера хӀума хийцар берана чӀогӀа маьӀне ду. Ша эла ву я Ӏедал белхало ву бохуш шен ойланехь кхечу дахарчохь хуьлу бер. Иштттачу ловзарехь дукха хӀума Ӏема берашна: кӀенташнаъ, йоӀаршнаъ.

Аьтто хийла шу!

## Хьалхара кӀира: Бедарш

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 14.гӀа агӀо
- Жимий, яккхий бедарш.

Шун беро Ӏамадо:

Бедарийн цӀераш
Яккхий, жимий йолчу бедаршна юккъера башхалла.

ТӀедахкарш:

- Шай бере куьзгана хьалха бес-бесара хӀумнаш хийцийта
- Хьажийта, муьлхачу йоккха-жималлехь хуьлу уьш, дӀаъ нисъяйта
- Дийца шай бераца 14.чу агӀон тӀехь долчу суьртех лаьцна.

Совдаькккхина тӀедахкарш:

- Бедарш юхкучу туькна дига шай бер, хӀумнашка хьажийта, церан цӀераш яхийта
- Еккъа цхьа х1ума юхку туька йовзийта шай берана (спортхӀумнаш, мачаш, куйнаш икхд).

### 2.гӀа де

ТӀедиллар:

- Шай бераца цхьани цхьа жайна деша. Тергалде жайнин хьехарш.

Совдаькккхина тӀедиллар:

- Ша кечдалийта шайн бер, тӀорказ чуьра хӀумнех пайдаэцийта.

### 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 15.гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш
- Аьхканан, Ӏаьнан бедарш

Шун беро Ӏамадо:

Аьхкенан, Ӏаьнан хӀумнашна юккъера башхалла
Беснаш "цӀен", "сийна".
Кхетам"йовха", "шийла".

Тlедахкарш:

- Дийца шайн бераца, хlун башхо ю аьхканан, lаьнан бедаршна юккъехь, масала:
- аьхкенан коч (йовлакх, мача) стомма хуьли?
- Юьткъа хlума тlе маца юха?
- Икхд
- 15.чу агlон тlера суьрташ къоламашца басар дайта шайн бере аьхканан - цlен, lаьнан- сийна.

Совдаькkхина тlедиллар:

- Дийца шайн бере, тlе хlума юхуш, хьалха хlун юху, тlаьхьа хlун юху. Иштта тlийра хlума охьайоккхуш, хьалха хlун йокху, тlаьхьа хlун йоккху. И хаарш оьшар ду цунна цо ша и дан дезачхенахь.

## 4.гlа де

Шуна оьшу:

- Бедарш чохь йолу тlорказ.

Шун беро lамадо:

Шена тlе хlума юха.

Тlедахкарш:

- Арахь чlогlа йовха хилча тlе хlун юхар яра ахь? - алий, ша тlе хlума юха дита шайн бер. Иштта " Шийла хилча хlун юхар яра ахь? - алий югlаъ шега тlе хlума юхийта цуьнга.
- Тергалде шайн бер, хаий цунна нийса тlе хlума юха я тlийра охьаяккха. Я воккхачуьнан гlо оьшу цунна.

Совдаькkхина тlедахкарш:

- Шай бераца цхьана ойлае, бедарийн цlерашна юккъехь чаккхенаш цхьатера йогlу дешнаш дуй. Дацахь, шаьш кхолла мега шуна. Масала: хеча- леча, доьхка - воьхка, куй - буй, коч- моч, гlабали - гlаргlули икхд
- Ловза шай бераца тера догlу дешдакъош кхуллуш.

Дешдакъошца ловзар

Язде кехаташ тlехь дехий дешнаш, вай юьцучу темица догlуш (Бедарш).
Цхьа кехат схьадоккха беро кхечу кехаташна юккъера, ткъа аш дlадеша цу тlера дош
Бераца цхьана юх-юха олуш шарде дешан юккъера дакъош.
Даккхийро берашка шайга дешийта дешнаш, шайга дешдакъош шардайта, юх-юха олуш. Дешан юккъехь мас дакъа ду, оццул гlулч йоккху беро хьалха. Иштта кхечараъ до. Уггаре хьалха духьалчу пенан тlекхаьчнарг хьалхаволу
Бераш алсам мел хуьлу, самукъне ду и ловзар, цул совнах мотт lамош пайдехьа ду.

## 5.гlа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 16.гlа агlо.
- Тукар.
- Тlеюха цхьа коч.

Шун беро lамадо:

Сиххаъ, нийсачу рогlехь шена тlе хlума юха.
Ша тlеюхачу хlуманийн цlераш яха.

Тlедахкарш:

- Хlумнаш кего, ткъа бере шега схьахаржийта, муьлха бедар хьалха юха цо, муьлха тlаьхьа. Иштта нийсачу рогlехь охьайохку цо хlумнаш шена хьалха.
- Къамел де шайн бераца, хlунда ца мега и рагl йохо. Масала, хьалха мачаш йоьхна, тlаккха пасаташ юха.
- 16.чу агlон тlера суьрташ тукарца схьадахийта шай бере, тlаккха нийсачу рогlехь охьадахкийта шена тlе рогlера номер юьллуш. Дийцита шай бере, хlу ду вайна суьрташ тlехь гуш дерг.

Совдаькхина тlедахкарш:

- Шайн бераца цхьана шифанер чуьра хlумнаш дlанисъе. Даладе шайн къамелана юкъа йоккхий, жимий, лакхаххьий, лахаххьий боху дешнаш.
- Кечье шайн бераца кханенна бедарш.

## ШозлагIа кIира: Бедарш

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 17.гIий, 18.гIий агIонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Шляпа
- Свитер
- Божарин хеча.

Шун беро Iамадо:

Суьртан тIеъ хьожуш, цунах лаьцна дийцар
„ТIехь“, „чохь“, „стенах“ лаьцна боху кхетамаш

ТIедахкарш:

- Шайн бере тIе бедарш юхийта:
- \- Свитер - коьрта тIехула.
- \- Шляпа- коьрта тIе
- \- Ког - хечин ког чу
- \- Пхьаьрс - свитера пхьуьйша чу
- Дийцийта шай бере, 17.чу агIон тIера суьртан тIехь хIун ду
- 18.чу агIон тIера суьрта тIехь тIе ца тоьарг схьаалийта шайн бере

Совдаьkkхина тIедиллар:

- овзар:"Ас сайн чамда юза".

"Ас сайн чамда юза".

Ловзуш ши бер ду. 1-чо боху:" Ас сайн чамда юзу, сайца сайн хеча схьаоьцу".
2-чо боху :" Ас сайн чамда юзу, сайца сайн хечаъ, свитер а схьаоьцу".
1-чо : " Ас сайн чамда юзу, сайца сайн хечаъ свитер, сайн радио схьаоьцу".
2-чо :"....." икхд

Дукху бераш ловза мега иштта.

## 2.гӀа де

Шуна оьшу:

- Цхьа чамда я цхьа тӀоьрмаг.

Шун беро Ӏамадо:

Ойла ян, хӀун оьшу цунна шен чамди чу йилла цхьанхьа буьйса яккха воьдуш.

тӀедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, къамел де цунах лаций. Шайна жайнин тӀехь дечу гӀоьнах пайдаэца.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Шай бераца цхьана чамда я тӀоьрмига кечбе, цуьнан бедаршца, цунна новкъабаккха.

## 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 19.гӀа агӀо
- Мачаш, масех, бес-бесара догӀа долуш.

Шун беро Ӏамадо:

Ма дарра хӀума тӀелаца

Бес-бесара догӀанаш тӀекъовла (Мачин догӀанаш).

ТӀедахкарш:

- Шай мачин цхьацца дакъойн цӀе яккха, масала: мачин бохь, кӀажа, айра, чимчарх.
- Дийца шайн бераца, хӀун хуьлу мачин чимчарха мела хилча
- 19.чу агӀон тӀера сурт беснаш долу къоламашца басар дайта шай бере: уггаре хьалха беро тӀеюхарг - баьццара, 2.гӀа тӀеюхарг - цӀен, 3.гӀа тӀеюхарг - можа, 4.гӀа тӀеюхарг - сийна.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Ӏамаде шайн бер чимчарха дӀадехка.

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Бедарш чохь долу тӀорказ.

ТӀедахкарш:

- Ойлаяйта шайн бере, шун доьзалехь тахна хьанна тӀехь хӀун яра
- Шайн бере шена луу духар тӀедухийта, масала, хелхарча я спортсмен икхд

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- 20.гӀий, 21.гӀий шардаран кехатин агӀонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Тукар
- КӀаденан кийсакаш, рекламин жайна.

Шун беро Ӏамадо:

Хазахета духар харжа, цуьнан бустам баккха.

тӀедиллар:

- 20.чу агӀон тӀера суьрташ тӀехь долчу берашна кӀаденах духар де ала шай бере.

Совдалькхина тӀедиллар:

- 21.чу агӀон тӀера сурт къоламашца басар дайта шайн бере: го - можа, биъ са - цӀен, кхо са - баьццара.

## Кхозлагlа кlира: Бедарш

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 22. гlий, 23.гlий агlонаш
- Тукар.

Шун беро lамадо:

Бес-бесара хlума цхьанатоха

Ша дечу хlуман рагl нийса лело: хьалгlаттар, юьхь-куьг дилар, хlума яар икхд

Тlедахкарш:

- Къамел де шайн бераца 22.чу агlон тlера суьртах лаций, ойлае цхьани, хlун хила тарло цулла тlаьхьа
- 23.чу агlон тlера сурт цу тlехь долчу сизнаш тlехула тукарца схьадаккха
- Схьадаьхначу кехаташца (карточкаш) домино ловза.

Домино

Хlора ловзуш волчунна дlасадоькъу кехаташ. Цхьаммо дlадолош цхьа кехат охьадуьллу. Цул тlаьхьаволчо шегахь, стоьла тlерачу кехата тlехь санна сурт долуш карточка далахь, цу суьртана юххе иза охьдуьллу.
Нагахь санна бухарчуьнца тераъ долуш сурт ца нислахь, и доцушверг цхьа го чеккхбаллалца юккъарволу.
Уггаре хьалха карточкаш чекхдаьлларг, тоьлла лору.

Совдаькккхина тlедахкарш:

- Шайн бере бедаршна юккъера цхьана лелош йолу шишша хlума цхьанатохийта, масала, ши пазат, коч- хечий икхд.

### 2.гlа де

Шуна оьшу:

- Бедарш чохь йолу тlорказ.

тlедиллар:

- Шайн бераца цхьа жайна деша, дийца цунах лаций. Тидаме эца жайни тӀехь шайна до гӀо.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Шайн бере шатайпа кечлуш тӀе хӀума юхийта, ша карнавале доьдуш санна.

## 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- ПхьегӀашна лело гата.

Шун беро Ӏамадо:

Ма дарра хӀума ган
ХӀуман тидам бан
Цхьана хӀумнех лаьцна дийца.

ТӀедахкарш:

- Кимловзарах ловза кху хӀумнашца: мача, пазат, ехк, куй, божарин коч
- Шайн бере цкъа хьалха массо хӀуманийн цӀе яккхийта
- Дагадаийта шайна и ловзар.

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Хан яьлла газеташ, зорбатоьхна хаамаш, почтан каталогаш
- Доккха цхьа кехат
- Клей
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ӏамадо:

Тайп-тайпана бедарш йовза
Хаза меттахвала Ӏамор.

ТӀедахкарш:

- Шайн бере каталогашна, газеташна тӀера хазахета духарш схьахададайта, масала, юбкеш, хечеш, мачаш икхд. Цу доккхачу кехатан тӀе летайо цо и бедарш, цхьаннина тӀехь йолуш санна нисъеш. Цу тӀе оьшу адамийн меженаш, духарна бухар гуш йолуш, къоламашца йохку: корта, ворта, пхьарсаш, куьйгаш, настарш, когаш. Кехат кечдина даьлчи, шен чохь пенатӀе хьалатуху.

Совдаькkхина тIедиллар:

- Шайн бераца тайп-тайпана духар хуьйцуш ловза. Бере харжийта, мила хилийта лаьа цунна изаъ, шуъ.

## 5.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 24-гIа агIо
- Тукар.

Шун беро Iамадо:

Карточкаш нийсачу рогIехь дIанисдан.

ТIедахкарш:

- Шайн бере 24.чу агIон тIера суьрташ тукарца схьадахийта
- И суьрташ нийсачу рогIехь охьадахкийта.

Совдаькkхина тIедиллар:

- Байт дIаеша.

БАЙТ

Ваша Ру, тойой ахь сан мача?
ХIаъ, йиша Кун, и до ас кху сохьта
Ваша Ру, хаза тоелахь сан мача
ХIаъ, йиша Кун, иштта хила-м еза и
Ваша Ру, тойина яьлли сан мача?
ХIаъ, йиша Кун, мах схьало ахь хIинца
Ваша Ру, ахча-м дац соьгахь
ТIаккха юьсу хьан мача хIоккхехь латта
Со ахча доцучу нахана болх бан хIоьттина вац
Де дика хийла хьан, ваша Ру
Де дика хьаъ хийла, мача йоцу йиша.

# БЕРИЙН БЕШ



Масех кlира даьлча берашна евза шайн чоьнаш, шайца цхьана долу бераш, шайн хьехархой.

Берийн бешахь дукkху чоьнаш ю. Уггаре хьалха берашна йовзуьйту шай хьаштана воьду меттиг, шайн чоь чуьра цига боьду некъ lамабо. Тlаьхьо берашна lема, кхийолу чоьнаш, ловзаран майдаъ мичахь ю. Жим-жимма девзаш, девза царна шаьш чохь долу цlа. Цу беша оьгlуш йиш-ваша далахь, царна атта хир ду шайн цlа чухула дlасалела lама. Амма берийн цlа чохь дукха хlума ду бераш хазахетарца хьоьжуш. И цlа чуьра схьагича кхета бер, мел паргlат ду ша цу чохь, синлаlме ду шена цу чохь я сингаттаме ду.

Тидаме эца хlара хlумнаш:

- Хьовса шайн цlа арара мел кечдина ду
- Пенах тоха чулацам хаза болу суьрташ
- Сени чохь (чоьнаш цхьанатуху еха чоь) берана дан хlума хилийта.
- Хьовса, чоьнийн неlарш йиллина юй.
- Хlуммаъ дуй цунна ала лууш

Аш дийца мега шайн бераца кхиндlадолу хlумнаш:

- Муха хета хьуна вай сени чоь?
- Хазахетий хьуна вай ловзаран чоь?
- Цхьатера юй массераъ чоьнаш?
- Кхечу берийн тобанан цlе хlу ю?
- Школе дахадезачу берийн чоь яъ юй?
- Кога дахаза долу бер даъ дуй вай бешахь?

Дийца шай бераца шайна зе деллачу хlумнех лаьцна, шаьш и санна жима долучу хенахь, дагадаийта шайна.
Стенах ловзура шу?

АЬТТО ХИЙЛА ШУн БЕРИЙН БЕШАХЬ!

## Хьалхара кӀира: Берийн беш

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 26.гӀий, 27.гӀий агӀонаш
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ӏамадо:

Суьртах лаьцна дийца.

ТӀедахкарш:

- Дийца шай бераца берийн бешан цӀарах лаций, дӀаязйе и цӀе 26.чу агӀон тӀехь йолчу жимачу яьссачу яьшкина тӀехь. Дийца шайн бераца, мича доьлху бераш? хьа дуьгу уьш цига?, хӀун ю церан буйнахь? икхд
- Дийцита шай бере, суьрте хьоьжуш, цунна шена берийн бешахь хааделлачух лаьцна
- Дилийта шайн бере 27.чу агӀон тӀехь цхьан горгалин, цхьан почтан леринчу яьшкин, коран а суьрташ.

Совдаьккхина тӀедахкарш:

- Хьовса шайн бераца шайн цӀа чохь схьаеллаъ, дӀакъовлаъ йиш йолчу хӀумнашка, масала, кор, неӀ, куртка икхд
- Ойлае цхьани, муьлха хӀумнаш ю хьовзош, тӀекъовлуш, тӀетухуш, тӀехьовзош, нуьйдарчий дӀатосуш, дӀатоттуш икхд.

### 2.гӀа де

Шуна оьшу:

- Деша шайн бераца цхьана муьллхаъ жайна, дийца цунах лаций. Тидаме эца жайни тӀехь шайна до гӀо.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Дийца шайн бераца цуьнан берийн бешахь чеккхдаьллачу дийнах лаьцна, масала, хӀун дара тахна уггаре хаза? ХӀунда? ХӀун хийтира хьуна тахна ирча(хала)? ХӀунда? Тахна ца вогӀуш цхьаа виснерий? ХӀун хиллера цунна? Икхд

## 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 28.гӀа агӀо
- Къолам.

Шун беро Ӏамадо:

Дешнашца ша берийн беша беш болу некъ схьабийца.

ТӀедахкарш:

- Шайн бераца дӀаъвоьдуш, ша муха (мичхьахула) воьду схьадахийта шай бере.
- „Хийцало шайн бераца цхьани": шу "бер" ду, ткъа иза "нана" ю. Аш хоьтту шайн "нене", мичхьа вала веза некъал дехьа, мичхьа ю светофор, мичхьа ду кӀайн сизнаш.
- Дийцита шайн бере берийн беша дӀа муха воьду, 28.чу агӀон тӀехь диллийта сурт, цунна и некъ муха го. Хаттарш де: Мац некъал дехьа валавеза ( ялаеза) хьо? Хьуо дӀаъвоьдуш новкъахь хӀун го хьуна? Икхд

## 4.гӀа де

Шун беро Ӏамадо:

Некъах лаьцна дийца

ЦӀе, адрес, телефон номер

ТӀедахкарш:

- Кхечу некъах лаьцна дийца шайн бераца, туькана, баба йолчу икхд
- Ойлаяйта шайн бере, шу юххехь доцуш висча, хӀун дан деза. Ӏамаде цуьнца шайн адрес, телефон номер, ден а, ненан а цӀераш.

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 29.гӀа агӀо
- Цхьа баьццара къолам.

Шун беро Ӏамадо:

Новкъахь нисло кхерам бовза

Майра некъах дехьа вала

Kommunale Integrationszentren NRW

Тlедахкарш:

- Кхетаде шай бер, некъал дехьа волуш стенна тидам бан беза цо. Аш дуьйцу шайн бере:" Уггаре хьалха аьро агlора хьажа, ах некъ дехьа ваьлча хьажа аьтто агlора, бухабисина ах некъ дехьа волу хьо". Кест-кеста карладаха цуьнца некъал дехьа волу хаарш
- Дийцита шайн бере 29.чу агlон тlехь долчу суьртах лаций
- 29.чу агlон тlера светофор басар яйта шайн бере, хатта цуьнга, хlун дан деза светофор цlен летча? можа летча? баьццара летча?.

Совдаьккхина тlедахкарш:

- Карлаяккха байт шу беро шуьца цхьана йийцина йолу. Иштта lема иза коьрта чохь хlума латто.
- Берийн беша воьдуш карлаяха новкъахь дlаслеларан бакъонаш.

БАЙТ

Цхьа lаж бара бедда боьдуш,
Машенаш лелаш ган лууш
Амма lежан гlулкх ца хили,
Туут тутуут
lежах lежан мутт хили.

## Шозлагlа кlира: Берийн бешахь

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 30.г|а агlо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро lамадо:

Аьхкенан, lаьнан духаршна юккъера башхалла
Кхетам: "шийла - йовха", "хазахетар - сагатдар".

Тlедахкарш:

- Дийцита шайн бере аьхкий, lаьнтlехь лелочу духарх лаций. Цуьнан дийцаран юккъе "йовха, шийла" дешнаш олуш хила.
- 30.чу агlон тlехь диллийта шайн бере самукъне, тlаккха сингаттаме юьхь-сибат
- Дийцита шайн бере цо диллинчу сибатех лаций, хlунда го цунна уьш цхьаъ хазахеташ, важа сагатдеш.

Совдаьккхина тlедиллар:

- Лакха шай бераца йиш.

<table><tr><td>
ЙИШ<br><br>
Баьццара, баьццара ду сан духар,<br>
Сан мел ериг баьццара ю<br>
Цуьндел деза сун баьццара дахар<br>
Сан хьомениг хьуьнхо ву<br><br>
Сийна, сийна ду сан духар<br>
Сан мел ериг сийна ю<br>
Цуьндела ез сун сийна мел ерг<br>
Сан хьомениг хlорд тlехь ву<br><br>
К1айн, кlайн, кlайн, кlайн ду сан духар<br>
Сан мел долу духар кlай<br>
Цуьндел беза дама санн к1ай бос<br>
Сан хьомениг бепиг деш ву<br><br>
Къорза, къорза, къорза ду сан духар
</td></tr></table>

Kommunale Integrationszentren NRW

Сан мел долу духар къорза
Цуьндела ез сун къорза мел ерг.
Сан хьомениг къорз кир бетташ ву.

## 2.гӀа де

тӀедиллар:

- Шайн бераца цхьа жайна деша. Тидам бе шайна гӀо деш язйинчу хьехаршна

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Дийца шайн бераца цуьнан хьехархойх лаций. ХӀун ю цуьнан цӀе? ХӀун коч лелайо цо? ХӀун до цо спортехь? Икхд

## 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 31.гӀа агӀо
- ЦӀей, можий ши къолам
- Рюкзак.
- Кружка
- ЯъхӀума.

Шун беро Ӏамадо:

Шаа берийн беша вогӀуш хӀун ян еза
Аьхкенан, Ӏаьнан духаран цӀераш.

ТӀедахкарш:

- Дийца шай бераца, муьлха хӀумнаш ю берийн бешахь лело атта, масала, - Ӏуьйран яа,
- спортехь тӀеюха,
- мерах хьокху йовлакхаш
- икхд
- Кечбайта шайн бере юург чохь тӀоьрмиг берийн беша бахьа.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- 31.чу агӀон тӀера духарш басар дайта шайн бере: аьхкенан - можа, Ӏаьнан - цӀен..

## 4.гIа де

Шун беро Iамадо:

тидаме ладогIа, ма аллара хIума дан, шайн чоь чохь сиха лела, хIума каро.

тIедиллар:

- Ловза шайн бераца "Шийла - йовха" аьллачу ловзарх

"Шийла - йовха"

Шайн берана ца гойтуш цхьа тайниг д1алачкъе. Шун беро схьалахаа еза и тайниг. Цо и лохучу юкъана шун бер тайнигна герга додахь, аша олу: йовха, йовха, гена далахь олу: шийла, шийла.

Совдаькkхина тIедиллар:

- Карладаккха шайн бераца цуьнан цIе, адрес, телефон номер.

## 5.гIа де

Шуна оьшу:

- 32.гIий, 33.гIий шардаран кехатин агIонаш
- Тайнигийн рекламаш
- Тукар
- Клей.

Шун беро Iамадо:

Кхетамаш: " тера", " бе-бе"

Чохь ловзочу, арахь ловзочу тайнигийн юккъера башхалла.

ТIедахкарш:

- Лахийта шайн бере 32.чу агIон тIехь 4 башхалла
- Шайн бере реклами тIера тайнигийн суьрташ тукарца схьадахийта
- Шайн бере дерриге суьрташ шина декъе декъийта:
- 1.чохь ловзош дерш. 2.арахь ловзош дерш. Муьлхнаш мега царех чохь а, арахь а ловзо?

Совдаькkхина тIедахкарш:

- Лахийта шайн бере 33.чу агIон тIехь догIмаш
- Дийца шайн бере, стенах ловзара шу арахь шай бераллехь. ГIамарх, хих лаций дийца хьажа цу юккъехь.

## 3. WOCHE: DIE KINDERTAGESEINRICHTUNG

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 34.гIа агIо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Iамадо:

Г1олехь шен гуо бовза
Шен гуонах лаьцна дийца.

ТIедахкарш:

- Берийн бешах лаций дийцита шайн бере, масала, Мичахь ю хьан тоба?, Мас г1ат ду берийн бешахь? Мас тоба ю берийн бешахь?, Мичхьа меттехь ловзу хьо арахь?, Спортчоь мичхьа ю? икхд
- Шайн бере 34.чу агIон тIера сурт чекхдаккхита.

### 2.гIа де

тIедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, тидаме эца жайнин хьехамаш

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Дийца шай бераца берийн бешах лаций
- Хатта, даздой цигахь вина де
- Дийца шайн бераца, муха даздора аш шаьш дина де шайн бераллехь.

### 3.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 35.ий, 36.ий агIонаш
- Тукар
- Клей.

Шун беро Iамадо:

Ц1енаъ, нийсаъ хIума тIелато
Дакъош вовшахдаьхна хIума юха вовшахтоха.

ТIедахкарш:

- 35.чу агIон тIера суьрташ тукарца схьадахийта шайн бере
- Цхьацца сурт тIе гулош, цхьа доккха сурт диллийта шайн бере, ткъа цул тIаьхьа 36.чу агIон тIера машенан кузов чохь и хIумнаш йолуш санна тIелатаяйта.

## 4.гIа де

Шун беро Iамадо:

Светофоран беснаш довза, царах лаьцна дийца.

тIедиллар:

- Шайн бераца аравала некъан йисте, светофораш йолче. Кхетаде шайн бер, х1ун башхалла ю машенашна х1оттиначу светофорний, г1ашлошна х1оттиначу светофорний юккъехь.

## 5.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 37.г1а агIо.

Шун беро Iамадо:

Дешнаш: тIехь, бухахь, тIехьа, хьалха, чохь, арахь, и доцуш
Цхьа керла йиш.

ТIедахкарш:

- Дийцита шайн бере 37.чу агIон тIера суьрте хьоьжуш, мичхьа ду и цициг (ж1аьла)
- Ойлае шайн бераца маьIна дуьхь-дуьхьал долчу предложенех
- Цициг стоьлан бухахь ду.
- Жайна стоьлан тIехь ду.
- Цициг ишкап хьалха ду
- Нуй ишкап тIехьа бу.
- Ж1аьла бун чохь доцуш ду
- Дийцита шайн бере, мичхьа ду жIаьлаъ, цициг.

Совдаькkхина тIедахкарш:

- Шайн бераца цхьана йиш лакха, дешнаш юкъа тухуш, масала,
- Сурт дилла ца луург...., и охьахуу
- ХIум тIелато ца луург...., и охьахуу
- Хелхар дан ца луург...., изаь охьахуу
- Ловза ца луург...., иза охьахуу
- Нека дан ца луург..., изаъ охьахаа

Эшар
Хьанна ца лаьа вада,
Хьанна ца лаьа вада,
Иза охьахаа.

# ТОБА



Берийн бешарчу тобанехь юьхьенца дуьйна бераш наной цхьана боцуш ловзу. Цуьндела хьехархой цу берашна чIогIа гергара бу. Шен тобанан чохь бер паргIат хила деза, ийзаъ ца луш, шех тешна. Берийн чоь иштта кечйина хуьла цу берана и синпаргIато луш, кхуьуьйтуш.

Берийн чоь масех декъе екъна ю: сонеш, стоьлаш, шайн маьIна долуш. ХIора сонехь шен ловзаран гIирс бу, хIора тIегулдинчу стоьлашна тIехь бераш кхечу хIумнех ловзу.

Иштта хуьлу:

- Тайнигийн соне
- Йоттаран соне
- Ешаран соне
- Йохка - эцаран соне
- Юург кечьяран соне
- Икхд.

Иштта тайп-тайпанчу Iалашонна тIегулдина стоьлаш а ду:

- ХIума юу стол
- -Кехатин ловзаран стол
- Йоттаран я вовшах латоран стол
- Икхд.

Массочу берийн бошмашкахь бац цу кепара низам. Цхьайолчу бешахь деш долу хIума бе-бе далахь а, и бераш цхьани стоьла тIехь ловзуш Iар коьрта ду. И хазаъ ма ду шу шайн бер тергалдан йиш хилар, кхечу берашна юккъехь ша ловзуш.
ТIаккха шуна ган йиш ю шайн беран тобанехь дерриге цхьабоьсса декъна дуйла. Шайн бераца бес-бесара ловзарах лаьцна дийца йиш ю шу, цIахь ловзаъ.

Цхьа ши kIира дIадаьлча, дукха хIума Iема берашна, шаьш бешахь тергалдан дезаш долу. Иза чIогIа маьIна долуш ду берана, шех тешна хила, юххехь воккханиг ца хиларах, ша муха лелан веза хаа.
Хьажал шу цкъа цхьана шина сохьтехь шайн берийн тобанехь болх муха дIабоьду. Къамел де шайн беран хьехархочуьнца цунах лаций.

АЬТТО ХИЙЛА БЕРИЙН БЕШАХЬ!

## Хьалхара кIира: Берийн тоба

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 39.гIа агIо
- ЦIен къолам
- Сийна къолам.

Шун беро Iамадо:

Шен гонаха дерг ма дарра ган а, и дагадаийта
Беснаш: цIен, сийна
Дешнаш "хинтIулг", "зIе" (я "заьIа").

ТIедахкарш:

- Дийца шайн бераца, стенах ловзу и бешахь: ХIун ю шун тайнигин сонехь?-Арахь стенах ловзу хьо? Стоьлашна тIехь хIун ловзарш хуьлу шун? Икхд
- Шайн бере 39.чу агIон тIера хинтIулгаш басар дайта, цIен, сийний хийца а хуьйцуш.

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Хьажийта шайн бер бес-бесарчу кочаъ, пIелгаъ, пхьарсаъ юьллучу хIумнашка: заьIа, мухар икхд
- Гулде шайн бераца тайна тIехь тIулгех туьтеш, нуьйдарчий икхд.

### 2.гIа де

тIедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, тидаме эца жайнин хьехамаш

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Къамел де шайн бераца шайн чохь йолу цIений, тиший хIумнех лаьцна
- Гайтита шайн бере шайн хьешан цIачуьра ерриге горга хIума.

### 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатин 40.гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш.
- Горгий, биъсонарий, кхо са болу хӀумнаш.

Шун беро Ӏамадо:

Горгий, биъсонарий, кхо са болу кепаш
Беснаш: цӀен, баьццара, можа.

ТӀедахкарш:

- Шаьш шайн бераца беша доьдуш тергалйе горгий, биъсонарий, кхо са болу хӀумнаш, масала, кораш, некъаца дӀатоьхна у икхд. Ловзаран кепехь къамел де шайн бераца, цунна и хӀумнаш Ӏемар йолуш: Муха ду и кор, биъсонар я деха? Кхо са болуш ду и у я горга? икхд.
- 40.чу агӀон тӀера кепш басар яйта шайн бере: биъсонар – цӀен, горга - можа, Кхо са – баьццара.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Бартбе шайн беран хьехархочуьнца, шаьш цхьана дийнахь догӀур долуш шайн бер тергалдан тобанехь и муха лела.

### 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Пластилин я бод я уьйраг.

Шун беро Ӏамадо:

Кепаш горга, биъсонар, кхо са ша ян.

тӀедиллар:

- Хьажийта шайн бер горга, биъсонар, кхо са болуш кеп пластилинах (я бедах, уьйрагах) ша ян.

Совдаьккхина тӀедахкарш:

- Къамел де шайн бераца, хӀун до цо берийн бешахь, масала:
- ХӀун эшарш лоькху аш?
- Шуна тахна хӀуммаъ йийшарий?
- икхд

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 41. ра, 42.гӀа,43.гӀа агӀонаш
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ӏамадо:

Шена гуш дерг дийца.

ТӀедахкарш:

- Дийца шайн бераца 41.ра агӀон тӀера суьртах лаций
- Лахийта шайн бере 42.чу агӀон тӀера 4 башхалла.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- 43.чу агӀон тӀера кепаш ондачу кехаттӀе яхка, цул тӀаьхьа тукарца схьаяха
  Шайн бере и кепаш керлачу кехатан тӀехь басар яйта. Иштта горга а, биъсонар а кепаш Ӏамо мегар ду.

Kommunale Integrationszentren NRW

## Шозлагlа кlира: Берийн тоба

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 44.гlа агlо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро lамадо:

Хlуман тидам бан, и дагахь латтор чlагlдан
Цхьана йогlучу хlуманийн цlераш.

тlедиллар:

- Шеца тобанехь долчу берийн цlераш яхийта шайн бере. Мас шераш ду цу берийн? Йоl ю и я кlант ву? Икхд.

Совдалккхина тlедахкарш:

- 44.чу агlон тlера цхьанадогlу суьрташ сизанца вовшадозийта шайн бере, масала:
    - Ден сурт - ненан суьртаца
    - Пазаташ - мачашца
    - Зезагаш - вазийца
    - Ведар - бел
    - Икхд.

### 2.гlа де

тlедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна. Пайдаэца жайнехь дечу хьехамех

### 3.гlа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 45.гlа агlо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро lамадо:

Дийца, муха кечйина бешахь церан чоь.

тӀедиллар:

- Яхкийта шайн бере 45.чу агӀон тӀехь къоламашца шайн тобанан чохь йолу хӀумнаш. ГӀо де цунна хаттаршца, масала: Муьлха тайниг хазахета хьуна тайнигийн сонехь?, Муьха духар деза хьуна тӀорказ чуьра? Икхд.

Совдаькккхина тӀедиллар:

- Хатта шайн бере, хӀун дира цара тахна бешахь.

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шайн чуьра горгий, биъсонарий, кхо са болу хӀумнаш
- Цхьа кӀаденан я киленкин тӀоьрмаг.

Шун беро Ӏамадо:

Кепашан тӀеъ хьожуш цӀераш яха.

тӀедиллар:

- Шаьш кечйина хӀумнаш кӀадейнан я пластикан тӀоьрмиг чу яхка. Цу тӀоьрмиг чу ца хьожуш, куьйга эшарехь, шайн берана и кеп евзи хьажа. ГӀо де цунна, масала: Схьакховдол соьга горга хӀума., Ткъа хӀинца биъсонар хӀума лол соьга икхд. Шайн бераца хийца луш ловза мегар ду шуна.

Совдаькккхина тӀедиллар:

- Къамел де шайн бераца шайн Даймахкахь динчу мухарх, заьӀнех я хӀазарх лаций. Къаьстина тидаме эца церан кеп а, бос а..

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 46.гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш
- Тукар.

Шун беро Ӏамадо:

Сурт дилла, и басар да
Тукар лело, цуьнца хӀума яр а
Дакъошна декъна сурт вовшахтоха
Ма дарра хӀума ган, цуьнан тидам бан.

ТӀедахкарш:

- Шайн бере 46.гӀа агӀо басар яйта. Стоммачу сизан тӀехула схьадаккха сурт, иза пуццле ю - даккъошна декъна сурт
- Шайн бере и дакъош нийса вовшахтухуш, сурт хила ма деззара дӀахӀоттадайта.

Совдаьккхина тӀедахкарш:

- Кху хӀумнашца кимловзарх ловза:
- хинтӀулгаш
- суьртан дакъош(пуццле)
- муьллхаъ горга хӀума
- муьллхаъ биъсонар хӀума.

## Кхозлагlа кlира: Берийн тоба

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 47.гla агlо

Шун беро lамадо:

Шен коьрте деънарг ала

Ши сурт цхьанатоха.

Тlедахкарш:

- Дийца шайн бераца 47.чу агlон тlера суьртах лаций
- Хаттарш де шайн бере:" хlун деш ду бераш кху сохьтехь?", "Хlун лелайо цара болх беш?", "Муха ду цара дехкина суьрташ?".

Совдальккхина тlедахкарш:

- Тутех ловзуш шарде дешнаш: пуццлеш, йотта, мозаик, лато, сурт дилла, басар дан, сиз, тlадам.
- Чолхе дешнаш шарде, тутех ловзуш: басар до щетка, кехат, къорза кехат, тайниг, тайнигийн соне, тайнигийн коч, тайнигийн ворда икхд

### 2.гlа де

тlедиллар:

- Цхьа жайна деша шайн бераца цхьана, тидаме эца жайнин хьехамаш

### 3.гlа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 48.гla агlо
- Беснаш долу къоламаш я хин басар.

Шун беро lамадо:

Куьзгана хьожуш сурт дилла, хlума юста

Амма и чlогlа хала ду, куьзганца сурт диллар. Бере и ца далахь, хlуммаъ дац.

тlедиллар:

- 48.чу агlон тlера поллан аьтто тlоме хьожуш аьро тlам билла.

Совдаькххина тlедахкарш:

- Шайн бераца тутех ловза, амма аш аьллачу дашана дуьхьал маьlна долуш дош дало деза цо: Аш олу:"Йоккхаъ йоцуш", - шун беро:"Жима". Иштта кхи д1аъ:
- Хаза йоцуш - ирча
- Цlена йоцуш - боьха
- Ерстана яц - оза
- И кlант вац - йоl
- Еха яц - йоца
- Икхд.

## 4.гlа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 49.гlий, 50.гlий агlонаш.

Шун беро lамадо:

Цхьатера суьрташ цхьанатоха.

тlедиллар:

- 49.гlий, 50.гlий агlонаш тlера суьрташ басар дай, тукарца схьадахийта шайн бере, тlаккха царьца мемореx ловза.

## 5.гlа де

Шун беро lамадо:

Цхьа керла эшар
Хlума ма дарра ган, тидам бан, коьрта чохь латтон.

Тlедахкарш:

- Шайн бераца цхьана йиш лакха, цхьани и дагайоуьйтуш
- Шайн бераца цхьана ловза "Суна го, хьуна цагушдерг" бохучу ловзарх.

ЭШАР

-Вада ца луург,
-Вада ца луург,
Иза охьахаа
-Вада ца луург,
-Вада ца луург,
-Иза охьахаа

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Карлаяккха шайн бераца и эшар, амма хIинца кхин дешнаш леладе:
- Сурт дилла ца луург,
- Сурт дилла ца луург,
- Иза охьахаа
- ХIума лато ца луург...
- Хелха вала ца луург...
- Ловза ца луург...
- Нека дан ца луург...
- Дийцита шайн бере дуьхь-дуьхьал маьIна долуш, ч1ог1ий, кIедий йолчу хIумнех лаций.

# АРАХЬ ЛОВЗАР



Арахь ловзуш бераша шаьш зуь, сиха даккхий хуьлу. Кху темано дукха таронаш ло вайна, берашца кхочуш ян йиш йолуш. Масала, ловзаран майдан вахар парке, я хьуьнха.

Иштта хlара ловзарш догlу кху теман юккъе:

- некъ тlехь ловзар
- догlанехь ловзар
- багахь гlовгlа еш ловзар
- хьуьнхахь ловзар

Шайн бераца дийца, шаьш кегий долуш стенах левзар шайн Даймахкахь. Хьехар де шайн берана, муха ловзу арахь, берашца я шаьш. Тайнигашца я йоцуш? Дов доккхий щу беро арахь? Даккхахь, хlунда?

АЬТТО ХИЙЛА АРАХЬ ЛОВЗУШ!

## ХЬАЛХАРА КIИРА: АРАХЬ ЛОВЗАР

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 52.гIий, 53.гIий агIонаш
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Iамадо:

Дикка ладогIа

Ловзар, цунна оьшу тайниг, буьрка икхд хIума цхьанатоха.

ТIедахкарш:

- 52.чу агIон тIера суьртах лаций къамел де шайн бераца
- Цхьанайозийта шайн бере 53.чу агIон тIехь гойту ловзаран хьал цунна оьшучу хIуманца (буьрка, бел, тайниг икхд)
- Лаха шайн бераца цхьана догIу дешнаш тIаьхьадогIучу дешнашна: машен, гIум, некъ, куртак, оьха, сиха.

Совдаьккхина тIедиллар:

- Шайн бераца велосипед хахка гIуо, шайна дуьхьал кхетачу хIуманийн цIераш яха.

> Дагахь латтаде:
> ХIара тема йолало 52.чу агIон тIера суьртаца. Цу суьртах пайдаэца шаьш арахь ловзуш. Амма шай бере дийцита, хIун го цунна. Сурт буьйнахь долуш хаттарш де, хIун, мичхьа, хIунда дуьйлало. Шун берана сурт дилла лаахь, хатта, хIун юьллуш ву и.

### 2.гIа де

тIедиллар:

- Шайн бераца цхьа жайна деша, пайдаэца жайнехь долчу хьехамех

Совдаьккхина тIедиллар:

- Шайн бераца библиотеке гIуо.

### 3.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 54.гlа агlо
- Беснаш долу къоламаш
- 4 тайп-тайпана хlума.

Шун беро lамадо:
Жимий, йоккхий хlуманна юккъера башхалла.

Тlедахкарш:
- 4 тайп-тайпана хlума буьйнахь йолуш дийца шайн бере, жима хlума муха хуьлу, йоккха - муха хуьлу
- 54.чу агlон тlера хlумнаш басар яйта шайн бере: яккхий - баьццара, кегий - можа.

Совдаькккхина тlедахкарш:
- Шаьш беша дlасадоьлхуш, дийцита шайн бере муьлха кегий хlумнаш го цунна, муьлха яккхий
- Хатта шайн бере, стенах ловзу и арахь.

## 4.гlа де
Шун беро lамадо:
Гlолехь шен дегl меттахдаккха.

тlедиллар:
- Шайн бераца цхьана арадовлий, ловза дегl сиха я чlогlа меттахдохучу ловзарах, масала: буьрканах, кхийсавалархь икхд.

Совдаькккхина тlедиллар:
- Шайн Даймахкара эшар лакха шайн бераца

## 5.гlа де
Шуна оьшу:
- Шардаран кехатийн 55.гlа агlо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро lамадо:
Беснаш: цlен, баьццара, можа, сийна
Горга кеп
Кхетам: жима - йоккха

тlедиллар:

- 55.чу аш агӀон тӀера горга кепаш басар яйта шайн бере: уггаре йоккха - цӀен, цул жима - баьццара, кхиъ жима - можа, гуттараъ жима - сийна. ГӀо де цунна къамелаца: Гайтал суна уггаре йоккха горга хӀума. Кхуьнан цӀен бос бе ахь. Цул жимо муьлха ю? ХӀара баьццара ян мега хьуна. Икхд.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Хьажийта шайн бер шун доьзалехь уггаре яккхий пазаташ хьа лелайо. ДӀанисъяйта цуьнга уьш: уггаре яккхий, царел кегий, кхиъ кегий икхд.

2.ГLA KLИPA

## 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 56.rIa, 57.rIa arIонаш:
- Беснаш долу къоламаш
- Тукар.

Шун беро Iамадо:

Берийн бешарчу бакъонашна юккъехь ша латто
Шена схьаго хIуманийн цIераш яха.

тIедиллар:

- Шайн бераца 56.rIa, 57.rIa суьрташ стоммачу сихан тIехула тукарца схьадаккха, тернаш цхьанаъ тухуш шина декъе декъийта уьш шайн бере.

Совдаькххина тIедахкарш:

- Шайн бераца суьртех мемори ловзар де, хIора сурт латаде стоммачу кехатна тIe.
- Шайн бераца цхьана меморех ловза.

## 2.rIa де

тIедиллар:

- еша шайн бераца цхьа жайна, тидаме эца жайнин хьехамаш.

## 3.rIa де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 58.rIa arIo
- Цхьа къолам.

Шун беро Iамадо:

Велосипеда цхьацца дакъойн цIераш яха.

тIедиллар:

- Хьажийта шайн бер 58.чу агӀонан тӀера велосипедан муьлха дакъош тӀе ца тоьу, цу дакъойн къоламца сурт диллита.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Хьажийта шайн бер дикка велосипеде, цуьнан дакъойн цӀераш яхийта. Алийта шайн бере, хӀунда оьшу уьш.

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Некъан тӀехь сурт дуьллу мелаш.

Шун беро Ӏамадо:

Мелаш лело
Йоккха меттиг схьалоцуш сурт дилла.

тӀедиллар:

- Шайн бераца араъ довлий, бӀегӀийлачу меттехь мелаца сурт дилла.

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 59.гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ӏамадо:

Сурташ вовшах доза.

ТӀедахкарш:

- 59.чу агӀон тӀера шина суьрте хьажий, дийца шайн бераца, хӀун хилла цу тӀехь
- Ойлаяйта шайн бере, муьлха ши сурт ду дуьхь-дуьхьал маьӀна долуш, ткъа муьлха шиъ догӀу маьӀница цхьана, и шишша сурт сизанца цхьанатоха.

Совдаьккхина тӀедахкарш:

- Къамел де шайн бераца, муьлха хӀума ю тӀеда, муьлха - екъа
- Цхьана яьшки чу яхка: кӀаденах йина тайниг, буьрка, кхийсало тӀийриг. ДӀакъевлинчу бӀаьргашца куьга эшарехь хаа деза берана, шена караеънарг хӀун ю, цуьнан цӀе яккха.

## 3.ГIA KLИPA

### 1.ра де
Шуна оьшу:
- Шардаран кехатийн 60.гlа агlо
- Беснаш долу къоламаш
- Цхьа бос боцу къолам.

Шун беро lамадо:
Леррина тидам беш, ши хlума юста.

Тlедахкарш:
- 60.чу агlон тlера цхьатера ши мачий, цхьатера ши пазат цхьанатохийта шайн бере
- Шайн бераца араъ довлий, цхьатера ши хlума лаха, масала: патарш, тlулгаш, гlожмаш.

Совдаьккхина тlедиллар:
- Цхьана тlоьрмаг чу яхка шайна карийна тlулгаш, патарш, гlожмаш. Куьйга эшарехь схьаълохуш, ала деза беро, шена карийнарг хlун ю.

### 2.гlа де
тlедиллар:
- Деша шайн бераца цхьа жайна, тидаме эца жайнин хьехамаш.

### 3.гlа де
Шун беро lамадо:
Арахь лела, гонахь долчунна тидам беш.

тlедиллар:
- Шайн бераца цхьана арадовлий, лечlоргах ловза.

### 4.гlа де
Шуна оьшу:
- Шардаран кехатийн 61.ра агlо.

Шун беро lамадо:

Тайп-тайпанчу транспортах лаьцна дийца, шегахь ерг хахка (берийн машен, велосипед икхд).

Тlедахкарш:

- Дийца шайн бераца 61.чу агlон тlера суьртах лаций
- Ойлае шайн бераца, муха меттахвалало и, масала, вадар, кхоссавалар, дlататтар икхд. Хьажа, муха воду иза, кхоссало, дlатотту цо. Тидам бе, муьлха меттахввалар атта ду шун берана, муьлха ду хала. Хlун до цо хазахетарца, ткъа хlун-ца лууш. Хьажа, шайн бер цхьана кога тlехь латталой

## 5.гlа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 62.гlа агlо
- Тlергlан тай(уьйраг), беха сара
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро lамадо:

Шен дегlан йозалла латто.

тlедиллар:

- Шайн бераца цхьана арадовлий, цуьнан коьрта тlе уьйраг буьллу аша. И уьйраг охьа ца божош, нийса дlаваха веза и. (Уьйраган метта кхи хlума хила тарло).

Совдаьккхина тlедиллар:

- 62.чу агlон тlера хlора могlарехь терачу хlуманийн цхьа бос байта шайн бере.

# МЕТТАХВАЛАР



Кегий берашкахь чIогIа дукха гIора ду. Доллу дуьне щеца дуста беро, шен ницкъ бовзаъ, шега далург зен а лаьа, шега далучуьн доза мел генахь ду хаан лаьа
Доккха мел хуьлу, атта ду берана меттахдала. Хан мел ела, халох дерг дан хьожу иза. Жимчу берана чIогIа хала ду тIийрагна тIехула кхийсадалар, амма цкъа цаьрга иза данделли, юх-юхаъ хьовса уьш.
Сурт дуьллуш, бер каде меттахдуьлу, цул совнах хIусам ютту чхарашца ловзу.
Даккхийро бераша, меттахдолуш, шайн дегI хаза леладо, масала, цхьаъ басар еш я
йохаллица цхьа хIума схьахадош.

ДегI дерриге меттахдоккхуш, ойлае аш, масала:

- велосипед хахкар
- вадар
- юьйцана йолчу тIехула хьалавахар
- эшарца хелхавалар
- вотанций, гIожмащий мукъам баккхар (вота тохар).

Хаза меттахволуш ойлае:

- айхьа хIума йору алий
- хьо басар хьокхуш ю
- хьо хаза йоза яздеш ю
- мала хи (мутт икхд) масех адмана дуттуш ю
- чимчарха дIадоьхкуш ю
- нуьйдарчий дIатосуш ю

И дерриге меллаша, хаза меттахйолуш дан деза. Цкъацкъа ца ваьлла долу вай меттах. Амма цкъацкъа – хазахетарца.

МЕТТАХДИЙЛА ДУКХАЪ, ХАЗАХЕТАРЦАЪ!

## ХЬАЛХАРА КIИРА: МЕТТАХВАЛАР

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 64.гIий, 65.гIий агIонаш
- Хелхара йиш.

Шун беро Iамадо:

Суьрте хьажа
Суьрта ойлаян
Цхьа цIе тилла бахьна каро.

тIедиллар:

- 64.чу суьрта кIелахь цу тIехь доцург ду алий язде, масала, "Кхузахь хелхаволуш цхьа кIант ву", "ЙоI ю шен чан кIорница хелха йолуш" икхд. Хьовса шайн беро хIун до. Тидам бой цо цу гIалата? Хатта цуьнга, хIун ду боккъаллаъ суьрта тIехь? Дийцита цуьнга шена гуш дерг.
- ЛадогIа шайн бераца мукъаман юккъера цхьайолчу кийсакашка, цхьани хелхаъ довлуш. Муха долу шу бер хелха: меттахдолуш цхьатера долу и я гуттараъ кхечу агIора?
- 65.чу агIон тIера сиз тIехула дIадига, хьажа, стенца ловзуш ву кIант..

Совдалькккхина тIедиллар:

- Шайн бераца цхьана йиш лакха "Корта, белшаш, голаш, пIелгаш".

ЭШАР

Корта, белшаш, голаш, пIелгаш,
Голаш, пIелгаш
Корта, белшаш, голаш, пIелгаш
Голаш, пIелгаш
БIаьргаш, лергаш, мербуьхьиг
Корта, белшаш, голаш, пIелгаш
Голаш, пIелгаш.

## 2.гӀа де

тӀедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, тидаме эца жайнин хьехамаш

Совдальккхина тӀедахкарш:

- Шайн бераца шайн къоман хелхар де
- Шаьш тӀаьххьара Ӏамийна эшар карлаяккха.

## 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 66.гӀа агӀо
- Шиъ дечиг Ӏайг
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ӏамадо:

Кхетам: сиха - меллаша.

ТӀедахкарш:

- Шайн бераца цхьа эшар лакха, дечиг Ӏайгашца беро тӀаьхьара вотаъ тухуш. Шаьш пӀелгашца стоьла тӀехь вота тоха, арахь догӀа догӀуш санна, цкъа меллаша, тӀаккха чӀогӀа, тӀаккха кхиъ чӀогӀа.
- Цхьани куьйгаш тоха, цкъа меллаша, тӀаккха чӀогӀа, тӀаккха кхиъ чӀогӀа.

Совдальккхина тӀедиллар:

- Шайн бере 66.чу агӀон тӀера цхьана йогӀу ши хӀума басар яйта.

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Денна шаьш лело ши хӀума
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ӏамадо:

Денна лело хӀуманца мукъам баккха

ХӀуман массочу агӀора ойлаян, бес-бесара хӀума дагадаийта.

ТӀедахкарш:

- Шайн бер, ша мукъам боккхуш санна, Ӏайгацаъ, ялгӀуцаъ, ахкарцаъ ловзийта, багахь шена хуу мукъам бало мегар ду.
- Шайн бераца "пондар" (" балалайка", гитара", "зурма" икхд) бан хьажа: кехатах, дасделлачу гӀуткхех, шишнах икхд.

Совдальккхина тӀедахкарш:

- Шайн бере 67.чу агӀон тӀера хӀумнаш ягаръяйта, уьш мел ю, оццул го байта.

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 68.гӀа агӀо.

Шун беро Ӏамадо:

Кхетамаш: бухахула, тӀехула, тӀехьахула, юххехула.

тӀедиллар:

- 68.чу агӀон тӀера картеш, сизан тӀехула, тукарца схьадахийта. Кегаъдай, бертала охьадахка уьш стоьла тӀе. ХӀора ловзуш волчо схьадоккху шен рогӀехь карта, схьаолу, муха Ӏуьллу буьрка, тӀаккха схагайта хьожу, и билгал муха Ӏуьллу.

Совдальккхина тӀедиллар:

- Хьажийта шайн бер ловзучу хӀумнашка, церан цӀераш йохуш, алийта, муха ловзу цаьрца.

## ШОЗЛАГӀА КӀИРА: МЕТТАХВАЛАР

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 69.гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ӏамадо:

Сурт дуьллу басарш
Бес-бесара кепаш, меттахваларш.

ТӀедахкарш:

- Шайн бераца дийца 69.чу агӀон тӀера суьртах лаций, хаттарш де цуьнга:
  - ХӀун деш ду суьрта тӀера бераш?
  - Мичхьа ду уьш?
  - ХӀун ю цара ловзош?
  - Мас бер ду гуна тӀехь (бинжолиг тӀехь, карусель тӀехь икхд)
  - Динна предложеница жоп далийта бере.
- 69.чу агӀон тӀера ловзош йолу хӀумнаш тайп-тайпана басар яйта..

Совдаькххина тӀедиллар:

- Шайн бераца эшар лакха.

ЭШАР: " Хелха долу БӀоби"

Хелха дуьйлу и БӀоби
ЦӀийна гонах, бӀом-бим-бум
Іаьржа БӀоби, ирча БӀоби
Хелха дуьйлу бим-бӀом-бум
ДӀасалеста, дӀасатехка,
Галеш тӀехьа охьадоьхка
ЦӀийна гонах уьду БӀоби

Доьлху, доьлу, хелхадуьйлу
Кхин ма дола тхоьга, БӀоби
Хьо ма делха, хьо ма дела
ЦӀийна гонах хьо ма ида
Хелха дуьйлуш, кӀеж ма тийса
Іаьржа БӀоби бим-бӀом-бум
Ирча БӀоби бӀом-бим-бум

## 2.гӀа де

тӀедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, тидаме эца жайнин хьехамаш.

## 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 70.гӀа агӀо
- МаьӀа я дечиган биъса.

Шун беро Ӏамадо:

Цхьанна тӀера ялханна тӀе ккаччалц дагардан (1-6).

ТӀедахкарш:

- Билгалъяккха шаьш ловза дуьйлало меттиг (чохь я арахь). Биъса хьалакхуссу: цу тӀехь мас тӀадам боьжна, оццул гӀулч йоккха хьалха волавелчо. Иштта хӀораммо шен рогӀехь. Хьалха Ӏалашоне дӀакхаьчнарг, тоьлла.
- 70.чу агӀон тӀера хӀумнаш ягаръяйта шайн бере, уьш мел ю, оццул жима го бо цо жимачу яьшкина юххехь.

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 71.гӀа агӀо
- Клей
- Тукар
- Беснаш долу къоламаш
- Стомма кехат
- Мукъам.

Шун беро Ӏамадо:

Ловзо биъса ян (тӀедарчашца)
Хаза меттахвалар а, сиха тидам бар чӀагӀдар.

ТӀедахкарш:

- 71.чу агӀон тӀера пелагаш тайп-тайпана басар яйта. ХӀора пелагна тӀехь ше дешхьалхе ю, цунах муха ловзу язйина. Сизан тӀехула тукарца схьаяккха и, тӀаккха стоммачу кехатна тӀелатаяйта. Нисса сизнаш

тӀехула саттайо аш биъса. Амма шай бераца цхьана (!). Вовше тӀетӀа хӀуттучохь тӀелатайо.

- Ловза шай бераца меттахваларан ловзар:
  Цкъа хьалха хӀоттабе самукъне мукъам.
  Аш цхьани йина биъса хьалакхуссу беро.
  Биъсана тӀоьхала йолчу агӀон тӀера меттахвалар кхочуш до аш: цхьаъ хьалха, важа тӀаьхьа, шай бераца цхьана, юх-юха деш, дуккхазаъ.
  ТӀаьхьо хийцало: аш кхуссу биъса хьала, шу бер меттахдолу биъсана тӀоьхлахь яздина ма дарра. Икхд.

## 5.гӀа де

Шун беро Ӏамадо:

Хан дӀа муха йоьду.

ТӀедахкарш:

- Дийца шайн бераца, муха дели таханлера де. Муьлха де ду тахна? Муьлха де ду кхана?
- Ловза шайн бераца: хӀора дийнан цӀе йоккхуш, цхьа пӀелг хьалаойбу. Цуьндела ловзарах олу "ПӀелгийн ловзар".

ПЛЕЛГИЙН ЛОВЗАР

Оршото кӀир доладо
РогӀе тӀаккха шинар догӀ
Кхаарц доьду кӀир кхин дӀа
Еъро доккху самукъ хьа
ПӀераска догӀу паргӀат схьа.
Шот де деха дижна Ӏуьллу
КӀирандийно куй тӀетуьллу

ТӀедахкарш:

- ПӀелгашца дагарде денош.
- Шай бераца къамел де, шозлагӀчу дийнахь хӀун дан лерина ву и.

Совдалькхина тӀедиллар:

- Ловза шай бераца меттахваларан ловзар, биъса кхуссуш, мукъам олуьйтуш.

## КХОЗЛАГΙА КΙИРА: МЕТТАХВАЛАР

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 72. гΙа агΙо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ιамадо:

Шовкъех лаьцна дийца: хазахетар, сагатдар, оьгΙазвахар.

ТΙедахкарш:

- Дийца шайн бераца 72.чу агΙон тΙера суьртах лаций:
- " ХΙунда къийсало бераш?"
- "Мичхьа ловзу уьш?"

Совдаькккхина тΙедахкарш:

- Шайн бер лийчош, дагардайта цуьнга шен куьйгий, когий пΙелгаш
- Еша шайн берана хΙара байт, югΙ-югΙаъ йоьшуш шаръе.

> БАЙТ
>
> КΙирандийнахь малх бу къегаш
> Оршот дийнахь Шот ву вогΙуш
> Шинар дийнахь болх бан воьлла
> Кхаъре дийнахь юккъе ваьлла
> Еъре дийнахь дукх хΙум даьлла
> ПΙераск дийнахь мукъа ваьлла
> Шота дийнахь чот ян ваьлла.

### 2.гΙа де

тΙедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, тидаме эца жайнин хьехамаш

Совдаькккхина тΙедиллар:

Шуна оьшу:
- 2 метр хир йолуш тӀийраг, цхьана къоламал хир йолуш 2 гӀаж.

Шун беро Ӏамадо:
Гӏолехь меттахвала
Цхьабоьсса къамел дан, меттахвала Ӏама.

- Шайгара тӀийраг цхьа агӀо гӀажна тӀеехка. Шайн бере гӀажца тӀийраг гонаха хьийзаяйта. Цунна и дика хаахь, шина гӀожца хьийзаяйта ши тӀийраг гонаха. Кхечу агӀора а мегар ю уьш меттахйийха, масала, лаьхьа санна.

## 3.гӀа де

Шуна оьшу:
- Шардаран кехатийн 73.гӀа агӀо
- Жимий, даккхий хинтӀулгаш я нуьйдарчий
- Тайп-тайпана нуьйдарчий.

Шун беро Ӏамадо:
Башхаллий, тера хиларрий къасто
Кхетамаш: йоккха - йокхо, жима - жимо, шера - шога, таьӀна - сирла.

ТӀедахкарш:
- Шайн бере кара нуьйдарчий дӀало, тӀаьхьадогӀу хӀума кхочушде ала:
- Схьахаржа цхьатерра яккхай нуьйдарчий
- Кху нуьйданал жимо нуьйда карае.
- Цхьа сийна нуьйда лаха
- Ши Ӏуьрг долуш нуьйда карае
- Цхьа горга нуьйда карае
- Шайн бере 73.чу агӀон тӀехь шина нуьйдана юккъе цхьатерра сизнаш хьакхийта.

Совдаьккхина тӀедахкарш:
- Шайн бере нуьйдарчашца цхьа ловзар кхолла ала
- Я цхьана хинтӀулгех я нуьйдарчех Тайна тӀе дозий туьтеш я пхьаьрсана хӀоз бе ала
- Ягаръяйта шайн бере шен бедарна тӀехь йолу нуьйдарчий, мас ю уьш?

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Газетан кехат
- Тукар
- Хелхарйиш.

Шун беро Ӏамадо:

Ша дочу хӀуманна тӀехь шен ойла сацо
Ша деш долу хӀума, хьалх-тӀаьхьа рагӀ ларош, нийса дан
Кепаш: Гуо, кхо са, цхьатерра биъса, беха биъса
(круг, треугольник, четырехугольник, прямоугольник).

тӀедиллар:

Шайн бераца цхьана газетах тукарца боккхо гуо бе, цхьа биъса (цхьатерра сонеш йолуш), кхо са, беха биъса (прямоугольник). И 4 кеп 4.а соне охьаюьллу. Хелхарйиш латайо, бер хелха долу. ЦӀеххьана йиш сацайой, бере цхьаъ де олу, масала, биъсана тӀехӀотта. Беро сихха кхочуш дан деза. ТӀаккха эшар юхаъ дӀайолало. Цул тӀаьхьа кхи хӀума де олу, масала, гуона тӀевада. Иштта кхин дӀа тайп-тайпана хӀума де олуш ловзу.

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 74.гӀа агӀо.

Шун беро Ӏамадо:

Юьхь дакъойн цӀераш яха: мара, беснеш, чӀенга икхд
Цхьа байт.

ТӀедахкарш:

- Шайн бераца куьзгана хьалха хӀотти, шайн меженийн цӀераш яха:
- сан беснеш – хьан беснеш
- сан чӀенга - хьан чӀенга,
- сан цкъоцкъмаш - хьан цкъоцкъмаш
- икхд

- Шайн бераца цхьана шайн яххьаш меттахйийха хьовса: хьаж хебаршка дагIийта, цкъоцкъмаш ирхадахийта, мотт арабаккха икхд
- 74.чу агIон тIехь бес-бесара юьхь-сибташ дахка: самукъне, оьгIазе, цецдаьлла, кхераме икхд
- Шайн бераца байт дIаеша, шарйе.

БАЙТ

ХIорш сан беснеш ю,
ХIар сан чIенга ю,
ХIар сан бага ю,
Шен чохь церган йолуш,
ХIорш сан лерган ду,
Сан бIаьргаш, сан мара,
Ткъа хIар гуш ма ду.

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Шайн бере маьIна доцу хаттарш де, масала:
  - ХIара сан мара буй? (куьйгаца цуьнан лерг гойту ахь)
  - Со едда йоьдуш юй? (лаьттахь хиъна ю хьо)
  - Икхд
- ТIаккха хийцало, хьан беро хьоьга хоттуш, ахь жоп луш.

# ЦIАХЬ



ХIара тема кхи башха кечам оьшуш тема яц. Адмаш дерриге аьлча санна цIа чохь Iаш ду, амма беъ пена юккъехь кхочуш ялуш тема ю хIар.

Схьаелла шай чуьра чоьнаш, беран тидам тIебогIуьйтуш::

- сени чоь
- вуьжу чоь
- берийн чоь
- юург кечйо чоь
- хьажийта бер лерина.

Пенош, кораш, муха ду уьш чохь, арахь. ХIора чоь стенна лерина ю. Шайн бераца шаьш цIа догIуш я цхьанахь доьдуш тидам бе арахь йолчу хIусмийн: хийла цхьана йогIуш хIусмаш гур ю шуна, хийла тера йоцуш. Цхьаерш шайн латта тIехь хуьлу, цхьаерш тIеккIал йина, чIогIа лекха.
Дийца шайн бераца цунах лаций.

Массо адмаш дац цӀенош чохь Ӏаш, цхьадолу къаьмнаш тахнаъ кӀаденах я эрзах йинчу лаппагӀнаш чохь Ӏаш ду, цхьаболу хьоладай - гӀаланаш чохь Ӏа.

Бес-бесарчу, тайп-тайпанчу, жимаъ, йоккхаъ картонах "хӀусмаш" йоттало шуьга шайн бераца.

АЬТТО ХИЙЛА ХӀУСМАШ ЯРАН ТӀЕХЬ!

## ХЬАЛХАРА КLИРА: ЦLАХЬ

### 1 Tag

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 76.гlий, 77.гlий агlонаш
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро lамадо:

Лерина хlумане хьажа

Шена гонах долчух ойлаян.

Тlедахкарш:

- Дийца шайн бераца 76.чу агlон тlера суьртах лаций. Хаттарш де цуьнга, масала:
- Муьлхачу чохь lаш ду бер?
- Хlун деш ду иза?
- Хlун хан ю цу тlехь? Мас даьлла хила мега?
- Мас даьлча воьду хьо дlавижа?
- Муха ду хьан чохь?
- Сурт дуй хьан чохь хьалтоьхна?
- Шайн бераца вуьжучу чуъ гlой, хаттарш де, цхьацца хlума де ала, масала:
- Охьхаал хьайн маьнги тlе
- Хьайн маьнги бухгlол
- Хlун ю хьан шкаф чохь?
- Хlун ю хьан пенах кхозуш?
- Хьайн маьнгина юхxе дlахlоттахь
- Икхд.

Совдаьккхина тlедахкарш:

- 77.чу агlон тlехь шена чохь lен луун долу цlа диллийта шайн бере
- Дийца шайн бераца деношах лаций:
- Муьлха де ду тахна?
- Муьлха дара селхана?

### 2.гlа де

тlедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш.

## 3.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 78.гIа агIо
- Беснаш долу къоламаш
- Цхьа яьшка чохь хIара хIумнаш йолуш: дечиг Iайг, цхьа тIулг, мераххьокху кехатйовлакхаш, цхьа маьIа Iайг, маьIа кружка, чайник..

Шун беро Iамадо:

Бес-бесарчу гIирсан агIонаш.

ТIедахкарш:

- Яьшка йиллина йолуш, цу тIе цхьа хIума таса (йовлакх, гата)
- Берашна луш долу тIедилларин масалш:
  - чуъ ца хьожуш, куьйга эшарехь мераххьокху йовлакх лаха яьшкин чуьра
  - куьйга эшарехь онда хIума карае
  - ондаъ, шийлаъ хIума лаха
  - цхьа хIума схьаэца, дийца и муха ю: чIогIа, кIеда, йовха, шийла
  - Икхд
- Шайн бере 78.чу агIон тIера хIусам йолчура и хIусам йинчу гIирсан тIе кхаччалц сиз хьакхийта.

## 4.гIа де

Шун беро Iамадо:

Шен де декъа.

ТIедахкарш:

- Къамел де шайн бераца, муха доькъу цо шен де:
  - ХIун до ахь Iуьйрана?
  - делкъана чохь хуьли хьо?
  - сарахь мичахь хуьлу хьо?

## 5.гIа де

Шуна оьшу:

- Цхьа кехатийн яьшка
- Кегий гIуткхаш
- Хьаштана лело кехат
- Дечиг гIожмаш (деттина жижаг тIедуьллу)
- Кехат

Kommunale Integrationszentren NRW

- Зорбатоьхна хаамаш
- Тукар
- Клей

Шун беро Iамадо:

Нисса тукарца хадаеш, тIелато
Тидам бан, мел йоккха ю хIума.

тIедиллар:

- Кехатан яьшкех шайн бераца вуьжу чоь е (хьажарна хилаъ мега и, амма тайниган чоь хила мега)

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Къамел де шайн бераца яккхай гIаланех, кегийчу яртех лаций, некъех, бес-бесарчу хIусмех лаций, масала: тIеккIал дина лекха цIа, жима лаппагIа, эрзах дина цIа, цIено-хIордкема икхд
- Шайн бераца вуьжуш локху йиш лакха.

## ШОЗЛАГIА КIИРА: ЦIАХЬ

### 1.Tag
Шуна оьшу:
- Шардаран кехатийн 79.гIий, 80.гIий агIонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Тукар.

Шун беро Iамадо:
Тlаьхь-хьалха уьйр ларош ойлаяр
Денний, буьйсанний юккъера башхалла.

ТIедахкарш:
- 79.чу агIон тIера суьрте дикка хьажийта шайн бер, дийца цу тIера тера йоцучу хIумнех лаций
- 80.чу агIон тIера суьрташ тукарца схьадахийта шайн бере. Кхо сурт гуттараъ цхьана догIуш ду. Дийца цу 3 суьртах цхьа дийцар, масала:
  - Кхузахь цхьанни боьха куьйгаш ду, вукхуьна цIена. ХIун хилла-те цигахь?
  - Кхузахь боьха бер ду гуш, ткъа кхузахь бер луьйчуш ду. ТIаьхьадогIучу суьрта тIехь хIун хир ду аьлла хета хьуна (=цIена бер).
  - Кхузахь го хьуна боьха пхьегIаш, ткъа хIоккхехь льтта пхьегIаш юьлу машен. ХIун ду тIаьхьа догIучу суьрта тIехь? (=цIена пхьегIаш)

### 2.гIа де
тIедиллар:
- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш.

### 3.гIа де
Шуна оьшу:
- Цхьа кехатийн яьшка, бес-бесара хIума яран я йоттаран гIирсаш
- Тукар
- Клей
- Цхьа сурт шена тIехь урам болуш дуккху цIеношца (шу шайн цIа тIехь долу сурт гIолехь хир ду).
- Хьешан чоьнан сурт.

Шун беро Iамадо:

Леррина яраъ, хIума тIелатоъ
Шена гонах дерг ма дарра ган.

ТIедахкарш:

- Шайн бераца суьртех лаьцна къамел де, масала:
  - ХIун го хьуна суьрта тIехь?
  - Мила ву кхузахь Iаш?
  - Мичхьа Iаш бу вайн лулахой?
  - Гайта суьрта тIехь шифанер.
- Шайн бере "хьешан цIа" дайта бес-бесарчу гIирсах. Дийцита цунах лаьцна.

## 4.гIа де

ТIедахкарш:

- Дийца шайн бераца шайн цIа чуьра бес-бесарчу чоьнех лаций, хIун дан мега цу хIора чохь?
- Шайн бере арахь цхьацца хIума куьйга эшара шена муха хета ала, буьйнаъ лаций, масала: тIулг, дечигах бина коран гура, эчиган велосипед икхд.
- Ловза шайн бераца яьшка чуьра хIумнаш куьйга эшарехь евзаш.

## 5.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 81.ра, 82.гIа агIонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Цхьа кхоьлина къолам.

Шун беро Iамадо:

Башхаллин тидам бан
Цхьана меттера кхечанхьа яхалуш хIумнаш йовза.

ТIедахкарш:

- 82.чу агIон тIехь тIеоьшу хIуманийн суьрташ дахкийта шайн бере.
- 82.чу агIон тIера хIуманийн цIераш яхийта шайн бере, цхьанхьара вукханхьа ягIло хIумнаш басаръе.

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Шайн бере тайнигна ша долийначу цIа чохь керла чоь е ала
- Шайн бераца шайн чохь цIанъе, шаьш дIайохачу хIумнех лаций дийца.

## КХОЗЛАГIA КIИРА: ЦIАХЬ

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 83.гIий, 84.гIий агIонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Тукар.

Шун беро Iамадо:

Шовкъех лаьцна дийца (хазахетар, халахетар, сагатдар, мохаяр, оьгIазвахар, догдатIар икхд).

ТIедахкарш:

- Дийцита шайн бере 83.агIон тIера суьртах лаций, масала:
- Маца доьлху жима бер, ткъа маца воьлху хьо?
- ХIунда воьлху хьо?
- ХIун до хьан хьехархочо хьо воьлхуш?
- Хьо кхеравелча воьлху хьо, я мохаеъчаъ воьлху хьо?
- Гайтийта шайн бере, ша сагатдеш муха ловзу, кхечу беран Iуналла деш
- Шайн бере 84.чу агIон тIера суьрташ тукарца схьадахийта, дийцита царах лаций
- Шайн бере суьрташ декъийта:1-самукъне, 2- сингаттаме.

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Дийца шайн бере, шаьш жима долуш хIун хазахетара шуна, маца хуьлура шу самукъне.
- Шайн бераца 84.чу агIон тIера суртийн дагалецамаш хийца
- Яьшкин чу кхиъ керла хIумнаш яхкий, ловза шайн бераца, куьйга эшарехь хIума йовзарах.

### 2.гIа де

тIедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш.

## 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 85.гӀий, 86.гӀий агӀонаш
- Цхьа мераххьокху йовлакх
- Цхьа Ӏайг
- Цхьа саба
- Берийн ловзо хӀума (тайниг, машен, дийнат икхд)
- Цхьа Ӏаж
- Тукар
- Клей.

Шун беро Ӏамадо:

ХӀумнаш къасто

ХӀума лерина яра.

ТӀедахкарш:

- Къамел де шайн бераца хӀумнех лаций, тидам байта цуьнга, муха хета уьш куьг Ӏоьттича
- Шайн бере хӀумнаш дӀаяхийта, нисъеш (Ловза, лаахь, "йовха", "шийла", бохучу ловзарах)
- 85.чуй, 86.чуй агӀонаш тӀера суьрташ тукарца схьадахийта шайн бере, цул тӀаьхьа уьш хила дезачу тӀелатадайта.

Совдаьккхина тӀедахкарш:

- Лахийта шайн бере чаккхенаш цхьатера йогӀу дешнаш:

- ЦӀа - кӀа
- Беттаза - сегӀаза
- Сара - мӀара
- Кор - мор
- ЛаппагӀа - ӀиндагӀа
- Даха - маха

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 87.гӀа агӀо.

ТӀедахкарш:

- Дийцита шайн бере дийнаташ чохь Ӏачу хӀусмех лаций
87.чу агӀон тӀера.
- Шайн бераца эшар лакха:

Kommunale Integrationszentren NRW

Эшар

Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ,
Пхиъ, ялх, ворхl (пlелгашца дагардо)
Урамновкъахь ворхlалгl цlа
Доьду техкаш генна дlа (куьйгаш коьрта тlехула хьалаайдо, тхов санна дlагойту, лесташ)
Цlийзаш дахк бу, хьоьжуш пхьид ю
Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ
Пхиъ, ялх, ворхl,
Кора ара, цlено ворхl! (шаьш дахк я пхьид йолуш санна гайтийта берашка).

## 5.гlа де:

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 88.гlий, 89.гlий агlонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Чохь хlусам йотта гlирс болуш, картонан яьшка.

Шун беро lамадо:

Бакъдерг жимдина ган
Беснаш: цlен, баьццара, можа, сийна, шекъан басахь.

Тlедахкарш:

- 87.чу агlо басар яйта шайн бере, беснаш хуьйцуш:
  - Цlен
  - Баьццара
  - Можа
  - Сийна
  - шекъан басахь.

Совдаькххина тlедахкарш:

- Шайн бераца 89.чу агlон тlера суьртех лаций къамел де, леладе дешнаш: хьалхара агlо, тlехьара агlо.
- Шайн бере тlехьарачу агlон тlера суьрташ хьалхарчу агlон тlе шаьш хила дезачу метте тlелатадайта.
- Лаха шайн бераца яьшкин чуьра хlумнаш куьйга эшарехь.

# ДААР, МАЛАР



Юург массо адмашна оьшуш ю, ца хилча йиш йоцуш, амма и чомехь ю, цо адмана гӀораъ ло. Хийлачу доьзалшкахь хӀума юуш шен хан ю, бериге доьзал схьагуллуш, вовше ган а, вовшашца къамел дан а. Дукхахьолахь хӀума садоӀуш юу.

ХӀора къоман шен Ӏемина хӀумнаш ду юъчун тӀехь:

- цара хӀума бес-бесарчу хенахь юу,
- церан яъхӀумаъ ю бес-бесара,
- цара лело пхьегӀаш хуьлу шатайпа,
- юъчунна тӀетуху бецаш а хуьлу церан тайп-тайпана.

Кху темехь вай юйьцург еккъа яъхӀума яц, амма вай дуьйцу яъхӀуманна кечам муха бо, хӀун оьцу. Цул тӀаьхьа дуьйцу церагаш цӀанъяр.

Шайн бераца хӀора дийнахь дӀаяздан мега шуна, хӀун йо аш хӀораза. Цхьаволчунна чӀогӀа там хуьлу, шен ненаца

- цхьани туькана воьдуш
- я цхьани юург кечьеш
- тӀаккха и цхьани юуш
- хазахета бес-бесарчу къаьмнийн юург еш
- вовше хӀума яан кхойкхуш самукъадолу.

ДУККХУ ХАЗАХЕТАР А! ГӀОЗА ЮИЙЛА!!

## ХЬАЛХАРА КІИРА: ДААР, МАЛАР

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 91.гІий, 92.гІий, 93.гІий агІонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Тукар
- Клей.

Шун беро Іамадо:

Эца еза хІума шен рогІехь дІаязъян
Туькнахь хІума эца.

ТІедахкарш:

- Дийцита шайн бере 91.чу агІон тІера суьртах лаций
- 92.чу агІон тІехь шаьш эца еза хІумнаш (юург кечьян оьшуш йолу: дама, туьха, картол, жижаг, хох, помидор икхд) дІаязйе. Туькна я бер дахийта, я цхьани гІо.

Совдаькккхина тІедахкарш:

- 93.чу агІон тІехь жима жайна де, шайн бераца шаьш хьалхарчу дийнахь динарг дІаязде.
- Къамел де шайн бераца тахана шаьш йинчу юъчух лаций.

### 2.гІа де

тІедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш.

Совдаькккхина тІедахкарш:

- Шайн бераца жимачу жайни тІехь шолгІачу дийнах лаций дІаязде. ХІун йиара аш тахна, хІун мелира.
- Шайн бераца цхьан Іежан тІера чкъор даккхий, иза чуьра муха бу хьажа.

## 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 94.гӀий, 95.гӀий агӀонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Кхоъ даьсса шиша.

Шун беро Ӏамадо:

Кхетамаш: дуьзна, даьсса, юккъелц дуьзна
Беснаш: Можа, цӀен, сийна
Бес-бесара стоьмаш.

ТӀедахкарш:

- Шайн бере ши шиша дузийта: цхьаъ дуьзна, важа ах. Цхьаъ даьсса дуьсу. Дустийта шайн бере кхо шиша.
- 94.чу агӀон тӀехь басар дайта шайн бере кхуь шиша:даьсса - можа, юккъелц дуьзнаг - сийна, хьалкхаччалц дуьзнаг - цӀен.
- 95.чу агӀон тӀера стоьмаш басардайта шайн бере.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- ДӀаязде жимачу жайни тӀехь, хӀун йиьна ахь тахна, хӀун мелла.

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Керла стоьмаш
- Стоьмийн салатна тӀеоьшург
- ХӀордан туьха.

Шун беро Ӏамадо:

Бес-бесара стоьмаш.

ТӀедахкарш:

- Дийца шайн бераца, муьлха стом болу кхузахь, ткъа муьлха вайн цӀахь.
- Шайн бераца цхьана стоьмийн салатна кечамбе, шайн бере стоьмаш хадош шайна гӀо дайта.

| Тергалде шайн бер, муха хадабо цо стом. |
|---|

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Дlаязде жимачу жайни тlехь, хlун йиъна ахь тахна, хlун мелла.

**5.гlа де:**

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 96.ий, 97.тий агlонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Нуьйдарчий.

Шун беро lамадо:

Бес-бесара стоьмаш, хасстоьмаш.

Терахьаш: 1,2,3,4,5.

Тlедахкарш:

- Шай бераца нуьйдарчий ягаръеш, терахьаш шардайта.
- 96.чу агlон тlехь цигахь мас lаж бу, оццул тlадамаш дахкийта шайн бере, терахь дlаяздайта.

Совдаькххина тlедахкарш:

- Шайн бераца жимачу жайни тlехь дlаязде, муха делира шун 5.гlа де дlа, хlун йиара аш, хlун мелара.
- Дицийта шайн бере 91.чу агlон тlера суьртах лаций, ша йиънарг, мелларг цlечу басахь, ша ловзийнарг можачу басахь яйта.

## ШОЗЛАГIА КIИРА: ДААР, МАЛАР

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 98.гIа агIо.

Шун беро Iамадо:

Юург ян гIирс кечбар таронаш
Стоьлан тIехь ларон еза оьздангалла.

ТIедахкарш:

- Дийца шайн бераца 98.чу агIон тIера суьртах лаций
- Къамел де шайн бераца, хIун ду шу чохь стоьла тIехь ларон дезаш, мила хуу стоьла коьртехь, ткъа мила лахахь.
- Дийца шайн бераца, хIун яло Iежах (мутт, повидал, варени, пирог).
  -ХIун яло шуьрех (чорпа, худар, гIалмакхчай, какао икхд).
  -ХIун яло дугнах: пилу (мерзаъ, жижгацаъ), бурч юза (мерза бурч), тефтелеш
  -икхд
- ХIун оьшу чорпа еш? Икхд

### 2.гIа де

тIедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш.

### 3.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 99.гIа агIо
- Беснаш долу къоламаш
- Нуьйдарчий.

Шун беро Iамадо:

Терахьаш 1-на тIера 10 - на тIекхаччалц
Кхетамаш нисса, оццул.

Тӏедахкарш:

- Шарде шайн бераца дагардар нуьйдарчех пайдаъ оьцуш (дӏаязде терахьаш кехатна тӏе). Гӏо де шайн берана хаттаршца, тӏедахкаршца, масала, схьало 4 бошгӏап, мас кружка ю стоьла тӏехь икхд
- 99.чу агӏон тӏехь нийсачу терахьна го байта шайн бере
- Стоьлан тӏе шаршо тасийта цуьнга
- Цхьани стоьла тӏера бошгӏепаш, ӏайгаш дагарде.

## 4.гӏа де

Шуна оьшу:

- Тайп-тайпана демех туху хӏумнаш шен чоме хьаьжна (ванилин, шекар-песок, кишмиш, тӏамарш, сода, туьха)
- мерзачу хӏуманна куц деш лелош болу гӏирс.

Шун беро ӏамадо:

Демех хӏума ятта (бепиг а, мерза хӏума)
Дукхачу хӏумнах кхета.

Тӏедахкарш:

- Шайн бераца цхьана демех хӏума е, шайна лууг, бере къаьстан дукха хӏума кхочуш дайта.
- Шайн бере стол кечьяйта, ша охьаюьллу пхьегӏа ягаръеш.

## 5.гӏа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 100.гӏий, 101.рий агӏонаш
- Беснаш долу кехаташ
- Мерзачу хӏуманийн суьрташ.

тӏедиллар:

- Шайн бере 100.чу агӏон тӏера торт беснаш долчу кехатца кечьяйта.

Совдаькххина тӏедахкарш:

- 101.чу агӏон тӏера хӏумнаш ягаръяйта шайн бере, тӏаккха терахь дӏаяздайта, нийса терахь гуона юккълацийта.
- Шайн бере бепиг кечдайта, юккъе шайна езарг юьллуш (налха, нехча, жижган юьхь икхд).

## 3. WOCHE: ESSEN UND TRINKEN

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 102.гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ӏамадо:

Шен ойланаш дешнашца схьайийца.

ТӀедахкарш:

- Шайн бере 102.чу агӀон тӀера юург и дахарехь ма хиллара басар яйта.
- Къамел де шайн бераца 102.чу агӀон тӀера суьртех лаций, цӀе яккхийта цуьнга шена дукхаезачу яъхӀуман.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Шайн бераца байт Ӏамо дагахь.

Байт

Помидораш йоьлху ловза
ЦӀерпошт йоьдуш ган лууш
Некъал дехь йовлалац говза
Ту-у-у-у-ут!
Помидоран мутт ду гуш!

### 2.гӀа де

тӀедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- • Жайнин цӀа чуьра (библиотекера) эца бес-бесара юург кечьяран хьехарш тӀехь долу жайна, кечье шайн бераца яъхӀума.

## 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 103.гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ӏамадо:

Юъчух лаьцна къамел дан, юурган цӀераш яхаъ.

ТӀедахкарш:

- Шайн бере шена мерза хета юурган бошгӀепан чохь сурт диллийта.
- 103.чу агӀон тӀе Ӏайгийн, мӀерийн, уьрсийн суьрташ дахкийта.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Дийца шайн бераца, маца оьшу церган цӀанйо дечкаш.

## 4.гӀа де

Шун беро Ӏамадо:

Нийса церган цӀанъяр.

тӀедиллар:

- Шайн бераца цхьана шай-шай церган цӀанъе, гайта берана, церган нийса муха цӀанъян еза.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Шайн бераца цхьана йиш лакха юъчух лаьцна.

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 104.гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш
- Цхьа кхоьлина къолам.

Шун беро Ӏамадо:

Кхетамаш: могуш - цомгуш, чоме - чаьмза.

Билгал сурт дуьллуш санна къолам буьйнахь лело.

Тӏедахкарш:

- Къамел де шайн бераца 104.чу агӏон тӏера суьртах пайдаъ оьцуш дийнатах, церан даарах лаций.
- Шайн бере цхьана къоламца кехатна тӏехь некъ биллийта, цу тӏехула дийнат шен даарна тӏедоьдуш.

Совдаьккхина тӏедиллар:

- Ловза шайн бераца:
  Аша цхьацца юъчунна цӏе йоккху, шу беро олу, и чомехь юург ю я чаьмза, могшаллина дика ю я яц. Тӏаьхьо хийцало:шу беро йоккха юъчунна цӏе, ткъа аш олу, и юург муха ю.

# ДОЬЗАЛ



Доьзалин муьлхачу адаман дахарехь чIогIа доккха маьIна ду: воккхачуьнан, жимачуьнан. Доьзалех лаьцна шортта хIума хир ду шу шайн бере дийца. Аш дийца мега шайн бере гергара нах цхьана меттехь Iерах лаьцна, цул совнах шайн ненах, дех, вежрех, йижрех, дендех, денненах икхд дуьйцуш.

Юххехь Iаш болу доьзал, генахь берг муха хуьлу, мел вовше карон йиш ю, я яц, мел вовшех ийна хуьлу уьш я бес-бесара. Царна юккъера тера хIумнаш я башхалла, - и дерриге дийца шайн бере. Шайн бераца цхьана яздина почтехула кехат таса шайна генахь Iачу гергарчу адаме. Шайна юххе Iачаьрга буьйса яккха дахийта шайн бер. Иштта гIолехь бевза берана гергара нах, гергарло а чIагIло.
ЧIогIа дика хир ду, и дерриге шаьш дуйцучхенахь, шуьгахь гергарчу нехан суьрташ хилча, берана гойтуш.

Цкъацкъа гергара нах вовшашна шаьш тера хиларна бевза (цхьатера марош, бIаьргаш, цхьатера кеп я бос), амма дукха ду вовшех тера доцу гергара адмаш. Шайн Даймахкахь биснaчу гергарчу нахах лаьцна дийца шайн берана, шайн цаьрца лаьттачу дог-ойланах, шаьш царна сагатдарах лаьцна.

Хазахетарца болх хийла "Доьзал" темехь!

## ХЬАЛХАРА КIИРА: ДОЬЗАЛ

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 106.гIа агIо
- Беснаш долу къоламаш
- Шайн доьзалин суьрташ.

Шун беро Iамадо:

Дендеца, денненаца, денвешица, дейишица икхд гергарчаьрца йолу уьйр йовза.

ТIедахкарш:

- Дийца шай бераца доьзалин суьртех лаций, шайн гергарчарех а.
- Шайн бере 106.чу агIон тIехь шайн доьзалин сурт диллийта.

### 2.гIа де

тIедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш.

Совдаьккхина тIедиллар:

- Ловза шайн бераца:

| | |
|---|---|
| Дехкан доьзал | (Цхьана куьйгаца вукха куьйгин хьалаайбина боккха пIелг схьалоцу) |
| ХIара дада - дахк бу | ( белшаш хьаласаттаййо) |
| Массо дахк санн дада ву | ( букъ тIехула куьг хьокху) |
| Цхьа кIеда, кIеда чкъор | (Шин куьйгаца мара хьаласаттабо) |
| Меран буьхьиг<br>Даккхай лерхаш | <br>( куьйгашца лерхаш гойту) |

Kommunale Integrationszentren NRW

| | |
|---|---|
| Цхьа деха, деха цlога | ( куьйгашца гойту, мел деха ду цlога) |
| Иштта кхи д1аъ пlелгашцаъ гойтуш ловзу: | (куьйгашца хьажо пlелг схьалоцу) |
| Хlара дахк нана ю | |
| Массо дахк санна иза ю | (белшаш хьаласаттаййо) |
| Цхьа кlеда, кlеда чкъор | |
| Меран буьхьиг, | |
| Даккхай лерглаш | |
| Цхьа деха, деха цlога | |
| Хlара дахк йиша ю | (куьйгашца юккъера пlелг схьалоцу |
| Иза массо дахк санн ю | |
| Цхьа кlеда, кlеда чкъор | |
| Меран буьхьиг | |
| Даккхай лерглаш | |
| Деха, деха цlога | |
| Хlара дахк ваша ву | (цlе йоцу пlелг схьалоцу) |
| Изаъ массо дахк санн ву | |
| Цхьа кlеда, кlеда чкъор | |
| Меран буьхьиг | |
| Даккхий лерглаш | |
| Деха, деха цlога | |
| Хlара дахк гака ду | (цlаза пlелг схьалоцу) |
| Изаъ массо дахк санн ду | |
| Дерзин чкъор, | |
| Жима мара | |
| Кегий лерглаш | |
| Доца цlога | |

### 3.гlа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 107.гlа агlо
- Цхьа чамда,

Kommunale Integrationszentren NRW

- Чамдин чу хоьуш хlумнаш
- Чамдин чу ца хоьуш хlумнаш

Шун беро lамадо:
Ерриге хlумнаш ца хуьла чамдин чу хоьуш
Хlуман тидам бан.

Тlедахкарш:
- Ловза шайн бераца: "Со сайн чамда юзаш ву, ас схьаоьцу сайца".

Масала:

Со сайн чамда юзаш ву ас схьаоьцу дадин........
Со сайн чамда юзаш ву, ас схьаоьцу бабин.........
Со сайн чамда юзаш ву, ас схьаоьцу децин.......
Икхд

- Шайн бераца цхьана чамдин чу хlумнаш яхка и тlекъовлалур йолуш
- Шайн бере 107.чу агlон тlера чамдин чу хоьу хlумнаш басар яйта.

Совдаькххина тlедиллар:
- Дийца шайн бере цхьа дийцар, тlаьхьа цо схьадуьйцур долуш.

## 4.гlа де

Шун беро lамадо:
Ладоглаъ, схьадийцаъ.

тlедиллар:
- • Дийца шайн бере шайн доьзалехь хилла хlума. Жимма тlаьхьо югlа схьадийцита и цуьнга.

## 5.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 108.гIий, 109.гIий агIонаш
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Iамадо:

Дийцаран чаккхе ган.

тIедиллар:

- Дийцийта шайн бере 108.чу агIон тIера суьртах лаций, алийта, муьлха суьрта тIехь ю дийцаран нийса чаккхе.

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Шайн бере 109.чу агIон тIера яьшкеш басар яйта:

- терахь 1 цIен-можа
- терахь 2 цIен
- терахь 3 сийна
- терахь 4 можа
- терахь 5 баьццара

**ШОЗЛАГIА КIИРА: ДОЬЗАЛ**

## 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 110.гIий, 111.гIий агIонаш
- Телефон
- Шайн цIера телефонномер.

Шун беро Iамадо:

Телефон тохаъ, суьртех лаьцна къамел дан а..

ТIедахкарш:

- Шайн цIера телефонномер цхьана кехатан тIе язъе, цу номерца шайн бере телефон тохийта. ЛадогIа шайн беро, къамел деш, шен цIе йоккхий.
- Шайн бераца къамел де 110.чу агIон тIера суьртах лаций. Дийца шайн бераца, ша Iачу хьай йиш - вешица уьйр муха латто еза. Масала: телефон туху, язйо, цхьа карта дохьийта, вовше тIедоьлху икхд.

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Шайн бере шен доттагIчуьнга телефон тохийта. Дийца цуьнга, мел оьшуш ду цхьаъ цомгуш хилча, я новкъахь лазийча сихха телефон тоьхна гIо кхайкхар.
- 111.чу агIон тIера кегий суьрташ тукарца схьадахийта шайн бере, хатта цуьнга, муьлхнаш ду цхьана догIуш.

## 2.гIа де

тIедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш

Совдаьккхина тIедахкарш:

- Шайн бераца почте гIой, цханге яздина кехат дIатаса.
- Шайн бере шайн почта йогIучу яьшкин чуьра цу чохь ерг схьаэцийта. Ягаръяйта цуьнга, цу чохь мел хIун ю:
    - мас кехат
    - мас открытка
    - мас газета
    - мас реклама
    - икхд

## 3.гlа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 112.гlа агlо
- Шайн беран суьрташ и самукъне, сингаттаме волуш (2).

Шун берo lамадо:

Дешнаш дакъошна доькъуш, схьаала.
Ойланаш дешнашца йийца.

Тlедахкарш:

- Шайн бере дешнаш тlаьхьараалийта, чаккхенаш рифме ерзош:
- Зезаг Зе-заг
- Чlенга Чlен-га
- Кампет Кам-пет
- Чамда Чам-да
- Куьйгаш Куьй-гаш
- Къолам Къо-лам
- Телефон Те-ле-фон
- Икхд
- Шайн бераца цуьнан суьртех лаций дийца. Гой цунна ша суьрта тlехь самукъне я сингаттаме?
- Къамел де шайн бераца 112.чу агlон тlера суьртех лаций. Муха ду цу тlехь бераш, кхоьлина я самукъне?

## 4.гlа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 113.гlа агlо
- Цхьа къолам.

Kommunale Integrationszentren NRW

Тlедиллар:

- 113.чу агlон тlера терахьаш 1 тlера 10-на тlекхаччалц вовшашца дозийта шайн бере.

Совдаькkхина тlедиллар:

- Ловза шайн бераца: " Суна го, хьуна цагург".
  Шайн чохь лахийта бере горга, кхо са болуш, биъсонара, я нийса сонеш йолу биъса. Кхетий шу бер, хlунда хоьтту и цуьнга?
  И чlогlа пайдехьа ду, миччанхьа йиш ю цунах ловза: арахь, машен чохь, туькнахь икхд.

## 5.гlа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 114.гlа агlо
- Доьзалан бес-бесара суьрташ.

Шун беро lамадо:

Тlеоьшург ган, тидам бан.

Тlедахкарш:

- Шайн бераца кимловзар ловза, суьртех пайдаъ оьцуш
- 114.чу агlон тlера сурт басардайта шайн бере. Тидам бе: аьро агlора суьртана тlедогlуш долу суьрташ бен ца до басар.

## КХОЗЛАГIА КIИРА: ДОЬЗАЛ

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 115.гIий, 116.гIий агIонаш
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Iамадо:

Шун доьзалин декъашхойн цIераш яха
Терахьашца дукха хIума доза.

ТIедахкарш:

- Шайн бере 115.чу агIон тIера суьрт карахь шайн доьзалин декъашхойх лаций къамел дайта.
- Шайн бере 116.чу агIон тIера хIумнаший, нийса терахь долуш берий сизанца цхьанатохийта.

### 2.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 117.гIа агIо
- Цхьаъ кхоьлина къолам
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Iамадо:

Шайн доьзалах лаьцна ойла ян.

тIедиллар:

- Шайн бере 117.чу агIон тIера сурт басардайта шена ма луъу (шен дена ма луъу, шен нанна, вешина, йишина икхд).

Совдаьккхина тIедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш.

## 3.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 118.гIа агIо
- Шун доьзалин хьалхалера суьрташ
- Шун беран хьалхалера сурт.

Шун беро Iамадо:

Дений/нанний беранний юккъера уьйранах кхета
Шайн доьзалин жайна чекхдаккха.

ТIедахкарш:

- Шайн бераца цхьана шайн суьрташка хьажа, дийца царах лаций, масала:
  - Мила ву уггаре воккханиг, мила ву уггаре жиманиг?
  - Да мила ву, кIант мила ву?
  - Дада вокхдадий, бабий кIант ву.
  - Деца дадий йиша ю, вокхдадий, бабий йоI ю
- Шайн бере 118.чу агIон тIера доьзалин жайна чекхдаккхийта: ХIара со ву(ю), аьлчехь дерриге шех лаьцна хIума яздо, тIелатадо, ткъа дада, нана аьлчехь, шен дех, ненах лаьцна. Икхд

## 4.гIа де

Шун беро Iамадо:

Гергарчу нехан цIераш.

тIедиллар:

- Ловза шайн бераца:

ХIара воккха дада ву, верстана а, лоха (нана пIелг хьалаойбу)
Ткъа хIара сан баба, гуттараа юцаш (хьажо пIелг хьалаойбу)
Дада гой шун онда, лекхаа, ницкъ болуш (юккъера пIелг хьалаойбу)
Ткъа хIара сан нана ю, шен ницкъ мел бу болх беш (цIе йоцу пIелг хьалаойбу)
ХIоккхехь жима Чана ву (Гули ю) (цIаза пIелг хьалаойбу)
ХIар дерриге сан куьг ду (пхиъи пIелг дIагойту).

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 119.гӀий, 120.гӀий агӀонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Почтан марка
- Даш долу къолам.

Шун беро Ӏамадо:

Яздина открытка таса.

ТӀедахкарш:

- Шайн бере 119.чу агӀон тӀера сурт басардайта, тукарца схьахададайта, тӀаккха стоммачу кехатна тӀелатадайта. ТӀехьарчу агӀон тӀехь адрес яздан сизнаш хьекхийта. ДӀатаса открытка шайн бераца цхьана (и мегар ду гергарчаьрга тасаъ, амма лулахойн яьшкин чукхосса)
- Шайн бере 120.чу агӀон тӀехь тӀе ца тоьарг йиллийта.

# НОВКЪАХЬ



Цхьанахь вагӀа валар шен кевнал арахь долчуьнга хьажа кийча хилар ду. Дуьненах гуо таса бохург дац и, амма хийла хаза хӀума шена гонаха йовза а, цунах кхетаъ лаар ду.

Шайна гена доцуш арадовла йиш ю шу, шайн гуо бовзаъ, масала:

- Парке
- Хьуьнха
- хи тӀе
- ламчу
- икхд

Гуттараъ малх болуш ца волу ара. ДогӀа догӀуш шатайпа хазахуьлу паркехь, хазахуьлу шайна дезачу тайп-тайпана беснашца кечьелла аре гуш, цӀена хӀаваъ муьйлуш. Цу дерриге Ӏаламо бӀаьрг хьоьсту шу, синтем ло гӀелделлачу дагна.

Цкъа мукъа гӀо шаьш Ӏачохь жайнин цӀа чу. Синтеме тийналлехь хьовсур шу жайнешка, гур шуна хийла пайдехьа хӀумнаш

ГӀуо муьлхачу машенца, цӀерпоштица, автобусца, вилспедахь, жимчу машенахь. Мел хаз ду и, новкъахь хилар, хьажа лерина дуккху хӀумаъ долуш. Мел маьӀне дуй шунаъ, шу бераънаъ и бер шуьца хилар, керла хӀума довзуш. Къамел де шай бераца, хӀун хьур ю аш тӀаккхахула хьунха доьлхуш.

ХАЗАХЕТАРЦА НЕКЪ ТАБОЙЛА ШУ!

Kommunale Integrationszentren NRW

## ХЬАЛХАРА КLИРА: НОВКЪАХЬ

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 122.гӀа. агӀо
- Беснаш долу къоламаш
- СадоӀш даьхна суьрташ.

Шун беро Ӏамадо:

Садаlарца богӀу кхетамаш
Дагалецамаш карлабахар.

ТӀедахкарш:

- Шайн бераца цхьана сурташка хьожуш, дийца цунах лаций:
- Маца даькххина ду и сурт?
- Мичхьа дара и?
- Мила ву суьрта тӀехь?
- ХӀун ду цу тӀехь гуш дерг?
- Шайн бераца 122.чу агӀон тӀера суьртах лаций къамел де:
- Мила ву кхузахь?
- ХӀун хета хьуна, стенга доьлху уьш,?
- Хьо вагӀний цкъа цӀерпоштица?
- Кхи стенга вагӀало цӀерпоштица?

Совдаькххина тӀедахкарш:

- Дийца шайн бере хьо хьуо мичхьа вагӀна хилла.
- Гайта шайн берана, муьлха машенаш лела шу долчехь: бус, трамвай, цӀерпошта, метро.

### 2.гӀа де

тӀедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш.

## 3.гІа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 123.гІа агІо
- Адмаша цІахь я зоопаркехь лелош долу Дийнатех лаьцна жайнеш
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Іамадо:

Адмаш цІахь лелочу дийнаташний, зоопаркехь лелочу дийнаташний юккъехь йолу Башхалла
Керла дешнаш.

ТІедахкарш:

- Шайн бераца цхьани дийнатех лаьцна жайнешка хьажа, тидам байта бере цІера дийнаташний, зоо дийнаташний юккъера башхаллин.
- Къамел де шайн бераца 123.чу агІон тІера суьрташ тІера дийнатех лаьцна:
  - ХІун дийнат ду и?
  - Мичхьа Іа и дийнат?
  - ЦІахь Іачу дийнатин суьрташ басар де.

Совдаьккхина тІедиллар:

- Шайн бере предложенеш чеккхъяхийта:
  - Ахь хІума юу хьайн..... (стенца? багаца)
  - Жаьло дооьша дуу..... (стенца? МуцІарца)
  - Бедо буц изайо.... (зІакарца)
  - Цицко хьожа етта..... (мераца)
  - Икхд

## 4.гІа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 125.гІа агІо
- Тукар
- Картон
- Клей.

Шун беро Іамадо:

Меттигаш Іамош нислуш долу хьал довза, царах лаьцна дийца
Стоьла тІехь ловзош долу цхьа ловзар дан.

тIедиллар:

- 124.гIий, 125.гIий агIонаш латае картон тIе, цул тIаьхьа тукарца 125.чу агIон тIера картеш схьадаха.

Ловза шайн бераца:
124.чу агIон тIехь карабо шуна шаьш бан беза некъ. Цу некъаца ловзарехь бераш тайп-тайпанчу меттигашка доьду суьйранна, цхьацца халонех бер чекхдала дезаш. Уьш мичхьа доьлху, цигахь хIун хир ду, гойту беро аххьадуьллучу картин тIехь. 4.чу агIон тIехь гуш ду картеш, беро харжа мегаш.
Шен картин тIера суьрте хьаьжна дуьйцу беро, „хIун хилар" шеца цу новкъахь, „хIун дира“ ша цу халонах чекхвалархьама.
Дийцийта шайн бере цунна ма луъу шен"хиламех" лаьцна. ЛадогIа цуьнга я шаьш, я шун доьзалера кхечо.

## 5.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 126.гIа агIо

Шун беро Iамадо:
ГIалаташна тидам бан.

тIедиллар:

- Шайн бераца 126.чу агIон тIера суьртах лаций дийца, лахийта бере, хIун нийса дац цигахь.

Совдаькккхина тIедиллар:

- Шайн бераца машенца я бусаца, я трамвайца садаIа гIуо, парке, я кхечу метте.

## ШОЗЛАГΙА КΙИРА: НОВКЪАХЬ

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 127.гΙа агΙо.

Шун беро Іамадо:

Суьрта тΙехь дерг дийца
Дийнатин аьзнаш тΙаьхьарала.

ТΙедахкарш:

- Дийца шайн бераца 127.чу агΙон тΙера суьртах лаций.
- Хатта шайн бере, муха Іаьха я муха гΙовгΙа йо хΙора дийнато.

Совдаьккхина тΙедахкарш:

- Ловза шайн бераца " Ас сайн чамда юзу, ас схьаоьцу сайца", амма дΙаяханчу хенахь. Дийцийта шайн бере шаьш садаΙа дахарх лаций.
  - Со вахара бусаца...
  - Со вахара трамвайца...
  - Икхд.

### 2.гΙа де

тΙедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш.

Совдаьккхина тΙедиллар:

- Ловза шай бераца садаΙа дахарх.

### 3.гΙа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 128.гΙа агΙо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Іамадо:

Садаlа ваха, ша ваха лерина меттигаш дΙаязъян, и некъ схьабийцаъ.

тӀедиллар:

- 128.чу агӀон тӀехь биллийта шайн бере ша бан лерина некъ, дийцита цуьнга, муьлхачу халонех чекхвала веза цуьнан.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Хьажа шайн бераца цхьана картин тӀерачу некъе шайн Даймахкахь болу, я цхьанахь садаӀа ваханчара. Дийцита шайн бере, мас ловзон хӀума яхьа луур дара цунна, цига воьдуш.

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 129.гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ӏамадо:

Шех лаьцна ойлаян.

ТӀедахкарш:

- Дийцита шайн бере, хӀун деш ду 129.чу агӀон тӀера бераш
- Шайн бере цхьадолу суьрташ басардайта, амма цу суьрта тӀера бер шун берана дан хуу хӀума деш хила деза.

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 130.гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Ӏамадо:

Дикка хьажаъ хьожуш, нийса хӀумнаш цхьантоха:

-Цкъа цхьашиъ

-тӀаккха кхинаш.

тӀедиллар:

- Аьро агӀора суьрташ аьтто агӀорачера дакъош ду. Шайн бере цхьана суьртан ши дакъа цхьана басахь деш басардайта суьрташ.

Совдаьккхина тӀедахкарш:

- Шайн бере 10- на тӀекхаччалц дагардайта
- Шайн бераца цхьана меттахваларах ловза: сихха водуш, дӀатоьттуш, коган бохьгаш тӀехь водуш, когаш шершош воьдуш икхд.

## КХОЗЛАГIА КIИРА: НОВКЪАХЬ

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 131.гIий, 132.гIий агIонаш
- Беснаш долу къоламаш.

Шун беро Iамадо:

Шега школера мукъачу хенахь хIун далур ду дийца.

ТIедахкарш:

- Дийца шайн бераца 131.чу агIон тIера суьртах лаций
- Дийца шайн бераца бес-бесарчу хIумнех лаций, школера мукъачу хенахь далуш долу:
  - гена садаIа вахар
  - гергачу нахе хьошалгIа вахар
  - парке аравалар
  - бассейне лийча вахар
  - Икхд
- Дийцита шайн бере, уггаре хаза хIун ду, цунна дан лууш.

Совдаьккхина тIедиллар:

- Дагарде шайн бераца кIиранна юккъера денош. ДIаязде цхьани 132.чу агIон тIе, шайна школера аьхка цIахь дитинчу хенахь дан луург.

### 2.гIа де

тIедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш.

Совдаьккхина тIедиллар:

- Ловза шайн бераца: "Ас сайн чамда юзу". ХIун оьцур яра аш схьа шаьш новкъа довлуш.

## 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 133.гӀа агӀо
- Беснаш долу къоламаш
- Тукар.

Шун беро Ӏамадо:

Дикка хьажаъ, хийцаъ, цхьантохаъ.

тӀедиллар:

- Шайн бере 133.чу агӀон тӀера лахахь долу суьрташ тукарца схьадахийта, тӀаккха лакхара нисса и цхьана догӀучу суьрта тӀе латадайта.

Совдальккхина тӀедиллар:

- Шайн бераца цхьана лулахошца дуьйладала арадовла, тидам бе церан берана коьрта хӀун ду

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 134.гӀа агӀо
- Клей
- Тукар.

Шун беро Ӏамадо:

Бес-бесара адмаш дӀасалела гӀирсаш: жима машен, автобус, цӀерпошта, хӀордкема, хӀаваъкема икхд
Яраъ, хадоъ, тӀелато.

ТӀедахкарш:

- Схьадаха тукарца бес-бесара адмаш дӀасалела гӀирсаш.
- Нисдайта шайн бере и суьрташ 134.чу агӀон тӀехь хила ма деззара дӀа, тӀаккха тӀелатадайта.

Совдальккхина тӀедиллар:

- Ловза шайн бераца новкъахь халонех чекхвала Ӏамош ловзар.

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 135.гӀа агӀо.

Шун беро Ӏамадо:

Дан луу гӀулкхаш дӀаяздан, тӀаккха и кхочушдан.
Кехатах хӀордкема дан.

ТӀедахкарш:

- Къамел де шайн бераца новкъа вала бан йиш йолчу аьттонах лаций
- Шайн бераца цхьана новкъахь машенашца хила йиш йолу сурт хӀоттаде, масала, одеялаца, кузаца, машенца, тайнигца икхд
- Ловза шайн бераца: "Ас юзу сайн чамда". Шу тахна садаӀа доьлху, шун беро олу
  - Мичхьа доьду шу
  - Стенца кхочу шу цига
  - ХӀун хьо аш шайца цхьана.

Совдаькккхина тӀедиллар:

- 35.чу агӀон тӀера хьехаршка лаъдугӀуш, шайн бераца цхьана хӀордкема де.

# ДИЙНАТАШ



Массо берана дукхдеза дийнаташ. Дийнаташ самайоху берийн шовкъаш, церан лаам хьаставала, куьг хьакха, къинхетаме хилаъ. Цхьаболчарна дийнат лело бахьна кхерам дlабаккхар ду, цунна юххехь шаьш паргlат хилар.

Бес-бесарчу мехкашкахь бес-бесара хуьлу адамаш дийнаташца.
Берашна дийнат исбаьхьа хьайба ду, цунах лаьцна царна дериге хаа лууш.
Кху дуьненчохь инзаре дукха бес-бесара дийнаташ, акхарой ю, вовшех терайоцуш, шайн дахар тайп-тайпана долуш.

Дийнатех лаьцна дуьйцуш хийла хlума карор ю шуна. жайнеш, яьхна фильмнаш, хийла передачаш. Шайн бераца шуна къамел дан лаахь.
И чlогlа маьlне ду, аш шай бераца и къамел дар иза цу теманах кхетийта, цунна дийнатех лаьцна алсам хlумнаш хаийта.

Ойлае, мичхьа довза йиш ю шун берана цlахь lамийна дийнат, я шу шайн цlахь ду и, я шун гонаха лулахойн. Билгал и таро йоцуш хир дац шу, шайн берана муьлха цхьа дийнат довзийта:

- аренца бежнаш
- уьстгlий
- говраш лелош lаш нах бу
- зоопарк ю
- цирк ю
- Икхд.

Шу Iачахь кхи таронаш хилаъ тарло. Дийца Рюкзак тобанехь я бевзачаьрца, мича ваха мегар ду шайн бераца дийнаташ ган, тIаккха гIуо, кхечу доьзалца цхьана гIолехь хир ду.

Цхьайолу акхарой ган йиш ю хьуьнхахь некъаца гена йоцуш, я чукIело йолчохь, я аренца, хи тIехь. ЦIахь бераца дийца мегар ду гезгех, чхьаьвригех, чуьркех лаьцна.

АЬТТО ХИЙЛА ДИЙНАТИЙН ДАХАР ДОВЗИЙТАРАН ТIЕХЬ!

## ХЬАЛХАРА КIИРА: ДИЙНАТАШ

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 137.гIа агIо,

Шун беро Iамадо:

Дийнатийн цIераш

Шен ойла цхьана хIуман тIехь латто.

ТIедахкарш:

- Шайн бераца цхьана 137.чу агIон тIера суьрте хьажа, дийца цунах лаций, масала:
  - Муьлха дийнаташ девза хьуна суьрта тIера? ЦIераш яхал.
  - Муьлхачуьн ю гIорта ехо?
  - Муьлхачуьн ду сизнаш, говрах тераъ йолуш?
  - Муьлхачу дийнато леладо шен бер шена хьалхарчу тIоьрмиг чохь?
  - Муьлха дийнат ду уггаре хала?
  - Муьлхачух олу акхаройн эла?
  - Икхд
- Хатта шайн бере, девзи цунна цхьа дийнат я экха?.

### 2.гIа де

тIедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш

### 3.гIа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 138.гIа агIо
- Беснаш долу къоламаш

Шун беро Iамадо:

Башхаллаш йовза.

тIедиллар:

- Хьажа шайн бераца цхьана 138.чу агIон тIера суьрташ.
  Карадайта цунна суьрташна юккъера 5 башхалла. Шена карийнарг къоламца гонан юкъа лацийта.

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 139.гӀий, 143.гӀий агӀонаш.
- Тукар
- Беснаш долу къоламаш
- Картон
- Кехатах Ӏуьрг докху хӀума (дырокол)
- ТӀийраг.

Шун беро Ӏамадо:

Цхьа жайна дан
Дешнашца ловза
Хаза меттахвалар шардан
Шен туьйранин ойланех пайдаэца.

ТӀедахкарш:

- Басардайта шайн бере 139.чу агӀон тӀера 143.чун тӀекхаччалц йолу агӀонаш тӀера суьрташ. Цу суьрташна. юккъехула доьдучу сизана тӀехула декъийта кехат, тӀаккха тӀекӀалдилла. Къевлинчу агӀора 2 Ӏуьрг даккха кехаташна, тӀаккха мужартана картон кечдо аш. Картон юккъехула доькъу, дехо долчу агӀора Ӏуьргаш доху. Кехаташна цхьаъ бухий, важа тӀоьхлий диллина, тӀийрагца, и чекхйоккий, дӀадоьхку жайна. Шайн бераца цхьана дан деза дийраг, алсамо болу болх цуьнгаъ бойтуш.
- Цхьани хьовса жайне, дийнаташна цӀераш тоьхкуш. И цӀераш вайна хаза ма Ӏаммара хила ца оьшу, беро шегара тахка мегаш ю.

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Даккхийчу бӀарийн чкъоьрграш
- Картон
- Клей
- Ӏаьржа, сира я боьмаша тӀергӀан тай
- Тукар
- Ӏаьржа фломастер.

Шун беро Ӏамадо:

Хаза меттахвалар шардар.

ТӀедахкарш:

- Ловза шайн бераца "Дехкан доьзал" аьлла ловзар
- Шайн бераца бӀарийн чкъоьргех дехкий де, шайн бере чкъоьрграш латаяйта картонан тӀе. Уьш якъаелча, гобаьккхина схьахадаяйта. Шиъ

тӀергӀан тайна хал баккхий, дехкан мекхаш дайта. БӀаьрграш даххийта фломастерца. Лерграш мегар ду картонах дина, тӀелато.

"ДЕХКИН ДОЬЗАЛ"

| | |
|---|---|
| ХӀара дахк дада ву | (цхьана куьйгаца вукха куьйгин хьалаайбина нана-пӀелг сьалоцу) |
| Массо дахк сан дада ву | (белшаш хьаласаттаййо) |
| Цхьа кӀеда, кӀеда чкъор | (букъ тӀехула куьг хьокху) |
| Меран буьхьиг | (шина куьйгаца мара хьаласаттабо) |
| Даккхай лерграш | (куьйгашца лерграш гойту) |
| Цхьа деха, деха, цӀога | (куьйгашца гойту, мел деха ду цӀога) |
| ХӀара дахк нана ю | (хьажо пӀелг хьалаойбу, вукха куьйгаца схьалоцу) |
| Массо дахк сан иза ю | (белшаш хьаласаттаййо) |
| Цхьа кӀеда, кӀеда чкъор | (кхин дӀаа хӀора могӀан тӀаьхьа хьалха динарг до) |
| Меран буьхьиг | |
| Даккхай лерграш | |
| Цхьа деха, деха цӀога | |
| ХӀара дахк сан йиша ю | (юккъера пӀелг схьалоцу) |
| Массо дахк сан иза ю | |
| Цхьа кӀеда, кӀеда чкъор | |
| Меран буьхьиг | |
| Даккхай лерграш | |
| Деха, деха цӀога | |
| ХӀара дахк сан ваша ву | (цӀе йоцу пӀелг схьалоцу) |
| Массо дахк сан иза ву | |
| Цхьа кӀеда, кӀеда чкъор | |
| Меран буьхьиг | |
| Даккхай лерграш | |
| Деха, деха цӀога | |
| ХӀара дахк тхан гака ду | (цӀаза пӀелг схьалоцу) |
| Массо гакаш санна ду | |
| Дерзина чкъор | |
| Жима мара | |
| Кегий лерграш | |
| Доца цӀога | |

## ШОЗЛАГӀА КӀИРА: ДИЙНАТАШ

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 144.гӀа агӀо,

Шун беро Ӏамадо:

Адамаш ламчохь, аренцаъ лелош долу дийнаташ довза
Дийнатийн аьзнаш тӀаьхьар ала.

ТӀедахкарш:

- Дийца шайн бераца 144.чу агӀон тӀера суьртах лаций, масала:
  - ХӀун ю суьртан тӀера дийнатийн цӀераш?
  - Муьлхнарш гина хьуна царех?
  - Муьлхнарш йовлало тӀема?
  - Муьлханиг кест-кеста лацало цициге?
  - Муьлхачу дийнато ло шура?
  - Муьлхачу дийнато до хӀоьаш?
  - Муьлха дийнаташ Ӏа божалин чохь?
  - Икхд
- ХӀун гӀовгӀа йо хӀора дийнато?

### 2.гӀа де

тӀедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш.

### 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 145.гӀий, 146.гӀий агӀонаш
- Тукар
- Клей.

Шун беро Ӏамадо:

Муха меттахдовлу дийнаташ шаьш Ӏачу чохь?

ТӀедахкарш:

- Хатта шайн бере, муьлха дийнат Ӏа ярташкахь, муьлха хи чохь, ткъа муьлха Ӏа алсамчу хенахь тӀема долий

- 145.чу агӏон тӏера акхаройн суьрташ тукарца схьадахийта шайн бере, хатта цуьнга, муха лела и ша ӏачу меттехь, масала:
  - чӏара хи чохь
  - хьоза хӏаваэхь
  - бежана арахь
- Ойлае шайн бераца, муьлха ӏойла (гӏишло, бен) хуьлу цу дийнатин, 146.чу агӏон тӏе латадайта шайн бере суьрташ.

## 4.гӏа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 147.гӏий, 148.гӏий агӏонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Картон
- Тукар.

Шун беро ӏамадо:

Дийнат довзаъ, цуьнан цӏе яккхаъ
Муьлхачу хӏуман дуьхьало яр шардан.

Тӏедахкарш:

- Шайн бере 147./8.чуй агӏонаш тӏера суьрташ басар дайта, тукарца схьадахийта, картонан тӏе латадайта
- Шайн бере дийнатийн суьрташ юккъехь меттиг юьтуш цӏенкъа охьадахкита. Аш дийнатин цӏе йоккхушехь шун бер цуьнан суьртан юхxе дӏахӏутту. Цу дийнатан йогӏу предложени алийта шайн бере.

> Масала:
>
> Йогӏу баьццара крокодил
> Хин чуьр бацалахь ӏа и
> Кӏайн ча еха лайлахь. Вай-й!
> Цуьндел ю ерриге кӏай
> Зебра къерза ӏаьржа-кӏай
> Эшарц уьду хьоьшуш бай
>
> Лацлахь сира жима дахк
> Боьду цӏа чу, юуш аьхк
> Мокха маймал кхийсало
> Лекха гаьннаш лестайо
> Іаьржа цицг ду месал, кӏеда
> Амма тосу мӏараш мекар

Боьха херси керча уьшлахь
ГӀад и ягӀна, луьйчуш цӀунлахь
Хьажлахь, дӀо-о ю къорза тути
ГӀовгӀа йо цо, къаръеш уьйтӀе
Можа кӀорнеш, месал, кӀеда
Эга, кегъеш чкъоьргаш меда.

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 149.гӀий/150.гӀий агӀонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Картон
- Газетан кехат
- Клей
- Тукар
- Хица дашош басарш.

Шун беро Ӏамадо:

Кехатах дийнатин кеп ян
Шен меже хаза меттахьяккхар шардан

ТӀедахкарш:

- Шайн бере дийнатийн меженаш басаръяйта, картонан тӀе латаяйта, тукарца схьаяхийта. Шайн бераца газетах теннис буьрканал жим боккхо гуо бе. Иза цхьан дийнатин басахь басар бан беза. Басар дакъаделча и гуо ша богӀучу дийнатна тӀелатабо.

## КХОЗЛАГІА КІИРА: ДИЙНАТАШ

### 1.ра де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 151.ра агӀо.

Шун беро Ӏамадо:

Хиндийнаташ довза.

ТӀедахкарш:

- Дийца шайн бераца 151.чу агӀон тӀера суьртех лаций, масала:
  - Муьлха дийнат ду кху суьрта тӀехь?
  - Муьлха дийнат ду уггаре доккха, деза, хӀордан чохь Ӏаш?
  - Муьлха хиндийнат ду седанан кепехь (седанах тера)
  - Икхд

### 2.гӀа де

тӀедиллар:

- Деша шайн бераца цхьа жайна, дийца цунах лаций, тидаме эца жайнин хьехамаш.

### 3.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 152.гӀий/ 153.гӀий агӀонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Тукар
- Картон (2)
- Клей.

Шун беро Ӏамадо:

Мемори дан

ХӀума дагадаийтар чӀагӀдан

Шен меженаш хаза лело шардан.

тӀедиллар:

- 152.чуй,153.чуй агӀонаш тӀера суьрташ басар дайта шайн бере, тӀаккха латадайта картон тӀе, дакъаделча, тукарца схьадахийта. Шайн бере ша аркъала дерзийначу кехатан тӀера дийнатийн цӀе яккхийта.

## 4.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 154.гӀа агӀо.

Шун беро Ӏамадо:

Цхьана хӀуманна тӀехь ойла латто.

тӀедиллар:

- Шайн бераца цхьана хьовса 154.чу агӀон тӀе, лахийта шайн бере суьртаца ца йогӀу хӀумнаш, яхийта церан цӀераш.

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Шайн бераца цхьана дийнаташ духку базара гӀо, цӀераш яхийта схьагучу дийнатийн.

## 5.гӀа де

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 155.гӀий/156.гӀий агӀонаш
- Беснаш долу къоламаш
- Картон
- Тукар
- Дырокол
- Пха.

Шун беро Ӏамадо:

Туьйранан ойланаш лакхаяхан
Дийнатах тера лела.

тӀедиллар:

- Лахийта шайн бере 155.чу я 156.чу агӀонаш тӀехь шена басар дан луу дийнат. Басардайта цуьнга, картонан тӀе латадайта, гобаьккхина тукарца схьадаккхийта. Картонан йистонца, дукха юххехь доцуш, Ӏуьргаш даха дыроколца, цу Ӏуьргаш чухула пхаъ тасий, шайн беран коьртан гонаха тӀечӀагӀъе маска. И дерриге беро ша дан деза, аш гӀоъ деш. Ткъа хӀинца маска коьртах тиллан, дийнатах тера лелаш, ловзийта шайн бер.

# ХААМАН ГІИРСАШцА КХИОР



Хааман гІирсаш таханлерачу дахаран доккха цхьа дакъа ду. Цхьадолу гІирсаш доцуш вайн дахар вайна ганне ца го.

Дукххахьолахь бераш, баккхийнарш шаьш Іема шайн дахарехь и гІирсаш муха лело деза, нека дан Іема бер санна. Амма дукхачу берашна гІо оьшу шайн дай-наношкара. ХІун бохург ду хааман гІирсашца кхиор бохург? Дай-наноша шайн берана шаьш къобал беш болу чулацам схьахаржар (жайнин, ловзарин, программин). Хан къастор (маца хьажаъ, ловзаъ мегар ду) Дозаъ, барам билгалбаккхар (муха, мел хьажаъ, ловзаъ мегар ду) Бер доккха мел хуьлуъ ша Іема хааман гІирсашца нийса лела. Цу тІехь дай-наноша гІо дан деза шайн берана.

Бераша дукха хан йоккху телевизорца, компьютерца икхд. Уьш хьовсу суьрташкахь долчу жайнешкаъ, шаьш доьшу уьш, ладугІу CD, кассеташкаъ. Шайл баккхийчаьрца ловзу пластейшин, X-бокс икхд. Берашна дукхадеза ловзаран дахар. Цара дуьйцу вовшашка, шайна телевизор чохь хІун гира, шайна гинчух лаьцна суьрташ хІиттош бІаьргашна хьалха. Кхечу берашна хьалха роль ловзайо цара шаьш дуьйцуш.

Уггаре коьрта хааман гІирсаш ду:

- Жайнеш
- Телевизор
- Радио
- Компьютер
- Ша лаьтта ловзаран дакъа (пластейшин, х-бокс икхд)
- ЛадугӀу ловзарш
- CD-мукъам
- Мобильный телефон

Хааман гӀирсех пайдаэца Ӏемаш шайн бераца цхьана болх бича дика хир ду, амма цкъацкъа берана шена цхьацца хӀума тӀедииллача бакъхьа ду, масала, жайна дешар, программе хьажар, цуьнан маьӀна дар икхд. Шаьш дечух кхетаъ кхеташ болх бича Ӏема бераш.

# ХААМАН ГІИРСЕХ ПАЙДАЭЦАР ШАРДАР

ГІо де шайн берана шен барамехь хааман гІирсаш лелон а, царех пайдаэцан а Іама. Цо гІо до берана цу гІирсашца а, юкъараллица а нийсачу юкъаметтиге кхача. Цул совнах шуна таро ло шайн бераца самукъадолуш, къамел дан а, шайн уьйр чІагІъян а.

Кегийчу берашна уггаре чІогІа хазахетарг телевизор ю. Цуьндела дукххахьолахь Рюкзак - КІТА шардаршца Іамадо телевизорх пайдаэца. Амма жайнеш, ладугІу передачаш, компьютер ловзарш ду кху темана юкъадогІуш.

Шайн бераца шардаршна кечамбеш коьрта ду шайн доьзалехь пайдаоьцу гІирсаш лерина къастор. ХІунда аьлча цхьадолу тІедиллар дай-наношна лерина ду.

Шардарш деъ декъе декъна оха, вовшахтоьхча цхьана Іалашоне кхочуш - хааман гІирсашца бер кхачо йолуш кхиор:

- гІирсаш лелорехь барам хІоттош, кегирхой ларбар
- хааман гІирсех пайдаэцар
- хааман гІирсаш зеер
- хьекъалца гІирсаш лелор

ХІунда ду шардарш деъ тайпана? Дуьйцур вай доцца кхин дІа

**1. ГІИРСАШ ЛЕЛОРЕХЬ БАРАМ ХІОТТОШ, КЕГИРХОЙ ЛАРБАР**

Барамо до дІовш", - боху дешнаш нийсса хааман гІирсашна догІуш ду. Хааман гІирсаша берашна дукха хІума дуьйцу, хьоьху, уьш лелош Іамаъ Іема царна. Цхьабоьсса зен а до цара берийн дешарнаъ, церан кхиарнаъ. Цуьндела доьзалин дахарехь коьртачу меттехь латта йиш яц уьш. Цхьа хІума летта йоцуш (телевизор, телефон, компьютер икхд), дас-нанас берашца цхьана хан яккхар чІогІа мехала ду.
Берашна довза деза дахар, дуьне массочу агІора, массанхьа дакъалаца, хІуъу йотта, басар ян, доттагІий ган, цаьрца цхьана хан яккха.

Бераш хІора дийнахь телевизоре хьовса ца мега. Амма аш хьовсийтий, кхоъий, пхиъий шерашна юккъера бераш дийнахь эха сохьтехь бен хьажа йиш яц телевизоре.

Даккхийро берашна (6 шаран тIера 9 шо кхаччалца) дийнахь 45 минот сов тоьаш ю. Гуттараъ кегий бераш 3 шо кхаччалц долу хьажне хьовса ца деза телевизоре. Кегий берашна леринчу передачашкаъ цхьана.

Шайн бер гуттараъ телевизорна хьалха ца Iайта, аша, цуьнца барт бина, цхьа барам хIоттон беза берана: мел хан яккха мега цо, телевизоре хьожуш, муха ву и компьютеран ловзаршца, ладугIучу дискашца я кхечу хааман гIирсашца.
Цу хьокъехь Германехь бераш, кегирхой Iедало законаца ларбеш бу. ХIора духкучу ловзарна тIехь яздина ду, мас шо кхаьчначу берана магийна и ловзар я видео. Цу хIуман шен бух бу. Дай-наношна хаан деза, кхузахь и доза тухуш дерш шаьш дуй. Шун берашна, кегирхошнаъ ловза я хьажа ца мега шайна хьажа хьалхе долчу видеошка я передачашка. Масала, цу юккъехь ницкъ беш я эвхьаза кийсакаш елахь..

**2. ХААМАН ГIИРСЕХ ПАЙДАЭЦАР**

Цу беро ловзуш я телевизоре хьожуш йоккхуш йолу хан юьцуш дац вай, вай дуьйцург дерриге ду: мел хан йойа цо ловзаршна, стенах ловзу и, муьлхачу передачашка хьоьжу и, муха кхета и ша хьоьжучух. Нагахь санна шун беран телевизорца бала баций, аш сагатдан ца оьшу.
Хаий шуна шайн бераш хазахетарца хьоьжуш хIун ю телевизор чохь я муьлха турпалхо ву (ю) цунна ладугIучу ловзаршкахь хезаш? Хьовсал шу.
ГIо де шайн берана нийсаниг харжа! ГIо де хааман гIирсаш пайда оьцуш лело.
цкъа хьалха Гуттараъ марсайоккхуш хан яйал аш телевизорцаъ, компьютерцаъ. Дийца шайна экран тIехь гушдерг, шайна хетачух лаций дагадовла шайн бераца, хеттарш де, хьовса, цунна муха хета.
Цхьани хьовса мегар ду, цхьана агIор, самукъадолуш, вукха агIора, пайда оьцуш.  Иштта Шайн берана пайдехьа дерг зуьйр аш, я цунна хьажа ца оьшуш дерг.
Цул совнах шу хьовсу передача шайнаъ пайдехьа хила мега шуна, масала, мотт Iамош хилахь.

**3. ХААМАН ГIИРСАШ ЗЕЕР**

Хааман гIирсашца кхиоран юкъадогIуш ду хьайна гинарг (ладоьгIнарг, левзинарг) ахь таллар, цунах кхетар, цуьнан жамIа дар.
Бераш телевизоре хьаьжна ца Iа, уьш шайна безачу турпалхойн дахарца Iаш хуьлу, сагатдеш, къахеташ, дерриге шайца дустуш. Дерриге шайх чекхдоккху цара, цу экранан суьрташа церан кортаъ, дог дIалоцуш.

Гинарг шайца дустар къаьстан маьІне ду берашна, нагахь санна церан шерашца и догІуш дацахь хІеттеа. Муьлха чулацам хета шун берашна хаза, хьажа дог догІуш, шатайпа и шех бустуш?

Шуна дагавогІуш я дагайогІуш хила тарло шайн бераллехь хилла цхьана кино чуьра шайна везна (езна) я ца везна (ца езна), я кхерам дагчу тесна. Диллал аш цхьана кехат тІе цуьнан сурт, ткъа шу беран шена везачу турпалхочун сурт хьалхадер ду шун.

Телепередачех лаьцна къамел хир ду шун чІогІа чулацаме, аш шай бераца дахь. Дагадовлал шу шайн берах, хІун хета цунна хаза, ткъа шуна и цадезаш я кхераме хеташ хила тарло.

Тергалде шайн бер и телевизоре хьожуш, хьовса цунах кхета. Берийн бІаьргашца телевизор чуьра суьрташ кхечу тайпана го. Ткъа шуьца къамел дича шун берана гІо хуьлу гинчух кхоччуш кхета.

**4. ХААМАН ГІИРСАШ ШЕН АГІОРА ШАТАЙПА ЛЕЛОР**

Гуттараъ хааман гІирсаш бен хІунда ца леладо? Шуьга шайга кхоллало керла чулацам, цу гІулкхна хийла шатайпа таронаш ю хааман гІирсийн. Цара самукъадоккху шун берийн, иштта гІо а до царна шайн (=хааман гІирсийн) дахар довзийта.

Шен агІора тамашена диск кхуллуш бераш Іема кхета, муха кхуллу фильмаш, муьлхачу бух тІехь.

Масала, цхьайолу фильм масех эзара шаа лаьттачу суьртех вовшахтоьхна хуьлу, цхьаъ вукхунна тІаьхьа догІуш долу. Дискан чохь шина суьрто доцу сурт тардолуьйту. Цунах иллюзи олу. Иллюзи - хьуна тарделла хІума ду. Нагахь санна аш бустам югІ-югІаъ дискан тІехь гайтахь, шуна тарлурду динозавр самокат тІехь йоьдуш. Я шу шайн бераца гІамаран арахь догІуш хетало шуна, амма шу сарташца кечйиначу шайн хІусам чухула лелаш хуьлу. Ишттачохь леррина хьажар чІогІа оьшуш ду.

# ХААМАН ГІИРСАШ ЛЕЛОРАН НЕКЪАШ, ЦУ НЕКЪИЙН ДОЗА

ХІора бер шатайпа ду. Дукхдеза даар, шен ойланаш, сатийсарш, шен хьекъал. Цу дерригенца Іема бер кху дуьненчохь, хааман гІирсех дуьзна, долу нийса юкъаметтиг каро. И юкъара доза каро гІо до вайна тІаьхьадогІучу хьехарша. Царах пайдаъ оьцуш карор шуна шайн доьзална мегаш болу хааман гІирсаш лелоран цхьа некъ карон. Нагахь санна цу лехамашна тІехь цхьа барт ца хуьлуш, шун цхьацца къийсадаларш хилахь а, иза шун доьзална пайдехьа хир ду вовшех кхетаъ, нийсачу сацаме кхачаъ.

| НЕКЪИЙН ДОЗА | Хьехарш |
|---|---|
| **Хьайгара масал гайта**<br>Тидам бе, муьлха гІирсаш леладо аш шаьш - телевизор, телефон, компьютер икхд, стенах лаьцна хуьлу шу хьовса программаш, аш ладугІу эшарш.. | Шеконца лелон деза хааман гІирсаш, муьлха а программ, ловзар хоржуш цунах дог тешна хила мегар дац, хІунда аьлча таханлерачу дийнахь хааман гІирсийн цхьа доккха дакъа хилла лелаш реклама ю. Муьлха а программ, ловзар, йиш хоржуш шун дагчохь хила еза шеко (и хаздина дуьйцуш ду, и бакъдуй ца хаъ, иза шайна пайдана дуьйцуш ду икхд).<br><br>Шайн чуьра ерриге хІума нийсса телевизорна тІе ма ерзае, тІаккха цо шун чохь коьрта меттиг дІалоцу. Хетаъ тарло, шун дахарехь телевизор чІогІа маьІне ю аьлла! |
| **ДОЗА ХІОТТО**<br>Шайн бераца барт бай, цхьа доза хІотто, маца, мел, муха хьажа мега телевизоре. Тергалде, барт кхочушбой. | ХІора дийнахь ма хьажийта шайн бер телевизоре. Нагахь санна, хьажийтахь ханна барам хІоттабе:<br>3-6 шерашна юккъера берашна - 30 минот. 6-9 шерашна юккъера берашна - 45 минот<br><br>Алсамо хьажа мегар ду, нагахь санна цара хаьржина программ, фильм дукха лаьтташ елахь.<br>Кхечу агІора барт бан а мега-кІирнах 3 сохьтехь |

| | |
|---|---|
| | хьовсур долуш, тӀаккха бераша шаьш хоржу, муьлха программ, ловзар хоржу цара. Цу з сохьтана юкъа доьду беро лелош долу дерриге гӀирсаш :компьютер, телевизор, телефон икхд. |
| **ЦХЬАНИ ХАРЖА**<br>Шайн бераца цхьани харжа цунна хьажа луу передачаш, ладугӀу ловзарш, я компьютер ловзарш. Амма хьовсуш хила, уьш цуьнан шерашна догӀуш дуй. | Дукха программаш ю телевизор /радио чохь берашна ца кхеташ, уьш кхоьруш. Цуьндела телевизоре цхьани хьовса, бераш, баккхийнарш.<br>Шайн бераца цхьа раж хӀоттае, телевизоре хьожуш. Берана еза программ яхийта цу юккъе. Хьовсуш хила, шаьш хӀоттийначу барамал совнах цаьрга телевизор хьалха хан ца яккхийта.<br>Берриге доьзало бан беза цхьа барт:<br>хӀун хьовсу, маца хьовсу, мел хьовсу.<br>И барт гуттараъ кхочуш бан беза. Массо реза волуш харжа еза передачаш.<br>Диц ма де: шуна тӀехь ду шайн бер нийса кхиоран декхар. |
| **БЕР ТЕРГАЛДАР**<br>Цкъаа ма дита шайн бер телевизорцаъ, компьютерцаъ шаа. Цхьани хьовса телевизоре, я цхьани ловза компьютерах. ГӀоде шайн берана цу программех я ловзарх нийса кхета. | Шаьш раж хӀотточу хенахь, шайн бераца цхьана хьовса программашка, тӀаккха атта хир ду шуна цуьнца чулацамах лаьцна дийца, нагахь санна иза цхьан хӀумнах ца кхеташ хилахь.<br><br>Программаш гӀодан деза берана садаӀан а, шен ойланех кхетан а. Бер нийса кхета деза шен гинчух - къамел де шайн бераца гинчух лаций.<br><br>Телевизор - берана Ӏуналла дан хӀоттийна белхало яц. Цуьндела и бер шаа ма дита цуьнга хьожуш. Шайна чулацам бевзаш, пайдехьа программ елахь, эццахь мегар ду бер ша телевизоре хьажийта.<br><br>Ма лелае телевизор берана деш долу совгӀат санна (и дика хиллехь я цо дика дешнехь), я тухуш долу гӀуда санна (бер цхьанхьа ца ларинехь). Иза чӀогӀа ларон дезаш ду. |

Kommunale Integrationszentren NRW

| | |
|---|---|
| **ДІАЙОЙУШ ХИЛА**<br>Дерриге хааман гӀирсаш (телевизор, телефон, компьютер) дӀаъ дайан цхьа кхин хӀума деш хан яккха шайн бераца цхьана юкъана: цхьани юург йойла аш, я арадовлийла шу. | Аш Ӏамо деза шайн бер телевизор, телефон, компьютер, радио йоцуш садаӀан. Аш шаьш гайтаъ деза царна, маца йойа уьш дӀа. |

# ХААМАН ГІИРСАШЦА МОТТ ІАМОР



Бераша Іамабо мотт кхечаьрца и мотт буьйцуш. Берашна цу тІехь гІодар, уьш къамел дІакхехьа Іамор къаьстан коьрта ду. Берашна атта ду шаьш Іамо хІума ловзаран кепехь Іамо, шайн хуу дерриге маьІнаш кхечаьрца доькъу цара.
Хааман гІирсаша Іаламат чІогІа гІо до мотт Іамош, амма уьш лелон хууш, аш царах пайдаэцахь. Немцойн программе хьежарх шашаха Іемаш бац мотт.

Телевизор чохь буьйцуш мотт хазарх берана гІо ца хуьлу, цо и мотт ша буьйцуш ца хилча. Дика хІоттийначу программехь беро и мотт бийца безаш, цаьрца цхьана болх бан безаш хуьлу, цуьндела цунна и сиха Іема.
Иштта ю мотт Іаморан компьютер - программш.

**Хьехар**

- Шайн бераца цхьана къастае дика хIоттийна йолу телепрограмм, цуьнан йохаллехь беро болх бан безар болуш: къамел деш, йиш локхуш, хелхадолуш, - иштта лакхадохуш шен меттан хаарш.

- Хьовса шайн бераца цхьана, муьлхачу а программе, цуьнца къамел деш, шайна хетачух лаций дагадовлуш. Иштта кхоллало ойланаш - хетарш декъаран къамел,дагадовларан къийсарш.

- Хьовса DVD-га, чулацам бевзаш хилча, программех гIолехь кхета. Шайн маттахь программ хила тарло шуьгахь DVD тIехь, хан шайн берана бIегIийла ерг нисъе.

- Гайта шайн берана компьютер тIехь цо Iамочу маттана йогIу программ. Кхечу дай-нанойх дагадовла, муьлха программш ю Iаморна пайдехьа. Компьютер программш карор шуна
  - www.kindersoftwarepreis.de
  - www.sin-net.de/paedi
  - www.internet-abc.de/eltern
  - www.spieleratgeber-nrw.de

- Деша шайн берана жайна, шайн хене хьаьжна, я хьовса цхьани суьртийн жайне. Шайна хуу дийцарш дийца цунна.

- ЛадугIу ловзарш хилийта шайн чохь, CD- я кассетана тIехь, ладогIа дийцаршка, я эшарш лекха шайн бераца цхьана, бийца чулацам.

ХАЗАХЕТАРЦА АЬТТО БОЙЛА ХААМАН ГIИРСАШЦА IЕМАШ!

**ХЬАЛХАРА КІИРА: ХААМАН ГІИРСАШЦА КХИАР**

## 1.ра де

**ХАН ХЬАН ТИДАМЕХЬ - МЕЛ ДУКХА ІА ХЬАН БЕР ЭКРАННА ХЬАЛХА?**

Шуна оьшу:

- Цхьа кехат, цхьа къолам
- Тукар
- Шира телепрограмм
- Хааман гІирсех пайдаэцаран некъаш (карлаяха агІонаш 153 - 155).

Шун беро Іамадо:

Телевизорх пайдаэца.

ТІедахкарш:

- Ойлае шайн бераца цхьана, мел дукха Іа шун бер дийнахь телевизорна хьалха (пайдаэца агІонех 153 - 155).
- Хатта шайн бере, муьлхачу программашка хьаьжна иза хьалхарчу дийнахь? Муха хир ду цуьнан кІира чекхдолуш? Хьожур ву и алсамо я кІезго?
- Язъяйта шайн бере цхьана кехатна тІехь ша хьажна программаш дІа. ХІоранна юххе латадайта телепрограммин тІера схьададьккхина цу программийца догІу сурт. Сурт ца кардахь, къоламца шаа цхьа тІамар йилла. Бер дукха кІезга телевизоре хьожуш делахь, гІоде цунна, программ дІаязъян, сурт лахан и тІелатон. Денна хьожий шун бер телевизоре? ДІаязде и хьаьжна программаш, хьовса, мел хан яйана цо телевизорна  дийнахь? (кІиранденошкахь? дийнна кІирнах?)
- Ягаръе шайн бераца цхьана, шаьш язъйина программаш, жамІа де церан

дукха ю уьш, алсам яха мегар ю, я гІаьхxьа ю) ХІокху шардарехь коьртадерг кегийра хІумнаш дац. Коьртаниг: шуна хаа деза дийнахь сарралц шайн бер (доьзал) хІун деш ду. Шаьш дай-наной хиларий терра, ойлае, реза ду шу шайн берийн ражна, я и раж хийца лаьа шуна.

Совдаьккхина тІедахкарш:

- ХІоттаде шайн бераца кхин цхьа кехат, шайн беро дийнахь деш долу хІума дІаьяздеш (буьрканах ловзу, велосипед хохку, йоьшу, самукъадоккху, эшарш лоькху, суьрташ дохку, гІаш дуьйлало икхд).
- ЖамІа де яздинчуьнна.

## 2.гIа де

**ТЕЛЕВИЗОРЕ ХЬАЖАРАН РАЖ. ХААМАН ГIИРСАШ ЛЕЛОРАН БАРАМ (=ДОЗА)**

Шуна оьшу:

- цхьа кехат, цхьа къолам
- карлаяха агIонаш 153-155
- беснаш долу кехаташ
- тукар
- стомма даш долу къолам.

Шун беро Iамадо:

Аш хIоттийначу дозана тIехь саца
Шен йиш-вешица хан екъа.

ТIедахкарш:

- 153-155 агIонаш карлайохуш, берашна бIегIийла йолу хан харжа телевизоре хьожуш
- Беснаш долчу кехатех карточкаш кечде (бос, кеп береаша шаьш хоржу).
- Язъе карточкаш тIехь хан: 5 минот - шиъ я кхоъ карта, 10 минот - шиъ я кхоъ, 15 минот - ши карта. 5 минот йолу карточкаш кегийро хуьлу, цхьана басахь долуш, 10 минот - жимма даккхийро, кхечу басахь, 15 минот - уггаре даккхий, кхозлагIчу басахь. Иштта кеп къасто мега. берана тIе ма хьаьжна кхетар долуш, мас минот ю цу карточкан тIехь.
- ДIасадекъа шайн берашна церан шерашка хьаьжна картеш, цара дийнахь уьш лелор долуш. Кхо шо долчу берана уггаре дукха 30 минот ло.
- Харжийта шайн берашка царна луу программаш.
- Къамел де шайн бераца, муьлха программ мас минотехь лаьтта, муьлха карта лелон деза цо.
- Нийсса цуьнан шерашна йогIу программ бен ма харжийта бере
- Телевизоре бер хьажа доладелча, дулий сахьт хIоттаде, цуьнан хан дIаяларца иза декар долуш
  Йиш-вашас юкъахь цхьа карточкаш лелон мега, шайн барамал телевизоре хьожуш уьш тIех ца довлийта.

## 3.гIа де

**ТОК ЙОЦУ ДАХАР - ГIИРСАШ ДОЦУ САДАIАР**

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 158-гIа агIо
- Цхьа кехат
- Цхьа къолам.

Kommunale Integrationszentren NRW

Шун беро Iамадо:
Муьлха гIирсаш лела ток йоцуш
ГIирсаш доцуш садаIа.

ТIедахкарш:

- Хьовса шайн бераца шардаран кехатийн 158 - гIа агIо, дийца шайн бераца, хIун лела токаца, стенна ца оьшу ток
- Караде шайн берана, телефон, телевизор, компьютер, радио болх ца беш висча, хазахетарца цо дийра долу хIума. ДIаязде цхьана кехатна тIехь:газет я жайна дешар, суьрташка хьажар, Uno ловзар, суьрташ дахкар икхд
- Къастаде яздинчун юкъара цхьа хIума, кхочушде иза.

Совдаькккхина тIедиллар

- Къамел де шайн бераца, муха хуьлу ток йоцу де (паргIат, хаза, сингаттаме, ирча), стенах ловзало. Ойлае, хIинцачул тIаьхьа дерриге хааман гIирсаш дIададийна денош хила деза. Иштта Iема бер телевизорнаъ, телефоннаъ, компьютернаъ дукха тIийра ца хила.

## 4.гIа де

### ЭМБЛЕМА - КЕГИРХОЙ ЛАРБАРАН НЕКЪАШ ЛОЬХУШ

Шуна оьшу:

- DVD, компьютер - ловзарш, фильмаш юккъехь хилла Германера коробкаш

Уггаре гIолехь ду аш шайн чуьра коробкаш еъча. Яцахь, жайнин цIа чуьра яло уьш.

Шун беро Iамадо:
Фильмашнаъ, ловзаршнаъ тIера хаамаш.

Германера йолу фильмаш, ловзарш, шайна тIехь царах пайдаэца йиш йолчу берийн хенаш билгал яьхний бен дукхуш дац, масала:

- гуттараъ кегийчарна билгало йоцуш
- 6 шаран тIера дуьйладелла кхиъ баккхийчарна
- 12 шаран
- 16 шаран
- 18 шаран (кегирхошна)



Шерийн барам гойту кегийчу берашна тlера кегирхошна тle кхаччалц.

Нагахь санна и фильм я ловзар берашнаъ, кегирхошнаъ зен деш дацахь, цу тlелатийна кехат хуьлу тlаьхьаборlучу чулацамца: Quelle: www.fsk.de

Масала:

Reisevideos (дуьне довзуьйту видеош)
Tierdokumentation (акхаройх лаьцна видеош)
Lehrnfilme (мотт я кхин хlума lаморан фильмаш)
Sport- und Fitnessfilme (могшаллина лерина спортивны фильмаш)
Kinderinfoprogramme (берашна лерина хаамаш)
Обязательно смотри в оригинал!!!

INFO-Programm gemäß § 14 JuSchG

LEHR-Programm gemäß § 14 JuSchG

Тlедахкарш:

- Лаха шайн бераца цхьана и этикетка тlехь йолу ловзарш, фильмаш. Муьлхачу шерашна йоrlу фильм, ловзар карийна шуна?
- Кхетаде шайн бер, хlунда билгалдаьккхина ду шерийн доза.

## 5.rlа де

**ТЕЛЕВИЗОР, ТЕЛЕФОН, КОМПЬЮТЕР, ЛОВЗАРШ. - ХIУН Ю ТIЕХЬА?**

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 159-rla arlo
- Хааман rlирсийн (телевизор, телефон, компьютер икхд) рекламан тlера суьрташ. Я rlирсаш шаьш
- Тукар
- Клей
- Кехат.

Шун беро lамадо:

v Токаца лелаш йолу бес-бесара хlумнаш йовза
Этикеткаш, церан маьlна довзаъ.

Тlедахкарш:

- Хьовса шардаран кехатийн "Компьютер, цуьнан дакъош" аьлла arlo

ЦӀе яккха хӀора декъан (шайн бераца цхьана): экран, пиллагаш, компьютерни дахк, зорбатухург, тока-сара, тока-мӀара. Ойлае шайн бераца цхьани, хӀун до цу хӀора декъо, муьлхачу хьаштана лерина ду уьш. Масала: экрано гойту компьютер чохь дерг, пиллагаша хӀора элп яздо, зорбатухурго ахь яздинарг кехат тӀе схьадоккху, токан сара, мӀараъ компьютер чу ток ялош ду.

- Лаха шайн бераца цхьана токаца лелачу кхечу хӀуманийн суьрташ, масала, рекламан тӀера. Шайн бере, тукарца схьахедош, цхьана кехатна тӀелатадайта.
- ТӀаьхьо къамел де цунах лаций.
- Кху шардарехь суьрташцаъ ца беш болх, хӀумнашца бан а мега (тиша хилча мегар ю, дӀагайта хилчхьани-компьютер, цуьнан дакъош)

Совдаьккхина тӀедиллар:

- Ловза шайн бераца цхьана. Компьютер тӀехь цхьа элп яздайта. Компьютер хьалалатаяйта. Компьютер дӀаяйита. Берийн программ лахийта. Икхд.

**ШОЗЛАГІА КІИРА: ХААМАН ГІИРСАШЦА КХИАР**

## 1.ра де

**ТЕЛЕВИЗОРЦА КЪАМЕЛ ДАР**

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 160-гІа агІо
- Берийн канал тІехь нисйина телевизор я компьютер.

Шун беро Іамадо:

Передачаш луьсташ, церан чулацамах кхетар (иштта Іема бер телепрограмм йовза). Къамел де шайн бераца, хІун ю телевизор чохь гойтуш. ХІун шовкъаш меттахйоху цу передачаш: хазахетар, сагатдар, оьгІазвахар, догдатІар, балакхачар икхд.

ТІедахкарш:

- Хьовса шайн бераца 160-чу агІон тІера суьрте, дийца цунах лаций, хІун хета шуна.
- Иштта хьажа мегар ду цхьана передаче, шайна хетарг дуьйцуш.

Бер Іема телевизоре хьожуш, нагахь санна:
1. уьш нийсачу (= пайдехьа) программе хьовсахь
2. цаьрца хьоьжуш Іачу баккхийчара царна гІодахь.

## 2.гІа де

**КЪОРЗА! ХАЗА! - БІАЬРГАШ СХЬАДЕЛЛА: РЕКЛАМА Ю!**

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 161-ра агІо
- Бес-бесара хІумнаш (бедарш, коробкаш), берашна телевизор чохь гина йолу.

Шун беро Іамадо:

Телевизоре хьожуш реклама йовза

Рекламин Іалашонех кхета

Передачин, рекламин юккъера башхалла йовза

Кхета, хІунда летадо духкучу ловзаршний, фильмашний коробкашна тІе турпалхойн суьрташ.

ТІедахкарш:

- Хьажа шайн бераца шардаран кехатин 161-чу агІоне. Цигахь гуш шиъ телевизор ю. Лакхарчохь гойтуш программ ю. Мичара хаало иза?

Экранан сонехь лаьтташ программан хьаьрк ю - логотип. Лахарчу телевизор чохь гушъерг реклама ю, цуьндела цигахь и хьаьрк яц.
- Ойлаяйта шайн бере, муьлхачу суьрта тlехь ю реклама.
- Лаха шайн бераца шайн чохь туькнара хlумнаш, тlехь суьрташ долуш, масала, SpongeBob я кхиндерг, я корта буьлу чопа Lili fee я цунах тернаг. Хатта берашка, оьцур ярий цара, тlехь сурт доцучу тlоьрмиг чуьра хlума.
- Кхетаде шайн бераш, чуьра хlума цхьаъ йоллушехь, тlийра хазниг бен ца оьцу вай. Цуьндела цу рекламо пайдаоьцу вайн лаамех.
- Тlаккхахула шаьш телевизоре хьовсуш, гlоде шайн берана реклама йовза, и чекхъяллалц, дlаяйа телевизор.

Совдаьккхина тlедахкарш:
Ловза шайн бераца: " Схьайоьллу вай реклама".
- Гlаш дуьладалархьама арадовла, рекламан сурт гарца, шун беро сихха схьаала деза.
- Лаха юхкучу хlуманна тlехь маркан хьаьрк (бедарш я компьютер ловзарш)

  Лаха йоккхачу тукнахь (Maxi-Markt, Supermarkt икхд) телевизор чохь реклама еш йолу хlумнаш.
- Немцойн телевизор чохь тlедиллина ду рекламий, программий къастош логотип лелор. Ткъа шун Даймахкахь муха ду

## 3.гlа де

### "СХЬАВОЛА, ЛОВЗА СОЬЦА." СХЬАДОЬЛЛУР ВАЙ IАМОРАН ЛОВЗАРШ

Шуна оьшу:
- Аз чlагlдаран кедашца йолу компьютер
- Компьютеран шира программ (софтвер)
- Агlонаш 153-155 карлаяха.

| |
|---|
| Iаморан ловзарш да́н мега жайнин цlа чуьра! |

Шун беро Iамадо:

Шайн хенах (шерех) лаьцна хаам бовза
Деций-ненций ловзарх самукъадала
Компьютер лело
Деций-ненций цхьа барт бан, и барт ларбан.

ТIедахкарш:

**ДАЙ-НАНОША ТIЕДАХКАРШНА БЕШ БОЛУ КЕЧАМ:**
Жайнин цIа чуьра бес-бесара ловзаран программаш ян еза. Цхьайолчу туькнашкахь эцале хьалха ловза мегаш хуьлу уьш. Цкъа шаьш хьовса цунах ловза. Цу ловзаран тIоьрмиг тIехь долчу суьртех пайдаэцийта шайн бере. Ловза дуьйладалале хьалха, кхетаде шайн бер, хIун ловзар ду и, стенах лаьцна, муха ловзу цунах.

- Харжа шайн бераца цхьа ловзар. Тидам бе шерашна хIоттийначу дозанин (0,6,12,16,18). Гlоде шайн берана ловзаран чулацам леррина дIабеша, масала:
    - ХIар ловзар акхаройх лаьцна ду.
    - Хьуна хазахета мега.
    - ХIун эр дара ахь?
    - икхд.
- Компьютер чу шега диллийта шайн бере диск. Софтвер программ цхьани компьютерна тIеяккха.
  ловза шайн бераца. Дахк лелабайта, экран тIехь гушдерг дуьйцуш хила цуьнца. 20 минотал сов ма ловза. Шаьш компьютерах ловзучу дийнахь, телевизор ма латае. 20 минот дIаяьлча, ловзар довр доцуш шен меттехь чIагIдан деза, компьютер дIаяйан еза.
- Хатта шайн бере, хазахетти цунна ловзар. ХIун хетта къаьстан хаза? Лаьарий цунна юхаа ловза?

## 4.гIа де

### ЛАДОГIАЛ ЦКЪА! ХЬАЙН ХIУСМЕЧУХУЛА ВОЛАВАЛАР

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 162-гIа агIо
- Хьайн хIусмехь бIегIийла меттиг
- Денна лелош долу хааман гIирсаш (радио, телефон, телевизор, CD-плеер).

Шун беро Iамадо:

Леррина ладогIаъ, шена гонахара дахар ма дарра ган а.

ТIедахкарш:

- Шайн чохь бlегlийла меттиг лахий, охьаховша шайн бераца тийналлехь. Хlун хеза шуна?
- Хатта шайн бере, хlун хеза цунна. Дагарде шайна хеза аьзнаш, татанаш, шабарш. Мичара догlу уьш? Телевизоран, компьютеран, радион гlоовгlа ян юй цу юккъехь?
- Хьовса шайн бераца 162чу агlоне, дийцита цуьнга, хlун ду цигахь.

Совдаьккхина тlедахкарш:

- Шаьш гlовгlане лаъдугlуш lаш, тlекъовла бlаьргаш. Хlун синхаам меттахболу шун дагчохь?
- Дlадайа дерриге хааман гlирсаш. Ладогlа. Хlун хеза шуна?
- Хьалалатае телевизор, компьютер, радио. Хlун хеза шуна хlинца?
- Къамел де шайн бераца шайна мел хезначух лаций. Къаьстан хааман гlирсаш летта долуш, тlаккха дlадайина долуш йолчу башхаллех лаций.
- Дlаязъе кехат тlе шайн чуьра гlовгlанаш.

## 5.гlа де

**ЛЕРГАШНА ДААР - ЛАДУГlУ ЛОВЗАРШ**

Шуна оьшу:

- CD-плеер, магнитофон
- Цхьа ладугlу ловзар.

| Ладугlу ловзарш да́н ло жайнин цlа чуьра. |
|---|

Шун беро lамадо:

Кхетамца ладогlа
CD-плеер лелон.

Тlедахкарш:

- Ладогlа шайн бераца цхьана ловзаре. Тидам бе, мас шо кхаьчначу берана магийна ду и.
- Хатта шайн бере, муьлха ловзар хазахета цунна.
  Хlун хазахийтара цунна къаьстан? Мила хазахийтара цунна? Стенах лаьцна ду цунна хазахета ловзар? Икхд.

Совдаьккхина тlедиллар:

- Ладогlа шайн бераца дуьненчуьра керланаш довзуьйтучу радио чуьра программе.
  Къамел де шайн бераца, муха хийта цунна и программ.

## КХОЗЛАГIА КIИРА: ХААМАН ГIИРСАШЦА КХИАР

### 1.ра де
**"СО ХЬОЬЖУ ХЬАН БІАЬРГАШ ЧУ". БЕР ТЕЛЕВИЗОР ХЬАЛХА ТЕРГАЛДАР**

Шуна оьшу:

- Цхьа телевизор
- Цхьа кехат, къолам.

Шун беро Iамадо:
Шуьца цхьани телевизоре хьажа
Шен ойланаш гайта.

ТIедахкарш:

- Хьажа шайн бераца телевизоре, тергалде шайн бер, маца делало и, муьлхачу меттехь сагатдеш догIаделла хуьлу икхд
- Гайта шайн берана и фильм хьокъехь шайна хетарг, цхьана дашца, я предложеница: "нийса-м боху", "хаз ву хIар" икхд

Дегlан мотт чIогIа маьIне бу, гуттараъ бацахь. Цхьайолчу халчу я сингаттаме меттигашкахь синпаргIато луо хьайн берана. ГIоде гушдолчух нийса кхета я дагчохь, кино чохь гинарг бахьна долуш, ца оьшу къахьалла ца йита.

### 2.гIа де
**КЕХАТ ТІЕХЬ ДИЙЦАР - ЦХЬАНТОЬХЧА ЖАЙНА**

Шуна оьшу:

- Суьртин жайна, хааман гIирсех лаьцна.

Шун беро Iамадо:
Дийцаршах лаьцна къамел дан
Адмашца вистхила.
Гинарг, хезнарг схьадийца.

тIедиллар:

- Хьажа хьайн бераца суьртин жайна я деша. Юккъехула хоттуш хила хьайн бере суьртех лаьцна, я жайнин чулацамах лаьцна. Аз хуьйцуш, дахарех тардеш деша жайна.

Совдаькккхина тӀедиллар:

- Шайн берех дагадовлий, цхьа меттиг билгал яккха жайнеш дӀахӀитто. Берашна хазахета югӀ-югӀаъ цхьа жайна доьшуш лаъдугӀуш. Цуьндела шун бер тӀекхочехь хила деза уьш, цунна ма лиънехь схьаэца йиш йолуш.

## 3.гӀа де

**Bilder im Kopf - Wir malen unsere Medienerlebnisse**

Шуна оьшу:

- Доккха кехат
- Беснаш долу къоламаш
- Шардаран кехатийн 163-гӀа агӀо.

Шун беро Ӏамадо:

Шен шовкъанех кхета
Телевизорца, компьютерца, плеерца йоьзна ойланаш йовза
Кхечу адмех паргӀат дагавалар.

Телевизоре хьожуш беро зуь хийла диканиг, вуониг. Цара шайх чекхдоккху самукъадалар, хазахетар, сагатдар, иштта го царна ирчаниг, хазниг, кхерам, паргӀато.
Берана вуо я дика хетарг, воккхачо кхечу агӀора тида мега. Воккхачунна къаьстан вуо, чолхе хетарг, берана атта хила тарло.
Коьрта ду: шу шайн берех кхетар, цунна гӀодар, шен ойланаш, телевизорца йоьзна йолу, нийсачу хорше яха.

ТӀедахкарш:

- ГӀо де шайн берана шена телевизор чохь гинчух цхьа сурт дилла, масала: хӀун хийтира хьуна уггаре хаза? Я мила хийтира хьуна уггаре дика? Икхд
- Хьайна хазахета турпалхочун сурт дилла айхьаъ.
- ЛадогӀа шайн бере цо шена хетарг дуьйцучу хенахь, юкъах ма даккха, паргӀата дита и аьлла даллалц. Хьажа цо диллинчу суьрте, цхьацца хаттар де, шайна лаахь
- ТӀаккха шун беро шуьга дан мегар ду хаттарш, аш диллинчу суьртах лаьцна
- Хьовса шайн бераца 163чу агӀоне, дийцита цуьнга, хӀун ю цу тӀехь

Совдаьккхина тӀедахкарш:

- Хатта шайн бере, хӀун ца дийзара цунна телевизоре хьожуш уггаре чӀогӀа? ХӀунда ваханера хьо оьгӀаз? ХӀуммаъ дарий цу чохь хьо кхерош? Гиний хьуна хьайна везачу турпалхочо цхьа Ӏовдала хӀума деш? Муха хийтара хьуна, цо и дича? икхд
- Диллийта шайн бере шен ойланех лаьцна сурт (телевизор чохь гинчу хьокъехь).

| |
|---|
| Хаттарш де шайн бере, иза къамеле ваккха. Ма дарра хаттара гӀолехь ду, беро дуьхьал нийса жоп даларна. ГӀо де шайн берана шех а, шен гонаха долчух а кхета. Ма хатта цуьнга: Хазахийтарий хьуна, тӀаккха цо "хӀаъ" я "хӀан-хӀа" эра ду. Хатта: хӀунда хийтара хьуна хаза, я хӀунда хийтара хьуна хала. Ишттачу хаттаро гӀодо берана шен ойланаш йийца. |

## 4.гӀа де

### БӀАЬРГАША ЛЕВАР - ТАМАШЕНА ВОРДА

Шуна оьшу:

- Шардаран кехатийн 164 - 167гӀий агӀонаш
- Тукар
- Клей
- Эчиган банки тӀера негӀар я картон
- Онда тай, шиъ пха.

Шун беро Ӏамадо:

Бӏаьрг лебеш диск дан.

ТӀедахкарш:

- Вовшахтоха шайн бераца цхьана оьшуш болу гӀирс, дӀасабаржабе стоьла тӀехь. Дукхохдолу хӀума бере шега дайта, шаьш гӀоъ деш. Диск лелаш хилийта, и чӀогӀа нийса дан деза.
- Схьадаккха гобаьккхина 164чу агӀон тӀера Dinoсурт. Тидам бе: хьаькхначу сизана тӀехула нисса леладе тукар, пурх хадо ца мега! И ши гуо цхьана хӀотта безаш бу.
- Каралаца наштар негӀар я картон нийса динозавран барамехь схьахададе.
- НегӀарна дуьхь-дуьхьал шина йистехь цхьацца Ӏуьрг даккха. (хьажа агӀо 165). Ӏуьргаш долчохь пха чӀагӀбе.
- Шайн бере бустаман хьалхарчу агӀонна ворданан сурт тӀелатадайта, хьаькхначу сизана тӀехула чусаттабе бустам, тӀаккха картонна

тӀелатабе. И ши сурт кортошца дуьхь-дуьхьал хила деза (хьажа агӀо 166).

- Диск лелон кийча ду. Схьалаца шина агӀора пхенаш шин куьйгин шишша пӀелгашца - нана пӀелг, хьажо пӀелг. Керчабе пха пӀелгашна юккъехь, диск хьийзар долуш (хьалха - тӀехьа). И ши сурт цхьаъ тарло: динозавр ю тотту ворда хаьхкина йоьдуш.
- Берашна цу кепара и дан хала делахь, ши пха пӀелгашна юккъехь латтош, хьовзаде диск шена гонаха, тӀаккха пха дӀасаозабе.

## 5.гӀа де

**СУЬРТИЙН ХӀЕТАЛ-МЕТАЛШ. - ГӀАМАРШКАХУЛА ХЬАЙН БЕЪ ПЕНАН ЮККЪЕХЬ.**

Шуна оьшу:

- Камера я мобильник (камеран тӀехь нисйина).

Шун беро Ӏамадо:

Камера лелон
Дикка тидам бан.

ТӀедахкарш:

- Шайн бераца цхьана иэдина суьрташ дӀахӀиттаде.
- Гайта шайн берана камера муха лелайо. ХӀоттае камера махi тӀе, цо хӀума йоккха гойтур йолуш (махi карор ю меню юккъехь тюльпан зезагна бухахь).
- Юххе тӀехьо камера шаьш сурт доккхучу хӀуманна, цуьнан цхьа дакъий бен чу ца лоцуш, сурт даккха. Иштта даха суьрташ цу хӀуманна ерриге дакъойн, чаккхенехь и хӀума ерриге схьагуш сурт даккха. Хьожуш хила хьоъ, хьан бер сурт цӀена даккха.
- Цу кепара масех суьртех хӀетал-металш кечдо. Шайн бере алсамо дахийта суьрташ. Муха ловзу хӀетал-метал суьртех? Иэде дакъош тӀехь долу суьрташ, охьадахка стоьлан тӀе (я латта). ДӀакъастаде царна юккъера дийна хӀумнаш гойту суьрташ.
- Ткъа уьш вовше ген-гена дохкуш, лакхарчу могӀарехь охьадахка мегар ду, беранна гӀонна, оьшучу хенахь тӀехьажа.
- Схьаалийта шайн бере, муьлхачу хӀуман дакъа ю цуьнан карахь. Цу хӀуманна буха (вай лакххахь дийначу хӀуманийн кечбина могӀа!) охьадиллийта сурт. Цу кепара дакъош дӀасаъ дохуш, вошахтуху аш йол хӀума. Масала, неӀ, ишкап, мутт доккху машен икхд.

Совдаьккхина тӀедахкарш:

- Алсамо даха хӀетал-металсуьрташ, вовшахтоха дакъойх шаьш суьрташ даьхна хӀумнаш.
- Шуьца дакъалоцуш шун доьзалера кхин адам хила тарло. Кечде шайн бераца дакъойн суьрташ, ткъа вукхо вовшахтоха дийна сурт.
- ХӀетал-металх ловзало камеран я телефонан тӀехь.
- Компьютерна я телевизорна тӀехь ловза гуттараъ бӀегӀийла хир ду.